

WULAN BRAYAT
2019

MANCALA
MENYANG ING
PANGGONAN
KANG JERO



Wulan Brayat 2019

Jejer:

“MANCALA MENYANG ING PANGGONAN KANG JERO”

Kawedalaken déning:

Lembaga Pembinaan dan Pengaderan

Sinode Gereja-Gereja Kristen Jawa dan Gereja Kristen Indonesia Sinode Wilayah Jawa Tengah

Samironobaru no. 77 Kompleks LPP Sinode Yogyakarta

Telpón: 0274-514721

Fax: 0274-543001

Kanggé nggantos béya nyétak (déréng kalebet béya ngintun) Rp.

ATUR SAPALA

Wulan Oktober dados wulan ingkang damel bingah tumrap brayat-brayat GKJ lan GKI SW Jateng awit wulan Oktober punika Wulaning Brayat ngraos-raosaken adegging gesangipun. Kawula ngajab supados ing Wulan Brayat punika saben brayat saged ngraos-raosaken pakaryaning Allah ingkang nganthing, mberkahih saha ngayomi brayat anggènipun nglampahaken baitaning gesangipun. Pramila punika, ageng pangajeng-ajeng kawula supados saben brayat saged ngelengkaken wekdal saking mawarni-warni kegiyatan padintenan supados sami saged lenggah sesarengan wonten ing pakempalan-pakempalan pandonga, dadosa sesarengan wonten ing brayat, mekatena ugi wonten ing wilayah (kring/blok), lan ugi wonten ing gréja.

Wonten ing Wulan Brayat 2019 punika, kita badhé ngraos-raosaken jejer "Mancala Menyang ing Panggonan kang Jero ...". Jejer punika kapethik saking pangandikanipun Gusti Yésus dhumateng para sekabat ingkang sinerat ing Injil Lukas 5:4. Kanthi mancalaken prau dhateng papan ingkang langkung jero, para sekabat saged pikantuk ulam kathah. Panci ing papan ingkang langkung jero padatanipun wonten risiko ingkang langkung kathah. Ananging ing suwaliking risiko kasebat mesthi wonten berkah ageng ingkang kacawisaken.

Ibarat prau ingkang dipun emoti para sekabat, mekatena ugi gesangipun brayat. Wonten mawarni-warni tantangan dipun prangguli awit pepanggihanipun kaliyan mawarni-warni kedadosan. Awit saking punika brayat mbetahaken cepengan saha ener ingkang cetha. Ing wekdal samangké kita minangka brayat nembé wonten ing jaman *disrupsi*. Punapa ingkang kasebat jaman *disrupsi* punika? Wonten ing bahan dhasar lan ugi ing bahan-bahan sanès ing buku punika, kita saged mangertos bab kasebat.

Minangka bahan, buku punika temtu ngandhut kathah kekirangan. Awit saking punika supados saged dipun pigunaaken kanthi saé, kaaturan pasamuwan sami ngolah malih

bahan-bahan punika kacundhukaken kaliyan kawontenan saha kabetahaning pasamuwan piyambak-piyambak.

Wontenipun Buku Wulan Brayat punika awit pambiyantunipun kanca-kanca tunggil paladosan ingkang sampun sesarengan ngrembag, menggalihaken saha nyawisaken bahan-bahan punika. Awit saking punika keparengna kawula ngaturaken agenging panuwun dhumateng:

1. Pdt. Elia Dwi Prasetya (Bidang PWG Bapelsin XXVII GKJ)
2. Pdt. Maria Puspitasari (Bidang PWG Bapelsin XXVII GKJ)
3. Pdt. Yonatan Wijayanto (BPMSW GKI SW Jateng)
4. Pdt. Benaya Agus Dwi Hartanto (BPMSW GKI SW Jateng)
5. Pdt. Doni Setiawan (pendeta GKJ Tuntang Timur)
6. Pdt. Jaryono (GKJ Ampel)
7. Pdt. Yoel M. Imdrasmoro (Deputat Litbang Sinode GKJ)
8. Bp. Saptono (Staf LP3S Salatiga)
9. Pdt. Adi Setyo Kristiyanto (GKJ Randuares Salatiga)
10. Pdt. Helen Manurung (GKI Salatiga)
11. Pdt. Sony Kristiantoro (GKI Soka Salatiga)

Ugi dhumateng Bp. Pdt. Em. Darsono Eko Noegroho, Ibu Pdt. Em. Wieddwissoeli M. Saleh, Bp. Pdt. Sulendro Parto Atmojo ingkang sampun mbiyantu mertal sapérangan bahan-bahan ing buku punika.

Mugi-mugi bahan-bahan ing buku punika munpangati tumrap gesangging brayat-brayat Kristen anggènipun ngraos-raosaken sih saha kanugrahanipun Gusti Allah wonten ing lelayaraning baitaning brayatipun piyambak-piyambak.

Ngayogyakarta, Agustus 2019

Salam katresnan,
PPP LPP Sinode GKJ dan GKI SW Jateng:
Pdt. Wisnu Sapto Nugroho
Pdt. Addi S. Patriabara
Pdt. Murtini Hehanussa

DHAPTOR ISI

| | |
|-------------------|-----|
| Atur Sapala | i |
| Dhaptar Isi | iii |

Bahan Khotbah

| | |
|-----------------------------------|----|
| Minggu I, 6 Oktober 2019 | 1 |
| Minggu II, 13 Oktober 2019 | 7 |
| Minggu III, 20 Oktober 2019 | 13 |
| Minggu IV, 27 Oktober 2019 | 19 |

Bahan Tata Panèmbah

| | |
|-----------------------------------|----|
| Minggu I, 6 Oktober 2019 | 25 |
| Minggu II, 13 Oktober 2019 | 39 |
| Minggu III, 20 Oktober 2019 | 49 |
| Minggu IV, 27 Oktober 2019 | 59 |

Bahan Panyuraos Kitab Suci Brayat

| | |
|-------------------------------------|----|
| Panyuraos Kitab Suci Brayat 1 | 69 |
| Panyuraos Kitab Suci Brayat 2 | 77 |
| Panyuraos Kitab Suci Brayat 3 | 83 |
| Panyuraos Kitab Suci Brayat 4 | 89 |

Bahan Panyuraos Kitab Suci Adiyuswa

| | |
|-------------------------------------|----|
| Panyuraos Kitab Suci Adiyuswa | 93 |
|-------------------------------------|----|

Bahan Pakempalan Pandonga

| | |
|-----------------------------|-----|
| Pakempalan Pandonga 1 | 101 |
| Pakempalan Pandonga 2 | 107 |
| Pakempalan Pandonga 3 | 113 |
| Pakempalan Pandonga 4 | 119 |
| Pakempalan Pandonga 5 | 125 |
| Pakempalan Pandonga 6 | 129 |

Bahan Khotbah



**Minangka satunggaling
bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika
prelu dipun olah malih jumbuh
kaliyan kawontenanipun
pasamuwan piyambak-
piyambak.**

Bahan Khotbah I Minggu, 6 Oktober 2019

Waosoan Kitab Suci

Waosoan I: Habakuk 1: 1-4; 2: 1-4

Tanggapan: Jabur Masmur 37: 1-9

Waosoan II: 2 Timotius 1: 1-14

Waosoan Injil: Lukas 17: 5-10

IMAN TUWIN PAKARYAN



Ancas:

1. Umat mangertos maknanipun gesang pitados dhumateng Gusti Allah sesambeden kaliyan pakaryaning gesang padintenan.
2. Umat mbabar gesang pitados dhumateng Gusti Allah lumantar tumindaking pakaryan padintenan.

KHOTBAH JANGKEP

IMAN TUWIN PAKARYAN

Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus.

Suwargi bapa Pdt. Em. Eka Darmaputera naté nganggit geguritan kanthi jejer “*Doa Gadis Pembantu Rumah Tangga*”. Makaten suraosing geguritan punika:

Doa Gadis Pembantu Rumah Tangga

*Tuhan dari setiap poci dan panci
Aku tidak punya waktu
Bukan pula seorang akhli,
Untuk menjadi anak-Mu
Dengan mengerjakan yang suci-suci.
Tapi jadikanlah aku anak-Mu
Melalui makanan yang kusaji.*

*Jadikanlah aku anak-Mu
Melalui piring-piring yang kucuci.
Hargailah dapur ini dengan kasih-Mu
Terangilah dapur ini dengan sinar-Mu!
Sama seperti ketika Dikau menyajikan makanan di tepi
danau
Atau ketika Perjamuan Malam.
Dang terangilah pekerjaanku yang sehari-hari ini
Yang kukerjakan bagi dikau sendiri.*

Lumantar pandonganipun, prawan ingkang nyambut-damel ing satunggaling brayat kagunganing bendaranipun, tetéla kados punapa katresnan saha imanipun prawan wau dhumateng Gusti Allah. Prawan wau nélakaken katresnanipun dhumateng Gusti Allah lumantar pakaryan utawi tindak-tanduk padintenanipun. Pakaryanipun katindakaken kanthi katresnan sarta mboten nuntut punapa kémawon dhateng bendaranipun. Makaten iman ingkang dipun raosaken langkung jangkep ing salebetung kawicaksanan saha tumindaking iman kababar wonten ing gesang padintenan.

Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus Kritus, Pancadan saking geguritan prawan punika, wonten satunggaling pitakénan ingkang prelu dipun suraos. Punapa ingkang badhé kelampahan, nindakaken pakaryan utawi patraping gesang padintenan tanpa dipun talesi kanthi iman dhumateng Gusti Allah? Wonten ing salebetung pirembagan panyuraos Kitab Suci, salah satunggalipun tiyang ingkang tumut ing panyuraos Kitab Suci punika ngandika bilih nindakaken gesang tanpa iman dhumateng Gusti Allah makaten temtu kémawon saged. Awit, manungsa punika titah ingkang otonom utawi madeg piyambak, saged nindakaken sadaya prekawis kanthi sawetahing daya tuwin kasagedan ingkang wonten ing gesangipun. Pangandikanipun salah satunggaling tiyang ingkang tumut ing panyuraos Kitab Suci Punika salajengipun nuwuhaken pirembagan gayeng ing salebetung pepanggihan panyuraos Kitab Suci. Punapa leres manungsa punika otonom? Kados punapa wataking otonom ing gesangipun manungsa? Manungsa katitahaken

dénинг Gusti Allah ing salebeting kawontenan ingkang langkung saking satunggal pérangan. Wonten pérangan badan/jasmani, sosial, jiwa, ugi karohanèn. Nalika satunggaling tiyang ketaman sakit badan utawi jasmaninipun, manahipun mboten tentrem temah kepéngin ngudi pulih saha sarasing badanipun. Makaten ugi nalika jiwanipun tiyang gesang keganggu. Pulihing kawontenanipun jiwa kedah énggal dipun usadani. Ananging émanipun, pérangan karohanèn asring dipun lirwakaken. Samangsa péranganing karohanèn ngraosaken keganggu utawi sakit, asring dipun lirwakaken. Punapa ingkang kelampahan? Ingkang kelampahan manungsa badhé ngalami suwunging batos. Dayaning batos ingkang suwung punika badhé ndadosaken manungsa gampil dipun obat-abitaken déning sawernining kawontenan. mBoten wonten ener tuwin ancasing gesang ingkang cetha. Ing ngriki wigatosipun iman dhumateng Gusti Allah. Iman utawi pitados dhumateng Gusti Allah andamel manungsa pitados sarta dipun pitados déning Gusti Allah, sumbering gesang saha kawilujengan. Awit saking punika nindakaken padamelan, pakaryan, tuwin tumindak padintenan tanpa iman dhumateng Allah, prakawis punika saged kémawon katindakaken. Ananging ing salebeting pakaryan sarta tumindak ingkang dipun ayahi, manungsa mboten nggadhahi cepenganing gesang sarta ing salebeting manah ingkang suwung.

Lumantar Injil dinten punika, kita ngraos-raosaken bab kados-pundi pitadosing gesang kita dhumateng Allah mrabawani tumindak kita sarta kadospundi tumindaking gesang padintenan kita mrabawani gesang kapitadosan kita. Lukas nyerat punapa ingkang dipun tindakaken déning para murid sasampunipun sami mirengaken pitutur werni-werni saking Gusti Yésus. Nalika semanten Gusti Yésus nembé kémawon ngendikakaken pitutur bab badhé wontenipun panasaran ing salebeting gesang padintenan (Lukas 17: 1). Supados para murid kalis saking penasaran, para murid kedah sami ngreksa badanipun piyambak sarta sami déné mituturi satunggal lan sanèsipun (Lukas 17: 3). Menawi wonten satunggaling sadhèrèk ingkang dhumawah ing kalepatan, tumunten mirengaken pamelèh lajeng kaduwung, sadhèrèk ingkang kaduwung punika kedah dipun apunteni

(Lukas 17: 4). Para murid ngrumaosi bilih penasaran punika wau celak sanget kaliyan gesang padintenanipun. Menawi para murid sami ketlompèn utawi léna, para murid saged ketaman panasaran. Dayaning panasaran wau njalari icaling cepengangan gesang dhumateng Allah. Awit saking punika, para murid tumunten munjuk atur dhumateng Gusti Yésus, Gusti lan Gurunipun, "Kawula mugi sami kaparingan kapitadosan!" (Lukas 17: 5).

Punapa wangulanipun Gusti Yésus dhateng panyuwunan punika? Dhumateng panyuwunanipun para murid, Gusti Yésus paring pangandika kanthi satunggaling pepindhan bilih "Menawa kowé" (Lukas 17: 6) nggadhahi kapitadosan ingkang alit kémawon, para murid badhé saged mindhah wit anjir dhateng dhasaring seganten. "Menawa," "saupama." Kasunyatanipun? mBoten! Awit ingkang kelampahan malah para murid ngetingalaken mboten utawi kirang pitadosipun, nalika para murid nyuwun dhumateng Gusti Yésus supados dipun paringi kapitadosan. Sasampunipun punika, Gusti Yésus paring piwucal bab patrapipun abdi ingkang tuhu setya nindakaken jejibahanipun, ingkang mboten nagih punapa-punapa saking bendaranipun. Abdi ingkang tuhu setya punika malah saged matur bilih piyambakipun punika namung abdi-abdi ingkang tanpa gina, amargi namung sami nindakaken punapa ingkang dados kuwajibanipun. Nengsemaken sanget! Panyuwunanipun para murid supados kaparingan tambahing kapitadosan, malah dipun wangsuli kanthi piwulang bab patrapipun abdi ingkang makarya kanthi setya tanpa nuntut werni-werni.

Lumantar pasemon bab bendara lan abdi (Lukas 17: 7-10), Gusti Yésus maringi pitutur dhateng para murid bilih iman utawi kapitadosan lan pakaryan punika nyawiji, mboten saged dipun pisahaken. Kanthi mbabar tumindak kados ingkang dipun wucalaken Gusti Yésus, iman/kapitadosan badhé dipun wewahi. Punapa ingkang dipun andharaken Gusti Yésus? Ngéstokaken karsanipun Gusti tanpa pamrih, kanthi andhap asor, mboten nuntut pituwas punapa-punapa. Punika wujuding tumindak

tulus-ékhlas, tumindak ingkang mujudaken patraping iman/kapitadosan ingkang sayekti.

Iman lan tumindak kados ingkang dipun ngendikakaken Gusti Yésus dhateng para muridIpun wajib kita wujudaken ing gesang padintenan. Tumindaking paladosan ingkang tanpa pamrih badhé mawujud menawi ing ngriku wonten katresnan. Katresnan ndadosaken saben tumindak ingkang dipun lampahi mrabawani dhateng sesami sarta dhateng gesang kita piyambak. Salah satunggaling daya pangaribawa dhateng gesang kita piyambak punika iman ingkang dipun wewahi déning Gusti Allah.

Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, Katresnan ndadosaken pakaryan ingkang katindakaken punika mrabawani dhateng sesami. Iman ingkang kababar wonten ing tumindak ugi makaten. Kanthi makaten, katresnan, iman, sarta tumindak mujudaken manunggalin rerangkèn ingkang sanggit-sinanggit. Tetiganipun punika temtu kedah kabereg tuwuhipun wonten ing gesang lan brayat, awit brayat makaten dados papanipun kanggé ndhedher katresnan, iman, lan tumindak nyata. Patuladhanipun Lois lan Eunike ndayani sanget tumrap gesangipun Timotius.

Rasul Paulus nyipati dhateng tulus-éklas tuwin santosaning kapitadosan/iman ingkang kababar ing gesangipun Timotius punika mboten linggar saking piwulanging gesang kadosdéné ingkang dipun tuladhani déning Lois lan Eunike. Anggènipun nyebat “embahmu-putri Lois lan ibumu Éunike” nélakaken bilih iman/kapitadosan punika nular. Pratélan ingkang makaten punika dados tetalesing pituturipun Rasul Paulus, supados Timotius nularaken utawi ngrembakakaken kapitadosan /imanipun kanthi makantar-kantar ing salebetipun olah paladosan. Sajakipun saweg wonten pepalang ingkang tumanduk ing gesanging pasamuwan ingkang dipun ladosi déning Timotius (2 Timotius 3). Rasul Paulus kanthi wanti-wanti ngandika: “Pancèn saben wong kang nedya urip kalawan nindakaké pangibadah ing sajroné Kristus Yésus, iku bakal

tampa panganiaya.” (2 Timotius 3: 12). Kadospundi caranipun Rasul Paulus ngiyataken Timotius? Kanthi ngémutaken saiba ngédab-édabi tuladhaning gesang ingkang sampun dipun téjakken déning pun embah-putri Lois lan ibu Éunike. Atetales tuladha punika, Rasul Paulus nélakaken bilih sih-rahmatipun Gusti Allah badhé nuwuhaken kakiyatan, katresnan, lan kateriban ing gesangipun tiyang pitados supados mboten jirih (2 Timotius 1: 7) sarta mboten lingsem (1 Timotius 1: 8 dipun ambali malih ing ayat 12). Awit Gusti Allah sampun nélakaken sih-rahmatipun (2 Timotius 1: 18). Awit saking punika, gesang punika nindakaken pakaryan kagem Gusti, kanthi cara martosaken saha ngrimati Injiling kabar kabingahan minangka rajabrama ingkang éndah (1 Timotius 1: 14).

Para sedhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti,
Ing minggu kapsian wulan brayat punika, pangandikanipun Gusti ngiyataken kita supados sami gesang pitados lumantar tumindak ingkang kita lampahi kanthi katresnan. Prakawis punika dados wigatos. Awit wonten ing gesang padintenan kita, pepanggihan kaliyan kasunyatan-kasunyatan mujudaken kawontenan ingkang temtu kelampahan satemah mboten saged dipun énggati. Lumantar jejing Wulan Brayat “Mancalao Menyang Ing Panggonan Kang Jero”, kados ingkang dipun ngendikakaken déning Gusti Yésus dhateng para muridipun, badhé kita wujudaken wonten ing pakaryan padintenan ingkang kebak pepalang sesarengan kaliyan brayat sarta sesarengan kaliyan Gusti Yésus Kristus. Wilujeng lumebet ing wulan brayat tahun 2019. Gusti nunggil kita sami.

Amin.

DS-WSN-DEN

Bahan Khotbah II

Minggu, 13 Oktober 2019

Waosoan Kitab Suci

Waosoan I: 2 Para Raja 5: 1-3, 7-15

Tanggapan: Jabur Masmur 111

Waosoan II: 2 Timotius 2: 8-15

Waosoan Injil: Lukas 17: 11-19

**WANTUN
NYUWUN,
WANTUN
CAOS SOKUR**



Ancas:

1. Umat mangertos maknanipun ngucap sokur.
2. Umat nyawang lan ngétang berkahipun Gusti ing gesangipun, ngantos saged nglairaken atur panuwun sokuripun dhuma-teng Gusti Allah.

KHOTBAH JANGKEP

WANTUN NYUWUN, WANTUN CAOS SOKUR

Pasamuwan ingkang dipun tresnani déning Gusti Yésus Kristus, Tangi énjing punika berkah.

mBoten sakit-sakiten punika berkah.

Saged tangi saking patileman, punika berkah.

Saged nedha lan ngombé, punika berkah.

Saged nindakaken padamelan, punika berkah.

Saged kempal kaliyan brayat punika berkah.

Saged ngaso lan tilem, punika berkah.

Punapa panjenengan nyarujuki rerangkèning tembung-tembung ing nginggil punika? Punapa panjenengan mirsani bilih sadaya rerangkèning tembung-tembung wau minangka berkah? Utawi punapa prakawis punika mujudaken lelampahan ingkang namung limrah kémawon wonten ing gesang kita? Kadospundi panyawang kita dhateng gesang kita punika badhé nemtokaken

tanggapan kita dhumateng Gusti Allah. Kelairing atur sokur dhumateng Gusti Allah ugi gumantung kaliyan kadospundi tanggapan kita dhumateng saben prakawis ing gesang kita. Asring kita mboten saged saos sokur dhumateng Gusti Allah saged kelampahan amargi:

1. Kita nganggep bilih berkah punika prakawis ingkang limrah-limrah kémawon.
2. Bingah sanget ngantos kita kesupen caos sokur dhumateng Guti Allah.

Para Sadhèrèk ingkang kinasih.

Naaman, sénapatinipun Raja Aram, panjenenganipun nandhang gerah kusta, sarta kepéngin sanget pulih kasarasanipun saking anggènipun gerah, mila lajeng tindak manggihi nabi Elisa, nyuwun supados gerahipun kabirat. Nabi Élisa tumunten ngaturi Sang Sénopati Naaman supados siram kaping pitu wonten ing benawi Yardèn, temah sariranipun Sang Sénopati Naaman badhé pulih sarta badhé dados resik. Sekawit, pamundhutipun nabi Elisa dipun paiben déning Sang Sénopati Naaman. Ananging wusananiipun Sang Sénopati Naaman netepi punapa ingkang dados pamundhutipun nabi Élisa. Sasampunipun Sang Sénopati Naaman slulup kaping pitu ing bengawan Yardèn, wasana sariranipun Sang Sénopati Naaman sanalika waras saèstu. Sasampunipun sariranipun èstu-èstu pulih waras malih, Sang Sénopati Naaman caos sokur dhumateng Gusti Allah lumantar caos pisungsung dhumateng nabi Élisa.

Sang Sénopati Naaman mirsani punapa ingkang tumanduk ing badanipun punika mujudaken satunggaling prakawis ingkang wigatos sanget tumrap gesangipun, mila panjenenganipun saged caos sokur dhumateng Gusti Allah lumantar nabi Élisa. Menawi Sang Sénopati Naaman mirsani bilih kasarasanipun punika mujudaken prakawis ingkang limrah kémawon ing gesangipun, mila panjenenganipun mboten badhé caos sokur dhumateng Gusti Allah. Panjenenganipun wantun nyuwun, ugi panjenenganipun wantun caos sokur. Sang Juru Masmur ugi ngraosaken sapinten kasaénanipun Gusti Allah dhateng gesangipun, ngantos piyambakipun nélakaken sapinten

kaélokakening pakaryanipun Gusti Allah tumrap gesangipun. Tegesipun Sang Juru Masmur saged ngraosaken bilih punapa ingkang dipun paringaken déning Gusti Allah dhateng gesangipun punika satunggaling prakawis ingkang wigatos sanget kanggé gesangipun. Raos ingkang makaten punika mberek gesangipun caos sokur dhumateng Gusti Allah.

Ingkang damel sengseming manah kita ing waosan Kitab Suci dinten punika, kadospundi Rasul Paulus mberek Timotius supados pethel lan panggah martosaken katresnanipun Gusti Allah sinaosa kedah ngadhepi panandhang rupi-rupi. Rasul Paulus kagungan pamanggih bilih satunggaling panandhang ing salebetung martosaken Injiling Kaleresan mujudaken berkah kanggé gesangipun tiyang pitados dhumateng Sang Kristus. Panggah ing salebetung panandhang kawatas minangka wujuding sokur dhumateng Gusti Allah, amargi sinten kémawon ingkang panggah ing salebetung panandhang sesarengan kaliyan Gusti Yésus, tiyang punika badhé nampèni gesang langgeng. Kanthi mawas satunggaling panandhang minangka berkah, kita badhé saged ngaturaken sokur dhumateng Gusti Allah.

Wonten ing waosan Injil, kita kaparingan gambaran kalih ingkang béda. Wonten tiyang ingkang mangertos ngaturaken panuwun, lan wonten tiyang ingkang mboten mangertos ngaturaken panuwun. Nalika semanten Gusti Yésus nyarasaken tiyang sakit kusta/budhugen cacahipun sadasa, ananging namung wonten tiyang satunggal ingkang wangsl marek ing ngarsanipun Gusti Yésus, kanggé caos sokur lan ngaturaken panuwun déné tiyang ingkang sakit kusta punika sampun kasarasaken. Éwadéné tiyang sanga sanèsipun ingkang ugi sampun kasarasaken mboten wangsl ing ngarsanipun Gusti Yésus. Prakawis punika kelampahan amargi tiyang sanga wau nganggep bilih kasarasan ingkang katampi punika namung mujudaken peparingipun Gusti ingkang limrah kémawon, utawi tiyang sanga wau kesupèn dhateng Gusti Yésus ingkang nyarasaken amargi tiyang sanga punika keladuk anggènipun bingah-bingah awit saking kasarasanipun.

Saking ngriki kita saged mangertos bilih kapara langkung kathah tiyang mboten caos sokur awit saking berkah ingkang sampun sami katampi ing gesagipun. Prakawis ingkang kados makaten punika ugi kelampahan ing jaman samangké, kalebet ing gesangipun tiyang pitados, asring namung tansah nyuwun pitulunganipun Gusti Allah, ananing sasampunipun kaparingan punapa ingkang dados panyuwunanipun, piyambakipun kesupèn utawi malah nyedya/njarag mboten caos sokur dhumateng Gusti Allah.

Para Sadhèrèk ingkang kinasih,

“Berkat Tuhan mari hitunglah, kau kan kagum oleh kasih-Nya, Berkahé Gusti padha étungen, temah kowé bakal padha gumun marang katresnané Gusti”, makaten péonganing tembang ing *Kidung Jemaat* 439. Satunggaling panyuwunan dhateng kita sadaya, supados sami ngraosaken sarta nyipati punapa ingkang sampun kaparingaken déning Gusti Allah dhateng gesang kita, awit tiyang badhé saged caos sokur sarta ngaturaken panuwun dhumateng Gusti Allah nalika tiyang wau saged mirsani bilih punapa ingkang katampi ing gesangipun punika peparingipun Gusti Allah ingkang ngéram-éramaken. Kanthi ngétang berkahipun Gusti Allah ing gesang kita, mila kita badhé ngungun dhateng katresnanipun Gusti sarta saged caos sokur dhumateng Gusti Allah. Makaten kosok-wangsulipun, tiyang ingkang mboten naté mirsani sarta ngraosaken bilih punapa ingkang katampi ing gesangipun punika berkahipun Gusti Allah, tiyang wau mboten badhé ngraosaken kaélokaning katresnanipun Gusti Allah sarta mboten badhé saged caos sokur dhumateng Gusti Allah.

Panggulawenthahing iman/kapitadosan Kristen ing gesangking brayat dados satunggaling prekawis ingkang wigatos sanget kanggé saben anggotaning/warganing brayat. Salah satunggaling prakawis ingkang prelu kawulangaken ing satengahing brayat inggih punika wantun caos sokur dhumateng Gusti Allah ingkang sampun paring berkah. Awit saking punika, sumangga kita minangka brayat Kristen, saking wiwitan mila kita wulangaken iba wigatosipun ngucapaken “matur nuwun”

dhumateng sedaya péhak ingkang sampun maringi dhateng kita, sarta pakulinan saé punika badhé ndayani kita saged caos sokur dhumateng Gusti Allah, awit saking sadaya berkah peparingipun Gusti. Mulangaken saha nepangaken bab punapa kémawon berkahipun Gusti Allah dhateng brayat kita, badhé nyagetaken kita caos sokur awit saking pakaryanipun Gusti Allah ingkang makaten ngéram-éramaken wonten ing gesang kita.

Punapa panjenengan sampun ngétang sakathahing berkah saking Gusti Allah dhateng panjenengan dinten punika? Punapa panjenengan sampun ngucap sokur dhumateng Gusti Allah?
Amin.

SK-AK-DEN

Bahan Khotbah III Minggu, 20 Oktober 2019

Waosoan Kitab Suci

Waosoan I: Purwaning Dumadi 32: 22-31

Tanggapan: Jabur Masmur 121

Waosoan II: 2 Timotius 3: 14 – 4: 5

Waosoan Injil: Lukas 18: 1-8

**TUMEMEN
NDEDONGA
LAN
MAKARYA**



KHOTBAH JANGKEP

TUMEMEN NDEDONGA LAN MAKARYA

Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti, Tetembungan *Ora et Labora*, ndedonga lan makarya temtu sampun asring kita pireng. Tetembungan *Ora et Labora* punika asring kita prangguli ing témbok-témbok sekolahahan utawi ing papan sanès. Amargi asring kita prangguli lan kita pireng, tetembungan punika sampun temtu mboten anèh kanggé kita. Saking pundi asal-usulipun tetembungan punika? Tetembungan punika dipun kinten-kinten sampun wonten ing taun 540, dipun ngendikakaken sepisanan déning Bénédictus. Bénédictus ngagem tetembungan punika kanggé ngémutaken dhateng saben tiyang ingkang wonten ing nglebet sarta ing sakiwa tengenipun pasraman (*biara*), supados sami tegen nyambut damel sarta tumemen ndedonga. Kajawi tetembungan “ndedonga lan makarya” utawi *Ora et Labora*, Bénédictus nambahi ukara: kesèt punika mengsahipun nyawa, saben tiyang kedah mbudidaya utawi *berjuang* kanthi astanipun, ing wekdal sanès kanthi pandonganipun sarta maos Kitab Suci. Ing ngriki Bénédictus ngémutaken saben tiyang, sayektosipun gesang punika satunggaling geguletan/pambudidaya (*perjuangan*). Geguletan gesang kedah katindakaken kanthi pandonga. Pandonga tanpa geguletan/pambudidaya punika satunggaling prakawis

ingkang kaanggep bodho sarta geguletan tanpa pandonga punika satunggaling pratingkah ingkang tanpa budi. Geguletan lan pandonga punika wiramaning gesang. Kanthi wirama ingkang éndah punika saben tiyang, saben brayat kepareng sami gullet kanthi bingah sarta mindhak dinten gadhah sedya mujudaken gesang ingkang saya saé, saya nggadhahi martabat, sarta selaraskaliyan karsanipun Gusti Allah.

Pitakènipun, kénging punapa pandonga punika wigatos kanggé geguletaning gesang? Kathah tiyang ingkang menggalih bilih ndedonga makaten ndamel geguletaning gesang kapepetan amargi kanggé nindakaken ndedonga mbetahaken wekdal mirungan. Wonten ing kapitadosan dhateng Gusti Yésus Kristus, kita kaémutaken bilih geguletaning gesang punika wujuding kapitadosan sarta pandonga punika pambudidayaning gesang kanggé mujudaken iman/kapitadosan ingkang katindakaken secara mirungan supados geguletaning gesang tansah katindakaken kanthi setya ing sadhénkah kawontenan. Punika sababipun ing basa Inggris, pandonga kasebat *pray*. Tembung *pray* pinangkanipun saking basa Latin: *precarious* ingkang maknanipun swasana gawat, angèl, mbebayani. Kita asring maringi makna tembung gawat, angèl, mbebayani namung winates ing swasana ingkang ndhesek ing salebetting gesang, kadosta: sakit, wontenipun bebaya, mboten kasil, kacilakan, utawi karibedan-karibedan sanèsipun. Mangka sayektosipun kawontenan gawat, angèl, mbebayani tansah pinanggih ing sakiwa tengen kita tanpa ngétang papan lan wekdal. Saben sekon, menit, jam punika kawontenan gawat ingkang mboten kita mangertos. Sumangga kita penggalih nalika wonten lindhu ageng nrajang Ngayogjakarta taun 2006. Sedaya tiyang mboten nginten bilih lindhu ageng badhé nempah utawi nrajang Ngayogjakarta. Amargi lindhunipun kelampahan ing wekdal énjing umun-umun, pramila nalikanipun lindhu nrajang Ngayogjakarta taksih kathah tiyang saweg tilem, kathah ingkang saweg siram lan cecawis badhé bidhal nyambut damel, kathah ingkang taksih wonten pawon nyawisaken sarapanipun brayat. Sadaya tiyang mboten nginten bilih lindhu badhé ndhtengi kanthi kakiyatan ingkang ageng. Ing petangan sekon,

lindhu ngrisak tuwin nglebur wewangunan lan gedhong, temah kathah tiyang ingkang ketaman bilai amargi kadhwahan témbok ingkang rebah. Kawontenan punika minangka gegambaran bilih kawontenan gawat, kawontenan angèl, kawontenan ingkang mbebayani saged nempah saben tiyang ing étangan sekon, mboten kanyana, kelampahan ing sadhéngah papan lan wekdal. Pramila pandonga punika *precarious*, hakékatipun pandonga punika inggih gesang punika piyambak. Pandonga punika ambeganing gesang, ambeganing pambudidaya utawi geguletanipun saranduning gesangipun manungsa. Menawi ambeganipun këndel, pambudidayanipun ugi badhé sirna ugi.

Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus Kristus, Wonten ing piwelingipun dhateng para murid, Gusti Yésus ngémutaken supados sadaya pandhèrèk-Ipun tansah sami ndedonga sarta mboten sami semplah (Lukas 18: 1). Sadèrèngipun ngémutaken para murid supados tegen ndedonga, Gusti Yésus nglairaken badhé dumugi wekdalipun saben tiyang ngadhepi kawontenan ingkang mbebayani (Lukas 17: 20-36). Ing kawontenan punika saben tiyang mboten kepareng këndel. Saben tiyang kedah tansah mbudidaya! Kedah tansah *berjuang*! Amargi pambudidaya punika mboten ènthèng, mila saben tiyang mbetahaken kakiyatan saking Gusti Allah. Lumantar anggènipun tegen ndedonga, saben tiyang ngraosaken panganthinipun Gusti Allah, Sang Juru Basuki, sumbering sih-rahmat. Lumantar piwelingipun dhateng para murid-muridipun, Gusti Yésus ngandika: menawi wonten hakim ingkang mboten ajrih kaliyan Gusti Allah lan mboten mreduli dhateng tiyang kémawon saged maringi ingkang saé dhateng tiyang ingkang mbetahaken pitulungan, langkung-langkung Gusti Allah. Pangandikanipun, “Yèn umaté Allah rina wengi padha nyuwun tulung, apa Gusti Allah ora nuli bakal paring adil marang umaté mau? Apa Panjenengané arep nyenyuwé enggoné paring pitulungan?” (Lukas 18: 7)

Para Sadhèrèk,

Menawi Gusti Yésus ngémutaken para sekabatipun supados tansah ndedonga lan sampaun ngantos semplah, Panjene-anganipun ngagem pasemon ingkang gegayutan kaliyan kekahing mbok randha anggènipun nyuwun pitulungan dhateng hakim ingkang sawenang-wenang iku, ing ngriki Gusti Yésus mboten ndhawuhi supados anggènipun ndedonga punika *non-stop*, mboten wonten këndelipun. Kitab Suci ugi mboten mulangaken pandonga *non-stop* kanggé meksa Gusti Allah. Lumantar pasemon punika Gusti Yésus ngantebaken bilih ndedonga makaten kedah kaunjokaken dhumateng Gusti Allah ing sadhéngah wekdal, mboten merduli punapa kawontenaning gesang bingah utawi sisah, rumaos garing kasukmanipun utawi mboten garing. Ing sadhéngah kawontenan ndedonga kedah tansah dipun onjukaken, amargi ndedonga sanès namung kanggé raos. nDedonga punika iman utawi pitados dhumateng Allah. Kanthi ndedonga minangka ambeganing gesang punika saben pribadi, brayat, pasamuwan kaberek supados tansah mbudidaya ing salebetting pitados, pangajeng-ajeng lan katresnan.

Para Sadhèrèk,

Pandonga minangka ambegan geguletaning gesang kagambaraken déning bapa Pdt. Eka Darmaputra kanthi pangandikan ingkang makaten, “Asring kita nyepèlèkaken panguwaosing pandonga ingkang nggadhahi daya kakiyatan ageng kasimpen wonten ing salebetting gesang kita, sarta ndamel dados muspra. Nyepèlèkaken panguwaosing pandonga punika kadosdéné nyepèlèkaken dhateng “tanaga batos” utawi “*tenaga dalam*” ingkang sampaun wonten lan pinanggih ing badan kita.” Ing Wulan Brayat punika kita kaémutaken bilih brayat kedah puguh anggènipun mbudidaya utawi *berjuang* ing salebetting panganthinipun Gusti Allah. Kanthi anggènipun puguh punika brayat kasagedaken nanggulangi saben pakèwet ingkang kita adhepi, awit kanthi ndedonga sarta mbudidaya/*berjuang* sesarengan brayat kita, ngaturi Sang Kristus dedalem ing satengahing brayat kita, dados mitra tunggil dameling brayat. Satunggaling priyantun ingkang asma George Muller ngandika,

“Kala mangsanipun Gusti Allah marengaken karibedan-karibedan tumanduk ing gesang kita. Namung kanthi pandonga ingkang mboten wonten kendhatipun kinanthénan ing kasarban badhé nyinkiraken sakathahing pakèwed. Kersanipun tiyang punika mboten kendhat anggènipun ndedonga kanthi sabar, ngantos dumugi wekdaling manahipun samekta, Gusti Allah badhé ngluwari tiyang wau saking sadaya karibedanipun lan maringi berkah ingkang dipun ajeng-ajeng”.

Amin.

WSN-DEN

Bahan Khotbah IV Minggu, 27 Oktober 2019

Waosoan Kitab Suci

Waosoan 1: Yérémia 14: 7-10, 19-22

Tanggapan: Jabur Masmur 84: 2-8

Waosoan 2: 2 Timotius 4: 6-8, 16-18

Waosoan Injil: Lukas 18: 9-14

**GUSTI ALLAH,
SUMBERING
KEKIYATANIPUN
BRAYAT**



KHOTBAH JANGKEP

**GUSTI ALLAH,
SUMBERING KEKIYATANIPUN BRAYAT**

Satunggaling nèm-nèman ingkang naminipun Tara (sanès nami saleresipun) dipun pundhutaken *smart phone* utawi telpon pinter ingkang mboten sabaénipun déning tiyang sepuhipun. Nèm-nèman wau lajeng sinau supados saged ngginakaken lan nanjakaken kanthi saé. Mireng kanca-kancanipun ingkang asring blanja sacara *online*, Tara dados kedereng dhateng prakawis punika. Tara tumunten nyobi ngundhuh lan ngginakaken satunggaling *aplikasi* blanja *online*. Ringkesing carios, Tara wiwit nyobi tumbas punapa ingkang dipun betahaken kanggé sekolah, inggih punika sepatu sapasang. Tara saged tumbas kanthi regi ingkang langkung mirah tinimbang reginipun sepatu wonten ing toko. Tara rumaos begja sanget amargi pikantuk regi ingkang mirah. Saking ngriku, Tara wiwit pados barang-barang sanèsipun kanthi regi ingkang mirah. Ananging mboten kanyana, Tara dados ketagihan blanja barang-barang ingkang mboten sadaya dipun betahaken. Tara matur dhateng tiyang sepuhipun, bilih piyambakipun blanja barang-barang ingkang dipun betahaken kanggé sekolah. Mangka sayektosipan ingkang dipun tumbas kala mangsanipun barang-barang ingkang mboten dipun betahaken sanget kanggé nyengkuyung pasinaon ing sekolah. Blanja *online* pancèn

dipun damel kanggé mbiyantu/nggampilaken tiyang samangké kanggé blanja tanpa kedah késah dhateng toko/peken *swalayan* ngladosi piyambak. Kajawi saking punika, tiyang saged mbandhingaken reregèning barang saking sawetawis toko/peken *swalayan*. Prakawis punika temtu nggèndèng kawigatosanipun tiyang kathah, ananging menawi mboten ngatos-atos, mboten dipun gatosaken tiyang saged kentir dhateng cara gesang dhemen tetuku (*konsumtif*). mBoten kanyana, kepéngin tumbas barang werni-werni ingkang sejatosipun mboten sadaya dipun betahaken.

Cariosipun Tara nginggil punika namung salah satunggaling tuladha reribed wekdal samangké ing salebetipun ngadhepi kemajenganing ngèlmu tèknik. Kajawi saking punika wonten ugi budaya *instan* (tanpa lantaran), *hedonisme* (ngutamèkaken kanikmataning donya), *individualisme* (ingkang nganggep badanipun piyambak langkung wigatos), sarta *sekularisme* (ingkang mboten nggatosaken kabecikan). Lajeng, kadospundi caranipun tiyang Kristen wekdal samangké ngadhepi reribed kasebad? mBokbilih kathah tiyang ingkang nggamarbaken, menawi kita nglawan dhateng ilining jagad punika satunggaling prakawis ingkang awrat. Pepindhanipun satunggaling ulam ingkang kedah nglangi nglawan dhateng ilining toya, temtu sanès padamelan ingkang gampil. Inggih leres, punika satunggaling reribet ingkang mboten gampil dipun udhari menawi kita namung ngendelaken kakiyatana kita piyambak.

Pangandikanipun Gusti Allah ing waosan 2 Timotius 4:6-8, 16-18, ngémutaken kita dhateng punapa ingkang naté dipun alami déning Rasul Paulus nalika piyambakipun mbudidaya kanggé tetep ngrimati kapitadosan dhateng Gusti Yésus Kristus. Kanggénipun Rasul Paulus, ngrimati kapitadosan ingkang dipun kersakaken punika mboten namung sadrema njagi kapitadosan utawi iman sacara pasip tanpa greget dhateng Gusti Yésus Kristus. Ananging ugi kalebet njagi iman kanthi aktip kanthi greget inggih punika kanthi nindakaken karsanipun Gusti Allah wonten ing Gusti Yésus Kristus, sinaosa punika cengkah kaliyan lampahing jagad. Sinaosa nalika Rasul Paulus ngéstokaken

karsanipun Allah dados seksinipun Sang Kristus ngabaraken injil kawilujengan dhateng tiyang kathah, wonten pituna ageng ingkang kedah dipun adhepi (2 Timotius 4: 16-18). Rasul Paulus kedah ngadhepi pengadilan, dipun sengiti tiyang kathah, dipun langgati awon, dipun ukum lan dipun kunjara sarta kasangsaran sanèsipun. Rasul Paulus atur paseksi, ing satengahing kangélan ingkang kasandhang, piyambakipun sinau sumarah dhumateng Gusti Allah sarta nyipati bilih Gusti Allah rawuh kanggé maringi pitulungan (2 Timotius 4: 18). Rasul Paulus èstu-èstu ngraosaken karawuhanipun Gusti. “Gusti wis ngamping-ampungiaku” ngantepaken anggénipun Gusti èstu-èstu rawuh maringi pitulungan. Sadaya tiyang késah nilaraken Rasul Paulus amargi ajrih, ananging Gusti Allah tetep rawuh. Pangandika: “Gusti nyantosakaké aku” nélakaken bilih sumbering kekiyataniipun Rasul Paulus kanggé ngadhepi pengadilan punika namung saking Gusti Allah. Namung Gusti Allah ingkang dados sumbering kekiyatana kanggénipun Rasul Paulus ing sauruting gesangipun, ing salebetipun Rasul Paulus martosaken katresnanipun Sang Kristus dhateng tiyang kathah. Wedharan “Gusti bakal ngluwari aku”, mujudaken satunggaling prasetya bilih èstu leres bilih namung Gusti Allah piyambak ingkang tansah dados juru pitulung ingkang ngluwari piyambakipun saking saben réka-daya ingkang awon. Gusti Allah juru wilujenging gesang, dadosa ing jagad punika punapadéné wonten ing kamulyan-Ipun ing Swarga.

Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus,
Ing wekdal samangké, tansah pinanggih wontenipun reribet kanggé tiyang Kristen menawi badhé atur paseksi, ananging émuta bilih kita kagungan Gusti Allah ingkang karsa rawuh, ngamping-ampungi, ngiyataken sarta ngluwari manungsa saking pangawak dursila. Ingkang dipun kersakaken Gusti Allah punika cihnaning kasetyan kita, dados seksin-Ipun Gusti ngantos tetandhinganing gesang kita. Juru Masmur, kados ingkang kita waos ing Masmur 84: 2-8 nengenaken iba bingahipun manungsa ingkang mitadosaken kakiyataning gesangipun saking Gusti Allah. Ing salebeteng jiyarahipun, Juru Masmur manggihaken

kadospundi tuntunanipun Gusti Allah ingkang nunggil ing sauruting gesangipun.

Para Sadhèrèk,

Kadosdéné Juru Masmur ngraosaken pakaryaning Astanipun Gusti Allah ingkang nyantosakaken, sayektosipun Gusti Allah mboten badhé nilaraken pakaryaning Astanipun ngantos ing salami-laminipun. Awit saking punika, Panjenenganipun nimbalu kita supados gondhélan kiyat dhateng panyangganing Astanipun Gusti Allah ingkang santosa. Gusti Allah ngersakaken saben pribadi supados kiyat sarta samidéné ngiyataken kanggé lestantuning paseksi ing satengahing jagad punika. Panjenenganipun nimbalu tiyang-tiyang utawi saben warganeting brayat, supados samidéné émut éngémutaken wonten ing gesang ing salebetipun karsaning Allah.

Reribet ingkang awrat piyambak tumrap brayat kanggé émut-éngémutken supados gesang ing salebetung karsanipun Gusti Allah punika wewatekan ingkang namung mikir badanipun piyambak utawi *individualistis*. Wewatekan ingkang kados makaten punika ngirangi landheping pangraos sarta patrap kita nggatosaken dhateng tiyang sanès. Menawi tetéla bab punika wonten ing salebetung brayat kita, kita prelu ngatos-atos. Saged kelampahan kita gesang sesarengan ing satunggaling brayat, ananging ing ngriku mboten wonten patrap nggatosaken tiyang satunggal dhateng tiyang sanèsipun. Naté kelampahan ing satunggaling brayat, wonten tiyang sepuh ingang kagèt, karana pikantuk kabar bilih putranipun badhé mungkasi gesang (nglampus) amargi kagungan momotaning gesang ingkang awrat sarta rumaos mboten wonten tiyang ingkang nggatosaken sarta ngiyataken. Tiyang-tiyang punika gesang tunggil griya, gesang sesarengan ananging gesang piyambak-piyambak. Pun anak mboten rumaos nampi kawigatosan, anggénipun nggatosaken sarta panyenguyung saking brayatipun. Pun anak wau ngraosaken kasepèn ing satengahing karaméan ing griyanipun. Manawi makaten, punapa sadaya sami nggadhahi hak nglepataken tiyang satunggal dhateng tiyang sanèsipun?

Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus, Kita sadaya, saé minangka pribadi punapadéné minangka brayat, kagungan momotaning gesang ingkang ndamel kita rumaos mlampah piyambakan. Sayektosipun saben tiyang mbetahaken Gusti Allah minangka sumbering kakiyatan sarta mbetahaken sesami kanggé dados mitra wonten ing madyaning bebrayan agung. Ngémuti prakawis punika, kita kaémutaken dhateng adegipun brayat. Brayat ingkang gondhélan dhateng karsanipun Gusti Allah punika brayat ingkang gesang kanthi samidéné ngiyataken tiyang satunggal dhateng tiyang sanèsipun. Sesambetanipun bapa - ibu, tiyang sepuh - anak-anak, marasepuh - putra mantu, kangmas - adhik temtu kabangun kanthi tetales katresnan lan iman dhumateng Gusti Yésus Kristus. Kanthi makaten, sadaya pérangan saking brayat ngraosaken pengalaman sesarengan Gusti Allah minangka sumbering kakiyatanipun brayat.

Kanggé ngantebaken piwelingipun Gusti Allah sumbering kakiyatanipun brayat, sumangga anggèn kita nyuraos pangandikanipun Gusti Allah punika kita pungkasi kanthi ngidungaken sesarengan KPJ 321: 1, 3 “Kulawarga Kang Rahayu”. Kidung punika ngajak kita supados sami ngraosaken bilih Gusti Allah badhé tansah ngayomi lan ngrimati brayat kita.

KPJ 321 KULAWARGA KANG RAHAYU

Do=A 9/8

- 1) Kulawarga kang rahayu, lamun Gusti angayomi
srana tresna kang satuhu, tansah nuntun wah nganthi.
Refrein : Matur nuwun konjuk mring Gusti,
dé karsa nuntun salaminya;
sakathahing urmat wah pamuji
tansah sumengka ing ngarsanya.

- 3) Kulawarga tetep panggah, lamun Gusti kang ngayomi;
jroning susah dalah bungah, datan pegat ngrimati.
Refrein : Matur nuwun konjuk mring Gusti,
dé karsa nuntun salaminya;

sakathahing urmat wah pamuji
tansah sumengka ing ngarsanya.

Amin.

HRM-DEN

Bahan liturgi



**Minangka satunggaling
bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika
prelu dipun olah malih jumbuh
kaliyan kawontenanipun
pasamuwan piyambak-
piyambak.**



Bahan Liturgi I

Minggu, 6 Oktober 2019

Katrangan:

P/D: Pinisepuh/Dhiaken
U: Umat
PS: Pelados Sabda
PL: Pelados Liturgi
L: Lèktor

IMAN TUWIN PAKARYAN



Pacawisan Pangibadah

1. *Prayogi menawi sadaya kabetahan kanggé ibadah sampun kacawisaken 30 menit sadérèngipun ibadah kawiwitan.*
2. *15 menit sadérèngipun ibadah, sadaya palados pangibadah ndedonga minangka wujuding pacawisan ing konsistori.*
3. *5 menit sadérèngipun dumugi wekdaling pangibadah, loncèng/gentha kaungelaken kaping kalih, minangka pratandha bilih ibadah badhé énggal kawiwitan.*
4. *Pradataning pasamuwan maosaken Pawartos Pasamuwan.*
5. *Pinisepuh utawi dhiaken nyumet lilinipun pangibadah.*
6. *Palados Liturgi ngaturi umat ngidungaken kidung pamuji.*

TIMBALAN NGIBADAH

PL: Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus, dinten Minggu punika kita ngriyayakaken katresnanipun Allah ing salebeting brayat lumantar pangibadah pambukaning Wulan Brayat 2019. Kanthi kebak panuwun sokur, kita ngraosaken sadaya ingkang sampun katindakaken déning Allah tumrap brayat kita. Karebèn kita tansah munjuk atur: Mara padha ngrasakna lan nyawanga sapira gedhéné kasaénané Pangéran Yéhuwah iku!

- U: Rahayu wong kang ngungsi marang Panjenengané!
PL: Hé para kagungané Pangéran kang suci, padha wedi-asiha marang Sang Yéhuwah,
U: sabab wong kang wedi-asih marang Pangéran Yéhuwah
padha ora kekurangan apa-apa.
(*ngidungaken KPJ 21: 1-3*)

KPJ 21 PARA TITAH SADAYA SAMYA NGREPÈKNA

Do = A 3/4

- 1) Para titah sadaya samya ngrepèkna kidung,
konjuk Hyang Makwasa kang gung ing sih susetya
Haléluya! Haléluya!
- 2) Pujinen Hyang Murbèngrat, Gusti kang gung sih-rahmat,
ngreksa lan ngayomi, ngrumati mrih lestari.
Haléluya! Haléluya!
- 3) Allah Kang Mawilasa wus nylametken manungsa,
slaminya pinuja, wah tansah pinundhia.
Haléluya! Haléluya!

--- *para palados pangibadah lumebet dhateng papan
pangibadah ---*

Votum

- PS: Pitulungan kita pinangkanipun saking Gusti Allah
ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.
U: (*ngidungaken*) **Amin, Amin, Amin!**

Salam

- PS: Gusti Allah nunggil ing gesang kita!
U: **Samangké dumugi ing salami-laminipun!**

--- *pasamuwan lenggah ---*

PAMBUKA

PL: Gusti Yésus ngandika ing Injil Lukas 5: 4 (pertalan taun 2006), “Parakna ing panggonan kang jero, jalamu tibakna supaya olèh iwak”. Piweling punika kanggé sadaya tiyang, brayat, lan patunggilaning umatipun Allah, supados tiyang-tiyang punika ngadhepi gesang kanthi pitados dhumateng Gusti Allah. Mugi kita kasembadan mujudaken sesarengan kaliyan brayat, sesami, lan Gusti.

U: (*ngidungaken KPJ 78: 1-2*)

KPJ 78. IBA BEGJAKU

Do=D 9/8

1) Iba begjaku lamun yakin

Yésus duwèkku ing salamanya;
aku tebusan kagungané,
anyar uripku krana rahé.

Reffrein : Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya
Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya

2) Lamun pasrahku trusing kalbu,

temah sampurna kabungahanku
Pra malaékat asung puji,
samya ngundhangken sihing Gusti.

Reffrein : Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya
Aku memuji klayan rena,
nggunggung asmané salamanya

PANGAKEN DOSA

PL: Para Sadhèrèk, ibarat praunipun juru amèk iwak kedah dipunpurugaken dhateng panggénan ingkang langkung lebet supados ngangsalaken asil ingkang langkung kathah, makaten ugi pangajeng-ajenging gesang kita ing jaman samangké. Gesang ingkang kebak pepalang. Saya dangu raosipun mboten saya gampil dipun adhepi. Kita mbetahaken kakiyatan saking Gusti Allah, sarta

Panjenenganipun tansah nyaketaken Sariranipun
dhumateng kita kanggé nyantosakaken gesang kita.
Punapa wangsulan kita dhateng piwelingipun Gusti
Yésus punika? Wonten ing pandonga, kita badhé ningali
kawontenan kita piyambak-piyambak.

(instrumén utawi lelagon musik tanpa nyanyian
saking Kidung Pasamuwan Jawi 434 kaungelaken)

Pasamuwan kula aturi ndedonga piyambak-piyambak
ngakeni dosa-dosanipun.

(sasampunipun umat cekap anggènipun ndedonga,
Palados Liturgi mungkasi pandonga)

U.: (ngidungaken KPJ 434: 1-4)

KPJ 434 GUSTI MUGI SAMPUN NGANTOS NILAR

Do=G 4/4

- 1) Gusti mugi sampun ngantos nilar kawula;
kula tansah ngraosaken berkah Paduka.

Reff : Gusti, mugi nuntun kawula
kula tansah ngraosaken berkah Paduka.

- 2) Gusti, mugi myarsakaken pasambat kula
awit kawula punika putra Paduka

Reff : Gusti, mugi nuntun kawula
kula tansah ngraosaken berkah Paduka.

- 3) Nggèn kula darbé panyuwun, mung sih Paduka
ingkang dados paugeron miwah landhesan.

Reff : Gusti, mugi nuntun kawula
kula tansah ngraosaken berkah Paduka.

- 4) Gusti mugi amirsani tyas kula trenyuh
Paduka ingkang ngiyatken, sageda teguh.

Reff : Gusti, mugi nuntun kawula
kula tansah ngraosaken berkah Paduka.

--- pasamuwan jumeneng ---

PAWARTOS SIH-RAHMAT

- PL: Saosa puji sokur awit pangapuraring dosa saking Gusti Allah.
- U: **Kawula saos sokur karana sih-rahmat peparingipun Gusti Allah.**
- PS: Sumangga kita ngènet-ènet dhateng Angger-anggering Katresnan ingkang dipun wulangaken déning Gusti Yésus,
“27 Sira tresnaa marang Pangéran Allahira kalawan gumolonging atinira, lan gumolonging nyawanira, sarta gumolonging budinira. 38 Yaiku angger-angger kang gedhé lan luhur dhéwé. 39 Déné angger-angger kang kapindho kang padha karo iku, yaiku: Sira tresnaa ing sapepadhanira dikaya marang awakira dhéwé. 40 Kabèh isining Torèt lan kitabé para nabi iku gumantung ing angger-angger loro mau.” (Matius 22: 37-39)
- U: (*ngidungaken KPJ 68: 1-3*)

KPJ 68. ALLAH MAASIH

Do=D 3/4

- 1) Allah Ma' asih asung Putranya,
Allah Ma' asih mring manungsa.
Reff.: mila kula ngidung Allah Ma' asih,
Allah Ma' asih mring manungsa.

- 2) Gusti ingutus dadya Pamarta,
Gusti ingutus nebus kula.
Reff.: mila kula ngidung Allah Ma' asih,
Allah Ma' asih mring manungsa.

- 3) Gusti Pamarta ngurbankeun nyawa,
Gusti Pamarta mbirat dosa.
Reff.: mila kula ngidung Allah Ma' asih,
Allah Ma' asih mring manungsa.

--- *pasamuwan lenggah* ---

PALADOSAN SABDA

- **Pandonga** (*donga nampèni sabda/pangandika, katuntun déning Palados Sabda*)

- **Pamaosing Kitab Suci**

Waosan Kapisan

L: (*maos Habakuk 1:1-4; 2:1-4*)

Makaten Sabdanipun Gusti!

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

Masmur Tanggapan

L: (*maos utawi ngidungaken Jabur Masmur 37:1-9*)

Waosan Kaping Kalih

L: (*maos 2 Timotius 1:1-14*)

Makaten Sabdanipun Gusti!

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah.**

Waosan Injil

PS: Pamaosing Injil kapendhet saking **Injil Lukas 17: 5-**

10. (*sasampunipun maos Injil Lukas 17: 5-10
ngucapaken tetembungan ing ngandhap punika*)

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus. Ingkang rahayu
inggih punika sadaya tiyang ingkang mirengaken
Sabdanipun Gusti saha ingkang nindakaken ing geang
padintenan. Haléluya.!

U: (*ngidungaken*) **Haléluya, haléluya, haléluya!**

- **Khotbah: Iman tuwin Pakaryan**

- **Wekdal Ening**

--- *pasamuwan jumeneng* ---

PANGAKEN PITADOS

P/D: Sumangga sesarengan kaliyan pasamuwanipun Gusti
Yésus ingkang tansah dipun reksa, kita ngakeni

kapitadosan kita kanthi ngucapaken sesarengan
Pangaken Pitados Rasuli,

--- *pasamuwan lengga* ---

PANDONGA SAFAAT

(Katindakaken gentosan, kawiwitan saking wakilipun para laré, kalajengaken wakilipun para ibu, wakilipun para bapak, dipun pungkasi déning Palados Sabda)

PISUNGSUNG

P/D: Saosa sokur awit pangrimatipun Gusti Allah. Panjennenganipun nuntun, mberkah, tuwin milujengaken brayat kita. Awit saking punika, prayogi menawi kita sami ngonjukaken pisungsung sokur kagem Panjennenganipun. Pangandikanipun Gusti makaten, “Sarta karebèn kowé iya padha kapigunakaké kayadéné watu urip kanggo mbangun padaleman kasukman tumrap kaimaman kang suci, kanggo nyaosaké pisungsung rohani, kang marga Yésus Kristus njalari keparengé Allah.” (1 Pétrus 2:5)

U.: (*ngidungaken KPJ 181: 1-3*)

KPJ 181 PUJI SOKUR KONJUK GUSTI

Do=Bes 4/4

- 1) Puji sokur konjuk Gusti, wit sih-rahmat Paduka;
datan kendhat angasihi, cihnaning kawlasanta.
Sokur pariring pakaryan, nadyan badamba ringkikh;
sokur déné kadang mitra tansah anandukken sih.
- 2) Sokur, déné sesekaran, sedhep, éndah ing warni;
sokur méga angantarksa, miwah surya ndadari.
Sokur krana bingah-sisah, Gusti tansah rumeksa;
awit Paduka kang tansah nuntun lampah kawula.
- 3) Sokur, wit brayat kawula rukun samya sinihan;
sokur déné pasamuwan nuwuhken katentreman.
Sokur, krana wancinira bingah utawi sisah;

sokur dé gesang kawula nèng pamengkuning Allah.

--- *pasamuwan jumeneng* ---

P/D: (*nuntun pandonga saos pisungsung*)

--- *pasamuwan lenggah* ---

BUJANA SUCI

Pratélan

(*Pratélan ingkang kaemot ing ngriki punika pratélan saking GKJ Tuntang. Menawi pasamuwan ngriki Kagungan Pratélan Bujana Suci ingkang limrahipun kaagem, pratélan ingkang padatan kaginakaken punika saged kaagem ing Bujana Suci samangké.*)

PS: Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus Kristus tuwin ingkang tresna dhumateng Panjenenganipun, Gusti Yésus ngandika, "Iki tindakna minangka pangéling-éling marang Aku".

Gusti Yésus Sang Juru Wilujeng kita, ingkang sampun kaweca ing Kitab Perjanjian Lami, sampun rawuh ing jagad punika, ngantos séda sinalib. Panjenenganipun ngrembat sangsaraning jagad. Sadèrèngipun ngrembat sangsaraning jagad, Panjenenganipun ndedonga, "Dhuh, Rama Kawula, manawi kepareng, mugi tuwung punika sumingkira saking Kawula, nanging mboten awit saking pikajeng Kawula, nanging karana karsa Paduka." (Matius 26: 39).

Panjenenganipun kedah ngunjuk isining tuwung unjukan ngantos telas. Panjenenganipun kabanda supados nguculi kita. Panjenenganipun kauukum pati supados kita ingkang sami nandhang dosa kaleresaken wonten ing ngarsanipun Allah. Panjenenganipun sampun séda sinalib, supados serating dosa kita dipun birat. Panjenenganipun sampun ngrembat sadaya lakanating gesang kita wonten ing kajeng salib, supados

Panjenenganipun maringaken sih-rahmatipun dhateng kita.

Wonten ing kajeng salib, Gusti Yésus nyuwanten sora, "Dhuu Allah Kawula, Allah Kawula, punapaa déné Paduka nilar Kawula?", supados kita katampi déning Gusti Allah sarta kita babar pisan mboten badhé katilar déning Panjenenganipun. Panjenenganipun sampun ngrampungaken pakaryan-Ipun kalawan sédanipun ing kajeng salib, nalika Panjenenganipun ngandika: "Wus rampung!". Ananging Gusti Yésus sampun kawungokaken déning Gusti Allah saking antawisipun tiyang pejah, sarta "... maringi asma marang Panjenengané ngungkuli sadhéngahing jeneng, supaya ana ing asmané Yésus, samubarang kang ana ing langit lan kang ana ing bumi lan kang ana ing sangisoré bumi, padha sujud lan sakèhing ilat padha ngakonana, "Yésus Kristus iku jumeneng Gusti", murih kaluhuraning Allah, Sang Rama!" (Filipi 2: 9-11).

Ing saben-saben kita nedha roti lan ngunjuk anggur ing Bujana Suci, kita nampi prakawis punika minangka pratandha lan ecaping katresnan saha kasetyanipun Allah dhateng kita. Semanten ugi Bujana Suci ateges bilih: Gusti kita Yéus Kristus déning korbanipun ingkang sampurna saha sepisan kémawon kanggé sadaya umat, sampun ngluwari kita saking sumbering sawerninipun kasisahan, inggih punika dosa. Satunggaling prajanjian anyar kaliyan kita sampun dipun wontenaken déning Panjenenganipun, lan Roh-Ipun Gusti ingkang ngesangaken punika dipun paringaken dhateng kita, supados kita saged gesang sesareangan kaliyan Panjenenganipun wonten ing patunggilan ingkang leres. Makaten ugi Panjenenganipun nunggilaken kita, tiyang satunggal kaliyan tiyang sanèsipun wonten ing katresnan ingkang leres, ingkang pantes kita télakaken wonten ing pitembungan lan tumindak kita.

Pasamuwan ingkang kinasih, sumangga kita ndedonga, “Dhuu Allah, ingkang Mahamirah, Rama kawula ing Sang Kristus. Kawula nyuwun ing ngarsa Paduka, supados wonten ing Bujana Suci punika, Paduka makarya wonten ing manah kawula lumantar Roh Paduka ingkang suci, supados kanthi wetahing kapitadosan ingkang sampun kaparingaken dhateng kawula, kawula masrahaken pribadi kawula dhumateng putra Paduka Gusti Yésus Kristus. Katuwukana saha kasegerana manah kawula mawi Rotining Gesang, inggih punika Gusti Yésus Kristus. Kasantosakna kawula, supados kawula mboten gesang malih ing salebetung dosa, ananging gesang kanthi Sang Kristus manjing ing gesang kawula lan gesang kawula manjing ing Sang Kristus. Kaparingana kawula kasantosaning pitados bilih Paduka punika Sang Rama ingkang ambekwelasan, ingkang mboten nganggep kawula manut dosa kawula. Kaparingana kawula sih-rahmat, supados kawula pikantuk panglipur ing salebetung manggul salib saha nyingkur badan kawula piyambak, ing salebetung ngakeni panebus kawula, ing salebetung mandeng Paduka ing mangsa bingah punapadéné sisah, ing salebetung ngantos-antos rawuh Paduka saking swarga, ingkang badhé ngrengkuh kawula wonten ing gesang langgeng. Amin.”

Sumangga kita ngidungaken KPJ 278: 1 “Wonten dharah suci mancur”.

(ing salebetipun umat ngidungaken KPJ 278: 1, pandhita mandhap saking mimbar kanggé nyawisaken paladosan Bujana Suci dhateng umat)

KPJ 278. WONTEM DHARAH SUCI MANCUR

Do=Bes 4/4

- 1) Wonten dharah suci mancur nèng ardi Golgota, nggih rahipun Gusti Yésus kang ngicalken dosa.

Kang ngicalken dosa, kang ngicalken dosa.
Nggih rahipun Gusti Yésus kang ngicalken dosa.

PS: Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus Kristus tuwin ingkang tresna dhumateng Panjennenganipun,
Roti lan anggur punika kita tampèni minangka pratandha lan ecap saking pangorbanan tuwin patunggilan kaliyan Sang Kristus. Supados kita karimat déning roti kaswargan, inggih punika Gusti Yésus Kristus. Sampun ngantos manah kita rumaket dhateng roti lan anggur ingkang katingal punika, ananging kanthi pitados kita ngonjukaken manah kita dhumateng Gusti Yésus Kristus, Gusti kita.

Para Sadhèrèk ingkang kinasih, sumangga kita marak ing ngarsanipun Gusti, awit méjaning Bujana Suci sampun sumadhiya.

(Salebetipun nyuwil-nyuwil roti, pandhita ngucapaken)

“Roti ingkang kacuwil-cuwil punika dados wujuding patunggilan kita kaliyan sariranipun Sang Kristus. Tampènana

(sasampunipun roti ingkang kacuwil-cuwil kaladosaken dhateng sadaya ingkang ndhèrèk bujana suci, pandhita ngandika)

“Gusti Yésus ngandika: Padha panganen. Iki badanku kang kaparingaké marga saka kowé. Iki tindakna minangka pangéling-éling marang Aku.”

(Salebetipun ngangkat tuwung unjukan, pandhita ngucapaken)

“Tuwunging pamuji sokur ingkang kita sokuri punika, dados wujuding patunggilan kita kaliyan rahipun Sang Kristus, Gusti kita. Tampènana

*(sasampunipun anggur ing sloki kaladosaken
dhateng sadaya ingkang ndhèrèk bujana suci,
pandhita ngandika)*

“Gusti Yésus ngandika: Padha ngombéa kabèh saka ing tuwung iki. Iki getihku, getihing prajanjian anyar kang kawutahaké kanggo wong akèh, murih apuraning dosa.”

*(Sasampunipun sadaya rampung anggènipun
ngunjuk anggur, Pandhita ngaturi wekdal dhateng
pasamuwan kanggé ndedonga piyambak-piyambak.
Pandhita lajeng minggah mimbar malih.)*

PANGUCAP SOKUR

PS: Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus Kristus,

Amargi Gusti Allah sampaun ngiyataken sarta nyegeraken nyawa kita, sumangga samangké memuji Asmanipun Allah sarta ngucapaken puji sokur dhumateng Panjenenganipun sarta satunggal-satunggalipun sami mosik ing salebeting manah makaten:

“Dhuh nyawaku, saosa puji marang Pangéran Yéhuwah!
Héh isining batinku kabèh, memujia marang asmané kang suci!

Dhuh nyawaku, saosa puji marang Pangéran Yéhuwah,
lan aja lali marang sakèhéng kasaénané!

Panjenengané kang ngapura sakèhé kaluputanmu, lan maluyakaké sakèhé lelaramu.

Kang ngentas uripmu saka ing kubur, lan makuthani kowé kalawan kadarmen lan kawelasan,
kang maregi kekarepanmu kalawan apa kang becik,
temah kowé kaenomaké manèh kaya manuk garudha.

Pangéran Yéhuwah paring adil lan kabeneran marang sakèhéng wong kang kinaniaya.

Pangéran Yéhuwah iku ambek welasan lan ambek asih,
gedhé sabaré lan lubèr sih-susetyané;
ora tansah ndedukani, anggoné duka ora ing salawasé.
kang katandukaké marang kita ora timbang karo dosa
kita, anggoné paring piwales marang kita ora ing
saboboté kaluputan kita,
nanging sapira dhuwuré langit ngungkuli bumi, iya
samono gedhéné sih-kadarmané tumrap para kang
ngabekti marang Panjenengané;
sapira dohé wétan saka ing kulon, iya samono anggoné
nebihaké panerak kita saka ing kita.
Kayadéné bapa anggoné duwé piwelas marang anak-
anaké, iya kaya mangkono Yéhuwah anggoné paring
piwelas marang para wong kang ngabekti marang
Panjenengané.

*(Tumrap pasamuwan ingkang kagungan padatan caos
pisungsung mirunggan Bujana Suci, **caos pisungsung
mirunggan Bujana Suci** saged katinidakaken sapunika)*

--- *pasamuwan jumeneng* ---

U: *(ngidungaken KPJ 315: 1-3)*

KPJ 315. BRAYAT KANG TENTREM GESANGNYA

Do=C 4/4

- 1) Brayat kang tentrem gesangnya,
sumarah mring Pangéran;
santosa wah tetep panggah sajroning karibedan.
Reff. : Dhuh Gusti, mugi Paduka paringa
sih wilasa, darapon kula
kuwagang mundhi dhawuh Paduka.

- 2) Nadyan jagad peteng nghedhet, wah sepi ing katresnan,
nanging Gusti dadya dilah, tansah sung pitulungan
Reff. : Dhuh Gusti, mugi Paduka paringa
sih wilasa, darapon kula

kuwagang mundhi dhawuh Paduka.

- 3) Nadyan ardi gung selanya, lembah peteng marginya,
 Gusti tansah karsa nuntun, amrih leres lampahnya.
 Reff. : Dhuh Gusti, mugi Paduka paringa
 sih wilasa, darapon kula
 kuwagang mundhi dhawuh Paduka.

PANGUTUSAN

- PS: Pangibadah ing dalem pamujan punika sampun purna,
 mila enerna manah panjenengan dhumateng Gusti Allah.
- U: **Kawula kanthi tulus ngeneraken manah dhumateng Gusti Allah.**
- PS: Dadosa brayat ingkang tansah samekta dados seksi-nipun Sang Kristus.
- Bapak²: Minangka bapak, kawula samekta dados seksinipun Sang Kristus.
- Ibu²: Minangka ibu, kawula samekta dados seksinipun Sang Kristus.
- Anak²: Kawula anak-anak, ugi samekta dados seksinipun Sang Kristus.
- PS: Tampènana berkahipun Gusti,
 “Pangéran Yéhuwah mugi maringana berkah dhateng panjenengan, lan ngayomana panjenengan;
 Pangéran Yéhuwah mugi nyunarakken cahyaning wadananipun dhateng panjenengan, lan maringana sihrahmat;
 Pangéran Yéhuwah mugi karsaa nungkulaken wadana-nipun dhateng panjenengan, lan maringana tentrem rahayu.”
- PS+U: (*ngidungaken*) **Amin... amin... amin.**

Bahan Liturgi II

Minggu, 13 Oktober 2018

Katrangan

PS: Pelados Sabda

PL: Pelados Liturgi

U: Umat

L: Lèktor

P/D: Pinisepuh/Dhiaken

**WANTUN NYUWUN,
WANTUN CAOS
SOKUR**



PACAWISAN

- *Pandonga pacawisan ibadah*
- *Panyumeting lilin*
- *Pamaosing pokok-pokok pawartos pasamuwan*
- *Wekdal ening pribadi*

NGEMPAL

P/D: Padha saosa pamuji sokur marang Sang Yéhuwah, awit Panjenengané iku saé, ujer sih-susetyané iku kanggo ing salawasé.

U: **Paduka tampèni pamuji sokur kawula, awit saking sih-rahmat Paduka!**

P/D: Sumangga kita ngaturaken pamuji sokur kita awit saking kasaénanipun Gusti dhateng kita.

--- *pasamuwan jumeneng* ---

U: (*sesarengan ngidungaken KPJ 21: 1-3 Para Titah Sadaya Samya Ngrepèkna*).

KPJ 21 PARA TITAH SADAYA SAMYA NGREPÈKNA

Do = A 3/4

1) Para titah sadaya samya ngrepèkna kidung,
konjuk Hyang Makwasa kang gung ing sih susetya
Haléluya! Haléluya!

2) Pujinen Hyang Murbèngrat, Gusti kang gung sih-rahmat,

ngreksa lan ngayomi, ngrumati mrih lestari.
Haléluya! Haléluya!

- 3) Allah Kang Mawilasa wus nylametken manungsa,
slaminya pinuja, wah tansah pinundhia.
Haléluya! Haléluya!

VOTUM

- PS: Ibadah Minggu kaping tiga ing Wulan Brayat punika lumampah ing Asmanipun Allah Sang Rama, Sang Putra, tuwin Sang Roh Suci.
- U: (*ngidungaken*) **Amin, Amin, Amin.**

SALAM

- PS: Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah kita Sang Rama lan saking Gusti kita Yésus Kristus nunggila ing panjenengan sadaya!
- U: **Nunggila ing panjenengan ugi!**

--- *pasamuwan lengga* ---

ATUR PAMBUKA

- PL: Gesang ing salebetung brayat punika satunggaling berkahipun Gusti Allah ingkang mirunggan. Wonten sih-katresnan, wonten gesang sesarengan, wonten kabingahan saha katentremaning gesang. Ing saben wekdal Gusti Allah ngrawuhi gesang kita, maringaken punapa ingkang dados kabetahan kita. mBoten naté pedhot lan mboten naté këndel sih-rahmatipun Gusti Allah dhateng gesang kita. Awit saking punika, prayogi menawi kita sadaya tansah ngonjukaken pamuji sokur. Kadosdéné jejering pangibadah dinten punika: “Wantun Nyuwun, Wantun caos Sokur”. Rahayu tumrap brayat ingkang tansah ngucapaken sokur dhumateng Gusti Allah.
- U: (*Ngidungaken KPJ 323: 1-2 “Méndahnéa Rahayu Tyang Gegriya”*)

KPJ 323 MÉNDAHNÉA RAHAYU TYANG GEGRIYA

Do=Bes 2/4

- 1) Méndahnéa rahayu tyang gegriya
 klayan tansah rumaket mring Gusti,
 kang dadya mitra lan tuking basuki,
 sarwi bingah préntahnya pinundhi.
 Séka-kapti anilingken sabdanya,
 angabekti Allah klayan ékhlas.
 Rinten dalu angluhurken asmanya,
 myang sumuyud kalayan trus ing tyas.
- 2) Méndahnéa rahayu tyang sémahan,
 klayan nunggil tresnanya mring Gusti.
 Runtang-runtung dènira sih-sinihan
 klayan saéka-praya lan budi.
 Sadinten-dinten sami ngajeng-ajeng
 idining Gusti sarwi memuji.
 Ing satitah nrima klayan pitajeng
 saha tresna dumugi ing janji.

PANGAKEN DOSA

- P: Sumangga kita ndedonga sacara pribadi, ngakeni dosa kita ing ngarsanipun Gusti. Sabab, ing gesangng brayat kita, kalamangsanipun ngucap sokur dhumateng Gusti Allah makaten, dados prakawis ingkang angèl katindakaken. Ing ngarsanipun Gusti Allah, ingkang Mahamirah, sumangga kita ndedonga.
- U: (*ndedonga sacara pribadi*)
- PL: (*mungkasi pandonganipun umat sacara pribadi kanthi pandonga sesarengan*)
- U: (*ngidungaken KPJ 434: 1, 2 “Gusti mugi sampun ngantos nilar”*)

KPJ 434 GUSTI MUGI SAMPUN NGANTOS NILAR

Do=G 4/4

- 1) Gusti mugi sampun ngantos nilar kawula;

kula tansah ngraosaken berkah Paduka.

Reff : Gusti, mugi nuntun kawula

kula tansah ngraosaken berkah Paduka.

2) Gusti, mugi myarsakaken pasambat kula

awit kawula punika putra Paduka

Reff : Gusti, mugi nuntun kawula

kula tansah ngraosaken berkah Paduka.

--- *pasamuwan jumeneng* ---

PAWARTOS SIH RAHMAT

PS: Kanggé saben tiyang ingkang kanthi tumemen ngakeni dosanipun ing ngarsanipun Gusti Allah, Panjene-anganipun karsa ngapunteni sadaya dosa-dosanipun. Samangké, tampènana pawartosing sih-rahmat saking Gusti Allah, ingkang kapethik saking Yohanes 15: 7,
“Menawa kowé dumunung ana ing Aku lan piwulangku dumunung ana ing kowé, padha nyuwuna apa baé kang kokkarepaké, kowé bakal kasembadan.”

Makaten pawartos sih-rahmat saking Gusti Allah.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

PITEDAH GESANG ANYAR

PS: Makaten ugi kita ugi kaparingan pitedah gesang anyar ingkang kapethik saking serat 1 Tesalonika 5: 18,

“Padha ngunjukna panuwun ing sabarang prakara, awit iku kang dikarsakaké déning Allah ana ing Kristus Yésus tumrap kowé.”

Makaten pitedah gesang anyar kanggé brayat kita.

Sumangga kita sami déné nampèni, samidéné nresnani, samidéné ngapunteni, kanthi ngucapaken,

“Tentrem rahayu. Tentrem-rahayunipun Gusti, nunggila ing panjenengan!

U: **Tentrem-rahayunipun Gusti, nunggila ing panjenengan!**

(*sami jawat asta kanthi ngucap: “Tentrem-rahayunipun Sang Kristus nunggila ing panjenengan”*)

U: (*ngidungaken KPJ 69: 1, 4 Allah Mahakwasa Jumeneng Pamarta*)
Do=Bes 4/4

- KPJ 69. ALLAH MAHAKWASA JUMENENG PAMARTA
Do=Bes 4/4
- 1) Allah Maha kwasa jumeneng Pamarta,
sèstu gung tresnanya, angruwat dosa.
Salir tyang pracaya lamun tansah setya
luwar sing antaka, mlebet mring swarga.
Reff. : Sung sembah puja konjuk Sang Rama,
kang paring nugraha tentrem raharja.
Sung sembah bekti konjuk mring Gusti,
kang sampun nyawisi kamulyan swargi.
 - 4) Pangéran murbéngrat nglubèrken sih-rahmat.
mbélani tyang leres saking panindhes.
Nunggil tyang pracaya temahan santosa,
kuwawa ngasorken salir panggodha.
Reff. : Sung sembah puja konjuk Sang Rama,
kang paring nugraha tentrem raharja.
Sung sembah bekti konjuk mring Gusti,
kang sampun nyawisi kamulyan swargi.

--- *pasamuwan lengga* ---

PALADOSAN SABDA

- **Pandonga Nampi Pangandika**
PS: (*nuntun pandonga*)

- **Pamaosing Kitab Suci**
Waoan Kapisan
L: (**maos 2 Para Raja 5 :1-3, 7-15**)
Makaten Sabdanipun Gusti!

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Masmur Tanggapan

L: (maos **Jabur Masmur 111**)

Waosan Kaping Kalih

L: (maos **2 Timotius 2:8-15**)

Makaten Sabdanipun Gusti!

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Waosan Injil

PS: Waosan Injilipun Gusti Yésus Kristus kapethik saking
Lukas 17:11-19

Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus.

Ingkang rahayu inggih punika ingkang mirengaken
Pangandikanipun Gusti Allah sarta dipun èstokaken.
Haléluya!

U: (ngidungaken) **Haléluya, Haléluya, Haléluya!**

▪ **Khotbah: “Wantun nyuwun, wantun caos sokur”**

▪ **Wekdal Ening**

--- *pasamuwan jumeneng* ---

PANGAKEN PITADOS RASULI

P/D: Sumangga kita nyantosakaken iman kapitadosan kita
kanthi sesarengan ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli

.....

--- *pasamuwan lenggha* ---

PANDONGA SYAFAAAT

PS: (nuntun pandonga syafaat, kapungkasan kanthi
sesarengan kaliyan umat ngidungaken KPJ 152)

KPJ 152 RAMA KAWULA KANG WONTEM ING SWARGA
Do=D 2/4 lan 4/4

Rama kawula kang wonten swarga,
 ingkang Asma kasucèkna.
 Kraton Paduka rawuh,
 karsa Paduka klampah
 ing bumi kadya anèng swarga.
 Ing dinten sapunika
 sinunga cekap rejeki;
 kula kaapuntenna,
 kadya kula ugi ngapunteni tyang kalepatan;
 sampun nandukken kula dhateng panggodha,
 kalepasna kula saking piawon,
 jer Gusti kang kagungan lan wisésa
 sarta kamulyannya ngantos slami-laminya.
 Amin, amin.

PISUNGSUNG

P/D: Sumangga kita sami bingah-bingah sarta nglairaken pamuji sokur kita dhumateng Gusti Allah ingkang sampun maringaken sadaya berkah-Ipun. Sumangga kita sami ngèngeti dhateng Sabdanipun Gusti ing

Roma 12: 1,

“Kang iku para Sadulur, marga saka sih-kamirahané Allah, aku pitutur marang kowé, padha nyaosna badanmu minangka kurban kang urip, kang suci lan kang dadi keparengé Allah: Iya kang mangkono iku pangibadahmu kang sejati.”

U: (*ngaturaken pisungsung kanthi sukarena, sinambi ngidungaken KPJ 154: 1-2 Adrenging Tyas Kula*)

KPJ 154. ADRENGING TYAS KULA

Do=F 4/4

1) Adrenging tyas kula, ngaturken panuwun, Gusti.

Paduka ngasihi, kula kagungan ta.

Reff. : Mung punika Gusti, pisungsung kula
 sawetahing gesang, jiwa lan raga,
 wit kula tan darbé bandha kang pengaji
 kang langkung prayogi, sinaos Gusti.
 Mung punika Gusti, panyuwun kula,

mugi katampia atur kawula,
mrih gesang kawula kagema Paduka
pirantos sapala.

- 2) Saiba éndahing sih-tresna Paduka, Gusti;
kula kagunganta, Paduka rimati.

Reff. : Mung punika Gusti, pisungsung kula
sawetahing gesang, jiwa lan raga,
wit kula tan darbé bandha kang pengaji
kang langkung prayogi, sinaos Gusti.
Mung punika Gusti, panyuwun kula,
mugi katampia atur kawula,
mrih gesang kawula kagema Paduka
pirantos sapala.

--- *pasamuwan jumeneng* ---

P/D: (*nuntun pandonga caos pisungsung*)

PANGUTUSAN

U: (*ngidungaken KPJ 186: 1- 3 Urip Kang Samesthiné*)

KPJ 186. URIP KANG SMESTHINÉ

Do=Bes 4/4

Kakidungaken wanita

- 1) Urip kang samesthiné, lamun tansah ngucap sokur,
Nèng ngarsané Sang Kristus, tan pantes takabur.

Kakidungaken sesarengan

Reff. : Jroning susah lan bungah sadhéngah kaanan,
Aku angidung memuji sokur, yéku karsaNya !

Kakidungaken priya

- 2) Nadyan prahara nempuh sarta ombak anyemptyuh,
aku trus muji sokur, konjuk mring Gustiku.

Kakidungaken sesarengan

Reff. : Jroning susah lan bungah sadhéngah kaanan,
Aku angidung memuji sokur, yéku karsaNya !

Kakidungaken sesarengan

3) Kanggo apa uripmu, lamun tanpa ngucap sokur ?

Kristus dadya Panebus, pasrah kanthi tulus.

Reff. : Ironing susah lan bungah sadhengah kaanan,
Aku angidung memuji sokur, yéku karsaNya !

PS: Para Sadhèrèk, enerna manah panjenengan
dhumateng Gusti Allah.

U: **Kawula ngeneraken manah kawula dhumateng
Gusti Alah.**

PS: Wangsula kanthi tentrem-rahayu.

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah**

PS: Pinujia Gusti Allah kita

U: **Samangké ngantos ing salami-laminipun.**

BERKAH

PS: Tampènana berkahipun Gusti,
Mugi sih-rahmatipun Gusti Yésus Kristus nyekapi
panjenengan, katresnanipun Allah Sang Rama
nyantosakaken panjenengan, sarta patunggilan
kaliyan Sang Roh Suci nyembadani panjenengan,
samangké dumugi ing salami-laminipun. Amin.

U: (*ngidungaken*) **Haléluya [5x], Amin [3x]**

KIDUNG PANUTUPAN

U: (*ngidungaken KPJ 186: 4 Urip Kang Samesthiné*)

KPJ 186. URIP KANG SAMESTHINÉ

Do=Bes 4/4

4) Dhuh Gusti mugi rena nampi atur kawula,

Roh Suci anunggila, nuntun ing samarga.

Reff. : Ironing susah lan bungah sadhengah kaanan,
Aku angidung memuji sokur, yéku karsaNya !

Bahan Liturgi III

Minggu, 20 Oktober 2018

Katrangan

PS: Pelados Sabda

PL: Pelados Liturgi

U: Umat

L: Lèktor

P/D: Pinisepuh/Dhiaken

TUMEMEN NDEDONGA LAN MAKARYA



PACAWISAN

- *Ndedonga pacawisan ibadah*
- *Panyumeting lilin ibadah*
- *Wekdal ening kagem umat sacara pribadi*
- *Umat jumeneng*

--- *umat jumeneng* ---

NGEMPAL

PL: Haléuya! Padha saosa puji marang Gusti Allah ana ing pasucéné!

U: **Padha saosa puji marang Panjenengané ana ing cakrawalané kang santosa!**

PL: Padha saosa puji marang Panjenengané marga saka sakèhing kakiyatané,

U: **padha saosa puji marang Panjenengané marga saka kaluhurané kang ngébat-ébat!**

PL: Padha saosa puji marang Panjenengané kanthi swaraning kalasangka.

U: **Padha saosa puji marang Panjenengané kanthi clempung lan slukat!**

PL: Padha saosa puji marang Panjenengané kanthi terbang lan jejogédan,

U: **padha saosa puji marang Panjenengané kanthi swaraning clempung lan suling!**

- PL: Padha saosa puji marang Panjenengané kanthi kecèr kang kumencring,
- U: padha saosa puji marang Panjenengané kanthi kecèr kang gumenjrèng!
- PL: Kabeh kang ambekan karebèn padha saosa puji marang Pangéran Yéhuwah!
- U: **Haléluya!**
- P: Sumangga kita memuji kaluhuranipun Allah kanthi ngidungaken KPJ 23: 1-3 “Puji Mring Allah.”

KPJ 23. PUJI MRING ALLAH

Do=F 3/4

- 1) Puji mring Allah, Pangeran Kang Mahawisesa.
Muji ramnya, binarung lan sawernining gangsa.
Pangidungnya klayan bingah ing manah,
nggunggung Gusti ning pratitah.
- 2) Puji mring Allah kang sèstu adil pangrèhira.
ngreksa lan ngrimati srana lubèring berkahnya.
wah saklangkung gung sihnya mring tyang dosa.
tinebus temah waluya.
- 3) Puji mring Allah kang sung tentrem-raharja nyata.
tansah ngganjar begja mring tyang kang sèstu pracaya.
dadya dilah, andel-andel satuhu.
Pujinen lan trusing kalbu!

VOTUM

- PS: Pangibadah punika lumampah ing Asmanipun Allah
ingkang nitahaken langit kaliyan bumi. Panjenenganipun
sumbering pitulungan kita. Sih-kasetyanipun Allah
langgeng ing salami-laminipun.
- U: (*ngidungaken*) **Amin, Amin, Amin.**

SALAM

- PS: Gusti Allah nunggila ing panjenengan!
- U: **Nunggila ing panjenengan ugi!**

--- *umat lenggah* ---

ATUR PAMBUKA

PL: Ing salebeting karya, kita makarya, ing salebeting karya kita ndedonga. Ing salebeting karya lan pandonga brayat lan saben pribadi pinanggiha kaliyan Gusti Allah.

Para Sadhèrèk ingkang dipun tresnani Gusti Yésus, Dinten punika, ing Minggu ingkang kaping tiga wulan brayat punika, sumangga kita ngraos-raosaken wawan-pangandikan kita sesarengan kaliyan Gusti Allah. Jejering pangandika ingkang kita raos-raosaken ing pangibadah punika: "Tumemen nDedonga lan Makarya". Lumantar anggèn kita ndedonga lan makarya, kita ngraosaken rumaketing tetunggilan kita kalayan Gusti Allah, sumbering sih-rahmat. Sumangga kita mbangun gesang ing salebeting pandonga sesarengan brayat sarta lumantar tumindak kita padintenan. Sugeng ngibadah.

U: (*ngidungaken KPJ 169: 1-3 "Lamun Kawula"*)

KPJ 169. LAMUN KAWULA

Do=F 4/4

- 1) Lamun kawula, dhuw Rama, darbé atur panyuwun,
mugi kula nggih sageeda nrimah sakarsanipun.
Lir pandonganipun Gusti, "Ywa pikajeng kawula,
mung karsèng Rama pribadya kang tansah binabarna."
- 2) Sagung peparingé Allah saèstu munpangati;
mila kula tansah nrimah, sarta kanthi pamuji.
Lir pandonganipun Gusti, " Ywa pikajeng kawula,
mung karsèng Rama pribadya kang tansah binabarna."
- 3) Mung katresnaning Pangéran dados tuking panglipur;
mila sisah, karibedan, aturna Kang Maluhur.
Lir pandonganipun Gusti, " Ywa pikajeng kawula,
mung karsèng Rama pribadya kang tansah binabarna."

PANGAKEN DOSA

PL: Para Sadhèrèk, ing ngarsanipun Gusti Allah ingkang Mahamirah, sumangga kita sami mawas dhiri.

--- (*juru musik ngumandhangaken lelagon tanpa tembang/instrumentalia saking KPJ 61 “Saèstu Keduwung”.*

Sasampunipun juru musik anggènipun ngumandhangaken lelagon pikantuk satunggal pada, PL wiwit ndedonga, lelagon tanpa tembang tetep kaungelaken) ---

PL: Gusti, asring kawula sowan ing ngarsa Paduka namung menawi mbetahaken punapa ingkang kawula perlakukan. Asring, kawula sowan ing ngarsa Paduka amargi nyuwun berkah. Utawi, asring pandonga ingkang kawula unjukaken dhumateng Paduka punika, amargi kawula saweg ing salebetung kawontenan ajrih, kadhesek, mboten kasil sarta mboten gadhah pangajeng-ajeng. Dinten punika, ing ngarsa Paduka kawula séba nyuwun pangapunten lan pitulungan. Paduka mugi karsa mitulungi kawula, supados kawula kasagedna tumemen ndedonga ing sadhéngah kawontenan. Ugi ing salebetung pakaryan ingkang kawula tindakaken, pandonga-pandonga mugi tansah kaunjukaken dhumateng Paduka, supados ing sadhéngaha kawontenan, kawula tansah nunggil Paduka. Matur nuwun Gusti, dhumateng Paduka kawula ndedonga. Amin.

U: (*Ngidungaken KPJ 61: 1, 2, 4 “Saèstu Keduwung”*)

KPJ 61. SAÈSTU KEDUWUNG

Do=D 6/8

1) Saèstu keduwung kula, déné kirang setya.

Kadhawuhan kinèn tresna dhateng Allah wah sesami, nging tan ana bukti Aduh Gusti, nyuwun suci

2) Saèstu keduwung kula, dé gesang mung nglaho.

Kèlu pangwasaning dosa, mung nguja sengseming driya,

lampah tan prayogi. Adhuh Gusti, nyuwun suci.

- 4) Saèstu keduwung kula, nglirwakken kwajiban
mrih tuwuwing pasamuwan miwah gesangng bebrayan,
tentreming dumadi. Adhuh Gusti, nyuwun suci.

--- *umat jumeneng* ---

PAWARTOS SIH-RAHMAT

PS.: Gusti Allah nresnani sanget dhateng kita para sadhèrèk.
Awit saking punika, tampènana pawartos sih-rahmat,
ingkang kawedharaken déning Rasul Paulus ing serat
Roma 8: 26,

“Mangkono uga Roh iya mbiyantu kita ing sajroning
karingkihan kita; awit kita ora mangerti kepriyé kuduné
anggon kita ndedonga; nanging Roh piyambak ngaturaké
panyuwun marang Allah, kanthi pasambat kang ora
kaucapaké.”

Makaten pawartosing sih-rahmat saking Gusti!

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

--- (*umat sami jawat asta sinambi ngucapaken:*
**“Katentreman kang saking Gusti nunggila ing
panjenengan.”**) ---

U: (*ngidungaken KPJ 337: 1-2 “Dhahat Nyawaku Arerem”*)
KPJ 337. DAHAT NYAWAKU AREREM

Do=C 4/4

- 1) Dahat nyawaku arerem, lan atiku ayem tentrem,
wit Kang Ma kwasa karsa dadi etuking karaharjanku,
Pamomong ku setya tuhu, wah bebètèng lan panggungsènku.
Aku mesthi datan rebah, wit rineksa déning Allah.
- 2) Dhuh nyawaku sinaosna, reremira ing wardaya
mring Allah kan dakanti-ati. Déné Yéhuwah Pangéran
kang dadi parang santosa, pangauban lamun siniya;
aku mesthi tan gumiwang, wit Allah kang mengku gesang.

--- *umat lenggah* ---

PALADOSAN SABDA

Pandonga nampèni pangandikanipun Gusti

PS: (*Ngonjukaken pandonga nampèni pangandika*)
U: (*ngidungaken KPJ 197 “Kula Sampun iyaga”*)

KPJ 197. KULA SAMPUN SIYAGA

Do=G 4/4

Kula sampun siyaga, Gusti; sumadhiyo nampèni sabdamulya.
Kula sujud manembah Gusti, marak ngabyantara sapunika.
Mugi Gusti maringi berkah dhumateng kawula ing samangkya.
Kawula cumawis ing manah samekta ing gati.
Sabda Paduka datan éwah gingsir saking mula buka;
ugi sapunika wah salaminya. Sabda Paduka wonten gesang kula.
Manah kula sampun siyaga nampi sabda mulya.

--- (*ing salebetipun ngidung KPJ 197, Lèktor utawi para sadhèrèk ingkang kaparingan jejibahan maos Kitab Suci, kasuwun samekta ing ngajeng, ing papan maos Kitab Suci*) ---

Pamaosing Kitab Suci

Waosan Kapisan

L: (*maos Purwaning Dumadi 32: 22-31*)

Makaten Sabdanipun Gusti!

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Masmur Tanggapan

L: (*maos Jabur Masmur 121, saged kawaos gentosan kaliyan umat*)

Waosan Kaping Kalih

L: (*maos 2 Timotius 3: 14-4: 5*)

Makaten Sabdanipun Gusti!

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Pamaosing Injil

PS: Pamaosing Injilipun Gusti Yésus Kristus kapendhet saking
Lukas 18: 1-8.

Makaten Injilipun Gusti Yésus.

Ingkang rahayu inggih punika tiyang ingkang mirengaken
 sarta ngèstokaken pangandikanipun Gusti Allah. Haléluya!

U: (*ngidungaken*) **Haléluya, Haléluya, Haléluya!**

Khotbah

Wekdal Ening

--- *umat jumeneng* ---

PANGAKEN PITADOS

P/D: Sesarengan kaliyan umatipun Gusti Allah ing sadhéngah
 wekdal lan papan, sumangga kita ngénggalaken iman
 kapitadosan kita kanthi sesarengan ngucapaken Pangaken
 Pitados Rasuli, makaten

--- *umat lenggah* ---

PANDONGA SAFAAT

PS: (*Ngonjukaken pandonga syafaat, dipun pungkasi kanthi
 Donga Rama Kawula*)

PISUNGSUNG

P/D: Sumangga kita ngaturaken pisungsung kita kanthi
 medharaken sokur sarta pepujèn ingkang éndah kagem
 Panjenenganipun. Sumangga kita caos sokur kanthi
 ngèngeti dhateng pangandikanipun ing **2 Korintus 9: 7–8** ingkang makaten,

“Saben wong pisungsungé dikaya kang dadi rilaning
 atiné, aja kanthi sedhih utawa marga kapeksa, awit
 Allah iku ngasihi wong kang misungsung kanthi
 bungah. Lan Allah kuwaos nglubèraké sawernaning sih-
 rahmat marang kowé kabèh, supaya kowé padha tansah
 kacukupan ing samubarang lan padha linuwihna
 anggonmu nglakoni sarupaning panggawé becik.”

U: (*umat nyaosaken pisungsung sinambi ngidungaken KPJ 181: 1-3*)

KPJ 181 PUJI SOKUR KONJUK GUSTI

Do=Bes 4/4

- 1) Puji sokur konjuk Gusti, wit sih-rahmat Paduka;
datan kendhat angasihi, cihnaning kawlasanta.
Sokur paringing pakaryan, nadyan badamba ringkikh;
sokur déné kadang mitra tansah anandukken sih.
- 2) Sokur, déné sesekaran, sedhep, éndah ing warni;
sokur méga angantarksa, miwah surya ndadari.
Sokur krana bingah-sisah, Gusti tansah rumeksa;
awit Paduka kang tansah nuntun lampah kawula.
- 3) Sokur, wit brayat kawula rukun samya sinihan;
sokur déné pasamuwan nuwuhken katentreman.
Sokur, krana wancinira bingah utawi sisah;
sokur dé gesang kawula nèng pamengkuning Allah.

--- *umat jumeneng* ---

P/D: (*Ngonjukaken pandonga atur pisungsung*)

U: (*Ngidungaken KPJ 346a: 1-3 “Ndedonga lan Makarya”*)

KPJ 346a NDEDONGA LAN MAKARYA

Do=A 4/4

- 1) Ndedonga lan makarya kanthi trusing driya
mbabarken sihing Gusti mring sagung sesami,
murih tentrem raharja sumrambah sadonya.
Asmanyang Kang Mamulya pinuji slaminya.
- 2) Ndedonga lan makarya kanthi sukarena,
martosken Injil suci wrata ing sabumi,
mrih sih rahmating Gusti tinampi sesami,
temah samya wilujeng sarta gesang langgeng.

3) Ndedinga lan makarya ditansah waspada.

Yèn tinempuh panggodha tan gumiwang tiba,
Manggul salibing Gusti, manut ing préntahnya;
tansah setya ngabekti lan manteb pracaya.

PANGUTUSAN LAN BERKAH

PS: Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti Allah.

U: **Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti Allah.**

PS: Gusti Allah dados etuking kakiyatan kita!

U: **Samangké dumugi ing salami-laminipun.**

PS: Tumemena anggèn panjenengan ndedinga lan makarya.

U: **Kawula badhé tansah tumemen ndedinga lan makarya sesarengan brayat lan sesami.**

PS: Tampènana berkahipun Gusti,

“Muga-muga Allah, etuking pangarep-arep, menuhi kowé kabèh kanthi sakèhing kabungahan sarta tentrem-rahayu ing sajroning pracayamu, supaya marga saka sawabé Roh Suci, kowé nduwèni lubèring pangarep-arep.” (Roma 15: 13)

U: (*ngidungaken KPJ 466 “Amin, Haléluia”*)

KPJ 466. AMIN, HALÉLUYA

Mi=A 4/4

Amin, haléluia! Amin, haléluia!

Pinuji Paduka! Amin, haléluia!

WSN-DEN

Bahan Liturgi IV

Minggu, 27 Oktober 2018

Katrangan

PS: Pelados Sabda
 PL: Pelados Liturgi
 U: Umat
 L: Lèktor
 P/D: Pinisepuh/Dhiaken

**GUSTI ALLAH,
 SUMBERING
 KEKIYATANIPUN
 BRAYAT**



PACAWISAN IBADAH

- *Pandonga pacawisan ibadah.*
- *Panyumeting lilin ibadah.*
- *Wekdal ening kagem umat sacara pribadi.*
- *Umat jumeneng*

NGEMPAL

- PL: Manah kawula sampun cumawis, dhuh Allah,
 U: **kawula badhé ngidung, kawula badhé ngrepèk-
 aken masmur.**
- PL: Kawula badhé ngunjukaken pamuji sokur dhumateng
 Paduka wonten ing satengahipun para bangsa, dhuh
 Yéhuwah
- U: **saha badhé ngidungaken masmur kagem Paduka
 wonten ing tengahipun para suku bangsa;**
- PL: awit sih-kadarman Paduka punika agengipun ngungkuli
 langit,
- U: **saha kasetyan Paduka ngantos sundhul ing méga.**
- PL: Dhuh Allah, Paduka mugi karsaa ngluhuraken sarira
 ngantos ngungkuli langit,
- U: **saha kamulyan Paduka supados ngungkulana
 bumi sadaya.**
- (Jabur Masmur 108: 2, 4-6)
- U: (*Ngidungaken KPJ 21: 1-3 "Para Titah Sadaya sami
 Ngrepèkna". Ing salebetipun umat ngidungaken KPJ 21,*

*para palados pangibadah lumebet dhateng papan
pangibadah)*

KPJ 21 PARA TITAH SADAYA SAMYA NGREPÈKNA

Do = A 3/4

- 1) Para titah sadaya samya ngrepèkna kidung,
konjuk Hyang Makwasa kang gung ing sih susetya
Haléluja! Haléluja!
- 2) Pujinen Hyang Murbèngrat, Gusti kang gung sih-rahmat,
ngreksa lan ngayomi, ngrumati mrih lestari.
Haléluja! Haléluja!
- 3) Allah Kang Mawilasa wus nylametken manungsa,
slaminya pinuja, wah tansah pinundhia.
Haléluja! Haléluja!

VOTUM

PS: Pangibadah punika lumampah ing Asmanipun Guti Allah
ingkang nitahaken langit kaliyan bumi. Panjenenganipun
sumbering pitulungan kita. Sih-kasetyanipun Allah
langgeng ing salami-laminipun.

U: (*ngidungaken*) **Amin, Amin, Amin.**

SALAM

PS: Gusti Allah nunggila ing panjenengan!

U: **Nunggila ing panjenengan ugi!**

--- *umat lenggah* ---

ATUR PAMBUKA

PL: Para Sadhèrèk, Minggu punika kita badhé mungkasi
Wulan Brayat 2019. Jejering pangandika ingkang kita
suraosing pangibadah punika: “Gusti Allah: Sumbering
Kekiyatanipun Brayat”. Ing salebetipun brayat ngadhepi
sawernining pepalang sarta karibedaning gesang samang-
ké, brayat-brayat Kristen tinimbalan supados tansah
ngajeng-ajeng dhumateng pitulunganipun Allah sarta

suméndhé dhateng kakiyatan peparingipun Gusti Allah ing gesang padintenan kita.

U: (*Ngidungaken KPJ 326: 1-4 “Punika Brayat Kula”*)

KPJ 326 PUNIKA BRAYAT KULA

Do=D 4/4

Kakidungaken sadaya umat

- 1) Punika brayat kula, brayat tentrem kang ngangeni.
Sinten dados tanggelan? Namung Pangéran pribadi.
Refrein : Saiba prayoginya, lamun Gusti kang rumeksa,
temah tanpa rubéda, sagotrah manggih raharja.

Kakidungaken para putra

- 2) Saiba éndahira, tyang-sepuh dadya tuladha,
sagunging para putra sami nulad pakartinya.

Kakidungaken sadaya umat

Refrein : Saiba prayoginya, lamun Gusti kang rumeksa,
temah tanpa rubéda, sagotrah manggih raharja.

Kakidungaken para tiyang sepuh

- 3) Nalika nandhang sisah, kula sadaya ndedonga;
kala ngraosken bingah, saos sokur kang sumengka.

Kakidungaken sadaya umat

Refrein : Saiba prayoginya, lamun Gusti kang rumeksa,
temah tanpa rubéda, sagotrah manggih raharja.

Kakidungaken sadaya umat

- 4) Sagriya angudia dadya brayat kang rumantya,
ngantos dados panutan, tumraping brayat sembada.

Refrein : Saiba prayoginya, lamun Gusti kang rumeksa,
temah tanpa rubéda, sagotrah manggih raharja.

PANGAKEN DOSA

PL: Para Sadhèrèk, brayat punika mujudaken patunggilanipun tiyang-tiyang ingkang celak kaliyan gesang kita. Brayat ugi dados papanipun saisining brayat sesareangan tuwuhan salebetung kapitadosan dhumateng Sang Kristus. Wonten manunggaling gesang, patunggilan, kabingahan, pang-

gunggung ingkang campur-bawur ing satengahing brayat. Ananging, mbok bilih ugi wonten raos kuciwa, kasisahan, karingkihan, sesengitan, pasulayan ing satengahing brayat amargi saking dosanipun utawi kalepatanipun gezelitinan brayat. Gusti Allah ngersakaken brayat ingkang wetah, tinangsulan déning katresnan sarta gregeting manah apura-ingapura. Wekdal punika, sumangga kita mawas dhiri sarta ndedonga secara pribadi ing ngarsanipun Gusti Allah, ngakeni sadaya dosa utawi kalepatan kita dhu-mateng sesamining warganeting brayat, sarta nyuwun pangapuntening dosa ingkang badhé damel pulihing sesambedian kita ing salebetting brayat kanthi suméndhé dhateng kakiyatan peparingipun Allah.

--- (*Umat kacawisan wekdal kanggé ndedonga secara pribadi, ngakeni dosanipun. Sasampunipun cekap PL nutup pandonga pangakening dosa*) ---

U: (*Ngidungaken KPJ 61: 1-2 "Saèstu Keduwung"*)

KPJ 61. SAÈSTU KEDUWUNG

Do=D 6/8

- 1) Saèstu keduwung kula, déné kirang setya.
Kadhwuhan kinèn tresna dhateng Allah wah sesami, nging tan ana bukti Aduh Gusti, nyuwun suci
- 2) Saèstu keduwung kula, dé gesang mung nglahu.
Kèlu pangwasaning dosa, mung nguja sengseming driya, lampah tan prayogi. Adhuh Gusti, nyuwun suci.

--- *umat jumeneng* ---

PAWARTOS SIH-RAHMAT

PS: Gusti Allah nresnani sanget dhateng kita para sadhèrèk. Awit saking punika, tampènana pawartos sih-rahmat, ingkang kawedharaken déning Rasul Paulus ing serat Roma 5: 5-6,

“Déné pangarep-arep iku mesthi ora bakal nguciwani, awit sihé Allah wis kaesokaké ing ati kita déning Roh Suci, kang wis pinaringaké marang kita. Awitdéné ing nalika kita isih padha apes, ing wektu kang katemtokaké déning Allah, Kristus wis nglampahi séda kanggo kita para wong duraka.”

Makaten pawartosing sih-rahmat saking Gusti!

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

--- (*umat sami jawat asta sinambi ngucapaken:*
“Katentreman kang saking Gusti nunggila ing panjenengan.”) ---

U: (*ngidungaken KPJ 335: 1-2 “Ana Prau Layar”*)

KPJ 335. ANA PRAU LAYAR

Do=G 4/4

- 1) Ana prau layar margi raharja,
 Gusti kang dadi Juru mudhi nira;
 sapa kang arep uwal king cintaka,
 nungganga ing prauné mesthi waluya.
 Koor. : Nungganga kanca! mara nungganga!
 Aja wedi ing ombak wah prahara;
 dé prauné Gusti mesthi datan kéntir,
 mesthi slamet lakuné. Mula ja kwatir.

- 2) Tan ana pangunsèn liyané Gusti,
 kang wus ananggel karaharjan kula.
 Tan ana manèh prau kang santosa,
 wah kang bakuh nadyan tinempuh prahara.
 Koor. : Nungganga kanca! mara nungganga!
 Aja wedi ing ombak wah prahara;
 dé prauné Gusti mesthi datan kéntir,
 mesthi slamet lakuné. Mula ja kwatir.

--- *umat lenggah* ---

PALADOSAN SABDA

Pandonga nampèni pangandikanipun Gusti

PS: (*Ngonjukaken pandonga nampèni pangandika*)

Pamaosing Kitab Suci

Waosoan Kapisan

L: (*maos Yérémia 14: 7-10, 19-22*)

Makaten Sabdanipun Gusti!

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Masmur Tanggapan

L: (*maos Jabur Masmur 84: 2-8, saged kawaos gentosan kaliyan umat*)

Waosoan Kaping Kalih

L: (*maos 2 Timotius 4: 6-8, 16-18*)

Makaten Sabdanipun Gusti!

U: **Puji sokur konjuk Gusti Allah!**

Pamaosing Injil

PS: Pamaosing Injilipun Gusti Yésus Kristus kapendhet saking **Lukas 18: 9-14.**

Makaten Injilipun Gusti Yésus.

Ingkang rahayu inggih punika tiyang ingkang mirengaken sarta ngèstokaken pangandikanipun Gusti Allah. Haléluya!

U: (*ngidungaken*) **Haléluya, Haléluya, Haléluya!**

Khotbah

Wekdal Ening

--- *umat jumeneng* ---

PANGAKEN PITADOS

P/D: Sesarengan kaliyan umatipun Gusti Allah ing sadhéngah wekdal lan papan, sumangga kita ngénggalaken iman kapitadosan kita kanthi sesarengan ngidungaken Pangaken Pitados kados ingkang kawrat ing KPJ 122: 1-4

KPJ 122. KULA PITADOS

Do=G 4/4

- 1) Kula pitados ing Allah, Sang Rama Kang Makwasa;
ingkang nitahaken langit lan bumi saisinya.
Kula pitados ing Gusti Yésus Kristus
Kang Putra ontang - anting lan kekasih,
Gusti Pamarta kula.
- 2) Kang sampun kabobotaken sing kwasané Roh Suci;
miyos saking prawan Maryam, nahanaken pisakit
kala Pontius Pilatus ingkang ngasta bupatya:
sinalib nglampahi séda, tumedhak mring antaka
- 3) Tigang dintenipun wungu sing antaka, dyan minggah
dhatem suwarga, apinarak nèng tengenipun Allah
Sang Rama Kang Mahakwasa, king ngriku badhé rawuh.
angadili tiyang ingkang gesang lan ingkang pejah.
- 4) Nggih pitados ing Roh Suci wah malih wontenipun
pasamwan Kristen satunggil, kang suci sarta umum.
Patunggilané pra suci, pangapuntening dosa,
tanginira para mati, kang sarta gesang baka.

--- *umat lenggah* ---

PANDONGA SAFAAT

PS: (*Ngonjukaken pandonga syafaat, dipun pungkasi kanthi Donga Rama Kawula*)

PISUNGSUNG

P/D: Sumangga kita ngaturaken pisungsung kita kanthi medharaken sokur sarta pepujèn ingkang éndah kagem Panjenenganipun. Sumangga caos sokur kanthi ngucap makaten,

P/D+U:

“Sang Yehuwah iku kakuwatanku lan tetamèngku, atiku kumandel marang Panjenengané. Aku wus kapitulungan, mulané atiku bungah-bungah, sarta aku ngunjukaké panuwun marang Panjenengané kalawan kekidungan.” (Jabur Masmur 28: 7)

U: (*umat nyaosaken pisungsung sinambi ngidungaken KPJ 179:1-2*)

KPJ 181 PISUNGSUNG KAGEM GUSTI

- 1) Pisungsung kagem Gusti, sinaosken klayan bingah; tan owel miwah kepeksa, nging kanthi éklas ing manah. Yèn kumed kang sinebar, nggih kumed pangundhuhnya; yèn loma kang sinebar, nggih loma pangundhuhnya.
Reff.
Kula sami memuji mring Allah Kang Mahamirah; srana penambut kardi, saged nampèni berkah.
Kula mboten was sumelang ing sadhéngah kabetahan, yèn pitados mring Gusti, mesthi datan kekirangan.
- 2) Pisungsung kagem Gusti, tan namung bandha kadonyan; ugi raga-badan kita, dadosa korban kang gesang. Nindhakken karseng Allah, nggih ibadah sejati; tan kentir ombyaking jaman, nging manut pangrehe Gusti.
Reff.

--- *umat jumeneng* ---

P/D: (*Ngonjukaken pandonga atur pisungsung*)

U: (*Ngidungaken KPJ 320: 1, 3 “Kang Nuntun Laku Utama”*)

KPJ 320 KANG NUNTUN LAKU UTAMA

- 1) Kang nuntun laku utama yèku sabdaning Allah. Wulangna mring brayat ira tan kendhat saben wayah.
Reff.

Gya undhangna sabdèng Allah babaring sih rahmatnya,
mring sagunging pra tumitah, amrih tentrem raharja

- 3) Brayat di tansah ngabekti ndedonga lan memuji;
nampa sabda saka swarga, ngabdi kanthi sembada.
Reff...

PANGUTUSAN LAN BERKAH

- PS: Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti Allah.
- U: **Kawula ngeneraken manah dhumateng Gusti Allah.**
- PS: Gusti Allah dados etuking kakiyatan kita!
- U: **Inggih, Gusti Allah punika sumbering kekiyataniipun brayat kita.**
- PS: Gesanga ing salebetting katresnanipun Gusti Allah, sarta dadosa seksinipun Gusti Allah ing setya tuhu.
- U: **Kawula badhé dados brayat ingkang dados seksi tumrap katresnanipun Allah.**
- PS: Tampènana berkahipun Gusti,
“Muga-muga Allah, etuking pangarep-arep, menuhi kowé kabèh kanthi sakèhing kabungahan sarta tentrem-rabayu ing sajroning pracayamu, supaya marga saka sawabé Roh Suci, kowé nduwèni lubèring pangarep-arep.” (Roma 15: 13)
- U: (*ngidungaken KPJ 466 “Amin, Haléluja”*)

KPJ 466. AMIN, HALÉLUYA

Mi=A 4/4

Amin, haléluja! Amin, haléluja!
Pinuji Paduka! Amin, haléluja!

Bahan

Panyuraos Kitab Suci



**Minangka satunggaling
bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika
prelu dipun olah malih jumbuh
kaliyan kawontenanipun
pasamuwan piyambak-
piyambak.**

Bahan Panyuraos Kitab Suci Brayat 1

Waosan: Éfesus 2:1-10

Pirantos ingkang prelu dipun cawisaken:

- ✓ Kertas asturo (kertas karton) ukuran 40 x 60 cm werninipun saged jené utawi ijem.
- ✓ Spidol werni cemeng.
- ✓ Menawi ingkang rawuh ing Panyuraos Kitab Suci punika upaminipun 10 kulawarga/brayat, kertas asturo lan spidol ingkang dipun cawisaken prayogi langkung saking 10.

DADOS BRAYAT INGKANG NANGGAPI PAKARYANIPUN GUSTI ALLAH



Ancas:

Anggotaning brayat mangertos bilih pakaryaning kawi-lujengan punika salah satunggaling pakarya-nipun Gusti Allah ingkang prelu dipun tanggapi kanthi kesanggeman kanggé nindakaken kasaénan-kasaénan wonten madyaning bebrayan agung.

KIDUNG PAMBUKA

KPJ 256. GUSTI SINALIB ING GOLGOTA

Do=G 4/4

- 1) Gusti sinalib ing Golgota ngrembat dosaning para jalma, srana rah kang suci sampurna. Puji asmany!

*Reff. : Swawi muji asmany! swawi muji asmany!
Srana rahé, kita tinebus. Puji asmany!*

- 2) Saiba begjaning awakku, lamun Yésus dadya duwèkku, kang angluwari saka dosa. Puji asmany!

*Reff. : Swawi muji asmany! swawi muji asmany!
Srana rahé, kita tinebus. Puji asmany!*

- 3) Rahé dadya tuking uripku, kang wus ngrembat sagung dosaku.
Kita rineksa kanthi setya. Puji asmanya!
Reff. : ...
- 4) Gya samya marek mring salibé, dimèn kinumbah srana rahé.
Pasrahna jiwa-raga kita! Puji asmanya!
Reff. : ...

NDEDONGA SESARENGAN

(Ndedonga sesarengan katuntun déning salah satunggaling anggotaning brayat)

WAOSAN KITAB SUCI: ÉFESUS 2: 1-10

(Ayat Kitab Suci Éfesus 2: 1-10 kawaos déning salah satunggaling putra)

LAMPAHING PANYURAOS KITAB SUCI

(lampahing Panyuraos Kitab Suci katuntun déning salah satunggaling tiyang sepuh)

A. Katrangan tumrap Efesus 2:1-10

(Kawaosna katrangan ing ngandhap punika)

“Brayat ingkang Nanggapi Pakaryanipun Gusti Allah”

Ing gesangipun masyarakat Jawi, wonten salah satunggaling wewarah: “Urip iku Urup”. Wewarah punika ngginakaken tembung-tembung ingkang mèmper, ananging bédha wonten ing aksara nywara, *huruf vocal*. “Urip” tegesipun gesang, déné “Urup” tegesipun uruping latu. Dados, “Urip iku Urup” punika saged kita jarwani “Gesang punika Murup”.

“Urip iku Urup” nggadhahi makna bilih gesang punika kedahipun maringi paédah ingkang saé kanggé tiyang sanès ing sakiwa tengenipun. Saya ageng paédah ingkang kita aturaken temtu badhé saya saé kanggé kita punapadéné kanggé sesami

kita. Ananging menawi namung sekedhik sanget paédah ingkang kita aturaken, sampun ngantos kita dados tiyang ingkang damel mboten jenjemipun masyarakat. Paédah ingkang kita aturaken ibarat latu ingkang murub, ananging sanès latu ingkang mbesmi sarta nyirnakaken punapa kémawon. Latu ingkang nggadhahi makna minangka cahya ingkang tansah sumorot lan sumunar madhangi saben jangkahing gesangipun manungsa ngener dhateng margining kaleresan.

Dados “Urip iku Urup” punika satunggaling wewarah ingkang ngajak kita kanggé nindakaken satunggaling prekawis ingkang saé, ingkang ndhatengaken paédah kanggé tiyang sanès, supados saben tiyang saged lumampah ing margining kaleresan. Prakawis punika selaras kaliyan pangandikanipun Gusti ing Éfesus 2: 10, “Marga kita iki titahé Allah, katitahaké ana ing Kristus Yésus, supaya padha nglakoni panggawé becik kang kacawisaké Allah sadurungé. Panjenengané ngarsakaké supaya kita padha urip kaya mangkono.”

Punapa sababipun Gusti Allah ngersakaken kita supados nindakaken pandamel saé ingkang kacawisaken déning Gusti Allah sadérèngipun?

1. Amargi kita sampun kawilujengaken

Ing waosan Kitab Suci wekdal punika, Rasul Paulus nglairaken punapa ingkang katindakaken déning Gusti Allah kanggé tiyang dosa. Panjenenganipun ngandharaken adeg tuwin kawontenaning gesangipun manungsa, sadérèngipun tiyang punika pitados dhumateng Gusti Yésus Kristus sarta sasampunipun pitados dhumateng Gusti. Rasul Paulus kepéngin supados Pasamuwan Éfesus lan tiyang-tiyang ingkang maos seratipun saya mangertos bédaning ingkang sanget antawisipun kawusaninanipun dosa lan kawusaninanipun sih-rahmat. Tiyang ingkang gesang ing sajawining Sang Kristus nggadhahi gesang kasukman ingkang suwung sarta gesang ing salebeting karingkhanipun ngadhepi jagad. Kosokwangslipun, tiyang

ingkang gesang ing salebeting Sang Kristus badhé kagesangaken, kaanyaraken, sarta katangèkaken kanggé gesang ing kamulyaning panguwaosing pamarintahan tuwin wewenanging Sang Kristus.

Kaélokuning sih-rahmatipun Gusti Allah sampun ngedalaken kita saking blethokaning dosa ingkang ngédab-édabi sarta mapanaken kita wonten ing papan kamulyanipun Gusti Allah. Leres sanget menawi dipun ngandikakaken bilih tiyang ingkang gesang tanpa Sang Kristus sayektosipun pejah. Dosa sampun damel regeding manahipun tiyang, damel petenging budi, damel lumpuhing pikajengan ingkang saé, sarta pungkasanipun ngloropaken tiyang dhateng karisakan. Ananging, kawontenan punika ngalami éwah-éwahan selaras kaliyan pakaryaning kawilujengan ingkang katindakaken déning Gusti Allah. Kita ingkang suwau pejah déning kalepatan lan dosa kita, wusananiipun pikantuk pangajeng-ajeng énggal ing Sang Kristus. Manah kita kapulihaken, budi kita dipun padhangi, sarta gesang kita katuntun ngener dhateng gesang langgeng.

Awit saking punika, nanggapi pakaryan agungipun Gusti Allah ingkang kados makaten punika, sampun samesthinipun kita nindakaken pandamel-pandamel saé ingkang sampun kacawis-aken déning Gusti Allah kanggé kita. Minangka tiyang ingkang sampun nampèni kasaénanipun Gusti Allah, mila kedahipun kita ugi nindakaken kasaénan dhumateng tiyang sanès. Sih-rahmating kawilujengan ingkang sampun kita tampèni saking Gusti Allah, kedahipun mberek kita kanggé nindakaken punapa ingkang saé, ingkang dipun kersakaken déning Gusti Allah. Dados, pandamel saé punika mujudaken tanggapan kita ingkang leres ingatasipun pakaryan agungipun Gusti Allah.

2. Amargi kita punika abdinipun Gusti Allah

Kanthy ngandika, “Kowé biyèn padha dumunung ana ing kono, awit kowé manut lakuning donya iki, lan mbangun-miturut

marang pamaréntahé pangwasaning akasa, yaiku roh kang saiki lagi nandukaké dayané ana ing satengahé para wong duraka” (Éfesus 2:2) Rasul Paulus ngémutaken dhateng Pasamuwan Éfesus bilih sadèrèngipun wanuh lan pitados dhumateng Sang Kristus, tiyang-tiyang ing Éfesus punika abdinipun rohing kadurakan. Awit saking punika, pandamel-pandamel ingkang katindakaken tiyang-tiyang Éfesus punika pandamel-pandamel ingkang nglawan dhateng karsanipun Gusti Allah, saéngga ing ngarsanipun Gusti Allah, tiyang-tiyang Éfesus wau dados tiyang duraka. Wusananiipun, tiyang-tiyang Éfesus punika dipun dukani déning Gusti Allah lan gesangipun ngener dhateng karisakan.

Rasul Paulus ugi ngakeni bilih tiyang Kristen Yahudi rumiyin ugi sami kaliyan tiyang-tiyang sanès Yahudi. Tiyang-tiyang Yahudi punika rumiyin ngabdèkaken dhirinipun dhateng hawa-napsuning daging sarta nuruti pangangen-angen ingkang awon, ngantos sami nglirwakaken dhateng prakawis-prakawis karohanèn. Gesangipun langkung dipun eneraken dhateng kacekapaning kabetahan hawa-napsu tuwin pepénginaning dhiri pribadi, ngantos asring tiyang-tiyang punika nglirwakaken punapa ingkang dados karsanipun Gusti Allah.

Makaten ugi tumrap kita. Sadèrèngipun kita wanuh lan pitados dhumateng Gusti Yésus Kristus, rak inggih ta kita ugi ngabdèkaken dhiri kita dhateng panguwaosing pepeteng ingkang ndayani kita pitados dhateng panguwaos-panguwaos sanès sajawining Gusti Allah? Rumiyin kita rak inggih ngabdèkaken dhiri ugi dhateng hawa-napsu lan pikiran-pikiran kita ingkang duraka, ngantos pandamel-pandamel ingkang kita tindakaken condhong namung damel mareming hawa-napsu tuwin pepénginan kita kémawon?

Ananging, kanthi pakaryaning kawilujenganipun Allah, Panjenenganipun sampun ngéwahi adeg kita saking

ngabdèkaken dhiri dhateng rohing pepeteng, hawa-napsu kadagingan, tuwin dhateng pangangen-angen duraka; dados tiyang ingkang-tiyang ingkang ngabdèkaken dhiri dhumateng Gusti Allah. Kita sanès abdinipun dosa malih, ananging kita punika abdinipun Gusti Allah. Salah satunggaling bukti éwah-éwahaning adeg punika mawujud wonten ing kesanggeman kita nindakaken pandamel-pandamel saé ingkang kita sumpun kacawisaken déning Gusti Allah. Satunggaling abdi ingkang tumemen anggènipun ngabdèkaken dhiri dhumateng bendaranipun, sumpun temtu piyambakipun badhé nindakaken punapa kémawon ingkang dipun kersakaken bendaranipun. Makaten ugi kedahipun tumrap kita.

Alesan kalih kasebat punika ingkang kedahipun nalesi kita nindakaken kasaénan-kasaénan ing salebetung gesang. Kawilujengan kita pancèn kelampahanipun mboten amargi pandamel saé kita, ananging Gusti Allah nyawisaken mawarni-warnining pandamel saé kanggé tiyang ingkang sumpun kawilujengaken. Dados pandamel saé punika sanès sarana ingkang kedah dipun jangkepi sadèrèngipun nampi kawilujengan, ananging wujuding caos sokur awit saking kawilujengan sarta wujud nyata saking kesanggeman kita ngabdèkaken dhiri kita dhumateng Gusti Allah. Gesang kita badhé dados aji lan damel renaning panggalihipun Gusti Allah, menawi kita sumadhiya nindakaken pakaryan ingkang sumpun kacawisaken déning Gusti Allah.

B. Pitakènan Kanggé Bahan Pirembagan

(Sasampunipun maosaken saben pitakènan, kacawisana wekdal kanggé saben gegelitaning brayat nglairaken pamanggihipun, sasampunipun punika kadamelan ringkesan sesareangan ing ngatasipun pamanggih-pamanggih ingkang sumpun kalairaken)

1. Manut pamanggih panjenengan, nindakaken kasaénan ing satengahing bebrayan agung samangké mujudaken

- prakawis ingkang gampil utawi angèl? Punapa ingkang ndadosaken angèl? Punapa ingkang ndadosaken gampil?
2. Ing salebetung brayat kita wekdal samangké, kinten-kinten pandamel saé punapa ingkang saged kita tindakaken kanggé brayat kita? (*Kawiwitan saking bapak, ibu, lan pungkasan para putra*)
 3. Punapa kasaénan-kasaénan ingkang sampun kita ucapaken wau sapunika sampun lan tansah badhé kita tindakaken ing salabeting brayat kita? Kénging punapa?
 4. Minangka brayat Kristen ingkang kapapanaken déning Gusti Allah ing salebetung jagad ingkang modhèren wekdal samangké, pandamel-pandamel saé punapa ingkang saged kita tindakaken kanggé tiyang sanès tuwin kanggé tiyang-tiyang ing sakiwa-tengen kita?
 5. Saking sadaya wangsluan kita ing nomer 4 wau, kinten-kinten manut pamanggih panjenengan pundi ingkang prayoginipun énggal kita tindakaken sesarengan minangka brayat Kristen?

C. Prajanjèn Ngayahi Jejibahan

Kadamela komitmen utawi prajanjèn ngayahi jejibahan sesarengan kaliyan anggotaning brayat sarta kaserata prajanjèn punika wonten ing kertas asturo ngéngingi:

1. Bab-bab ingkang badhé katindakaken déning saben anggotaning brayat (bapa, ibu, dalah putra-putra) minangka gambaran wujuding pandamel saé ing satengahing brayat.
2. Bab-bab ingkang badhé katindakaken sesarengan minangka wujuding pandamel saénipun brayat ing satengahing masyarakat.

NDEDONGA

(*Ndedonga katuntun déning satunggaling tiyang sepuh, ndongakaken prajanjèn ngayahi jejibahan ingkang sampun*

*kadamel sesarengan lumantar Panyuraos Kitab Suci kagem
Brayat ing wekdal samangké)*

KIDUNG PANUTUP

KPJ 326 PUNIKA BRAYAT KULA

Do=D 4/4

- 1) Punika brayat kula, brayat tentrem kang ngangeni.

Sinten dados tanggelan? Namung Pangéran pribadi.

Refrein : Saiba prayoginya, lamun Gusti kang rumeksa,
temah tanpa rubéda, sagotrah manggih raharja.

- 2) Saiba éndahira, tyang-sepuh dadya tuladha,

sagunging para putra sami nulad pakartinya.

Refrein : ...

- 3) Nalika nandhang sisah, kula sadaya ndedonga;

kala ngraosken bingah, saos sokur kang sumengka.

Refrein : ...

- 4) Sagriya angudia dadya brayat kang rumantya,

ngantos dados panutan, tumraping brayat sembada.

Refrein : ...

--ooOoo--

YW-DEN

Bahan Panyuraos Kitab Suci Brayat 2

Waosan: Pangentasan 12:1-12

Ayat Nas: Pangentasan 12:11

BRAYAT KANG JUMAGA



Pengantar

Mboten wonten manungsa ingkang saged mesthèkaken punapa ingkang badhé kalampahan bénjang-énjang, Minggu ngajeng, punapa déné taun ngajeng. Manungsa mboten saged mangertos lelampahan ingkang badhé dipun adhepi. Ingkang saged katindakaken inggih namung jumaga, cecawis saksaged-sagedipun kanggé ngadhepi warni-warni prekawis. Jumaga kanggé ngadhepi punapa ingkang badhé kelampahan mboten namung ing gesang pribadi, nanging ugi ing gesangning brayat. Saben brayat mesthi ngadhepi kathah momotan saha tantangan ingkang mboten saged kakinten wekdalipun. Momotan asring tuwuhan sacara mboten dinuga, lan saged ngribedi malah mbubrahaken gesangning brayat. Saben brayat kedah nyawisaken dhiri kanggé ngadhepi sadhéngah prekawis.

Andharaning Waosan Kitab Suci

Jumaga punika wigati sanget. Kados nalika umat Israel badhé medal saking Mesir, saking tanah pangawulan. Nalika semanten, saben brayat nampi dhawuh saking Gusti Allah lumantar nabi Musa, kanggé nyawisaken Bujana Paska. Ingkang wigati inggih dhawuhipun Gusti ing Pangentasan 12:11, “*Patrapé mangan iku mangkéné: lambungmu sabukana, sikilmu nganggoa trumpah lan tanganmu nyekela teken, anggonmu mangan kanthi rerikatan, iku Paskahé Pangéran Yéhuwah.*” Kawontenan ingkangkados mekaten saged kaanggep mboten limrah, awit saben brayat ngawontenaken kembul Bujana Paska kanthi sami manganggé rasukan kanggé kekésahan. Lambung kaiket sabuk, suku manganggé trumpah, lan asta nyepengi teken. Anggènipun dhahar Bujana Paska ugi kedah rerikatan. Punika nélakaken

anggènipun saben brayat kedah jumaga kanggé miwiti lampah, medal saking Mesir.

Nalika nampi dhawuh supados sami cecawis kanggé medal saking Mesir, kinten-kinten punapa ingkang dipun galih dening umat Israél, lan punapa kemawon pecawisanipun?

- Mbayangaken lampah ingkang tebih.
Saben brayat, mirungganipun para tiyang sepuh mesthi sampun saged nggagapi lan mbayangaken bilih sasam-punipun medal saking Mesir lajeng badhé mlampah tumuju papan ingkang tebih. Mila anggénipun mlampah mboten namung setunggal-kalih dinten, malah kepara pinten-pinten wulan lan taun. Sami sadhar bilih kawontenan punika mbetahaken pecawisan ingkang mirunggan, kakiyataning badan lan ugi tekad ingkang ageng.
- Mbayangaken kawontenan ing ara-ara samun.
Mangertosi kawontenan. Mboten namung mangertosi bab jarak ingkang tebih, nanging ugi kawontenan ing ara-ara ingkang badhé dipun liwati. Ing ngriku mesthi kathah prekawis ingkang badhé dipun adhepi, kadosta: hawa bentèr, toya lan tetedhan ingkang winates. Kawontenan punika saged mbebayani kanggé tiyang diwasa, punapa malih kanggé laré alit.
- Nyawisaken sangu.
Nalika sampun wiwit mangertos kawontenan ing sauruting margi ingkang badhé dipun liwati, lajeng saben brayat nyawisaken barang-barang ingkang saged kabekta dados sangunipun. Sedaya ingkang dipun darbeki lan saged kabekta mesthi dipun angkut.
- Nyawisaken dhiri saha sedaya anggotaning brayat.
Lelampahan medalipun bangsa Israél saking Mesir punika mboten namung katindakaken déning para tiyang sepuh, nanging ugi para laré, lan para kasepuhan. Saisining brayat sami tumut, sami nyawisaken dhiri. Para tiyang sepuh mboten namung cecawis kanggé dhirinipun piyambak, wigati ugi nyawisaken para laré. Saben tiyang sepuh

ndhampingi para laré punika lan maringi katrangan supados mangertosi kawontenan sarta nggadhahi pangajeng-ajeng ingkang sami. Kanthi makaten sedaya brayat sami mangertos lan sumadhiyo sesarengan lumampah tumuju tanah prajanjian, sami sengkuyung-sinengkuyungan, sangkul-sinangkul nalikanipun ngadhepi prekawis.

Mlampahtumuju dhateng papan ingkang anyar, ingkang dèrèng dipun mangertosi panci mbetahaken tekad ingkang ageng. Kejawi punika saben brayat ugi kedah nunggilaken raos/manah supados nalika ngadhepi prekawis mboten sami salah-sinalahan. Bangsa Israèl naté ngalami kawontenan ingkang kadosmekaten. Nalika wonten prekawis ing ara-ara samun malah sami nggrundel lan nuding nglepataken nabi Musa, mboten mitadosi tuntunanipun Gusti Allah.

Cak-cakaning Gesang

Jaman modern punika sedaya sarwi maju, nanging ugi nuwuuhaken werni-werni tantangan. Ngadhepi sedaya punika ibaratipun mlampahting ara-ara samun kadosdéné bangsa Israèl, utawi kadya baita ingkang miwiti anggènipun lelayaran ing samodra. Mila saben brayat kedah sami cecawis, jumaga ngadhepi sadhénghah prekawis ingkang badhé nempuh. Sinau saking brayat-brayat bangsa Israèl nalika badhé medal saking Mesir, pecawisan punika katindakaken déning sedaya warganeting brayat. Tiyang sepuh kedah saged ndhampingi, nuturi, lan ngèngetaken warganeting brayat supados waspada.

Ing jaman modern punika, kasunyatan ingkang kedah dipun gatosaken déning saben brayat:

- Tiyang sepuh ingkang kirang ngraos-raosaken kawontenan (*Sadar konteks*).

Gegandhengan kaliyan kamajenganing tèknologi (internèt, dunia maya, mèdia social, HP, laptop) kathah tiyang sepuh ingkang mboten mangertos, malah kepara mboten preduli. Nganggep dhirinipun mboten betah, lan nganggep sedaya punika namung urusanipun para laré/tiyang-tiyang enèm. Nganggepipun internèt punika namung kanggé *komunikasi*

kémawon kadosdéné tilpon/SMS. Kamangka ing salebeting internèt (dunia maya lan mèdia sosial) kathah prekawis ingkang saged njolomprongaken manawi mboten dipun kendhalèni. Kadosta: *hate speech, berita hoax* (kabar apus-apus), *judi* (ngabotohan), lan *pornografi* (tonotonan/gambar saru). Manawi tiyang sepuh mboten purun sinau kanggé mangertosi kawontenan jaman *modèrn* punika, kados pundi sagedipun nenuntun lan ndhampingi para laré kanggé jumaga?

mBoten perlu rikuh manawi ing jaman *modèrn* punika *kebo nusu gudèl*, tiyang sepuh sinau saking ingkang langkung anèm (larénipun) supados sesareangan sami-sami mangertosi kawontenan.

- Para laré langkung ngrumaosi ewah-ewahing jaman (*sadar konteks*) tinimbang tiyang sepuh.
Ing sisih sanès, jaman *modèrn* punika wonten pangaribawa ingkang positip, ingkang saged dados margi kanggé para laré anggènipun ngudi berkah/rejeki saking Gusti Allah. Internèt sampun mbikak wewengan supados sami saged makarya, damel usaha sacara online (kawaos onlèn). Kathah mudha/mudhi ingkang milih dados pengusaha online tinimbang pados padamelan *konvensional* (dados pegawai, karyawan, PNS). Émanipun, amargi tiyang sepuh ingkang kirang ngrumaosi ewah-ewahing jaman jaman. Tiyang sepuh nganggep sedaya punika pilihan ingkang mboten saé, mboten njamin gesang lan masa depan. Punika kalampahan para laré taksih dipun peksa pados pedamelan konvensional. Wusananiipun malah dados dredah antawisipun tiyang sepuh kaliyan larénipun.
- Para laré langkung pitados dhateng katrangan ing internét katimbang saking tiyang sepuhipun.
Internét nyawisaken sedaya katrangan ingkang dipun betahaken, sanadyan sedaya punika dereng temtu leres. Para laré langkung remen lan gampil ngetutaken katrangan saking jagading internèt katimbang saking tiyang sepuh. Pados katrangan saking internét punika mboten lepat,

nanging tiyang sepuh ingkang kedah waspada lan ndhampungi sarta nuntun para laré punika supados mboten keblondrok. Kados pundia kémawon tiyang sepuh punika ibarat nahkodha ingkang ngeneraken lampahipun para laré tumuju ing arah ingkang leres. Tiyang sepuh kedah saged dados kanca kanggé para laré, kanggé rerembagan ing sedaya prekawis.

Para tiyang sepuh, sanadyan saking jaman ingkang bédha ananging kedah purun sinai mangertosi kawontenan ing jaman samangké supados saged mangertos momotan ingkang karaosaken déning para laré. Kejawi punika para laré ugi sami remen manawi badhé pitakèn dhateng tiyang sepuh ipun. Kanthi makaten, saben brayat saged mlampah sesarengan, jumaga sesarengan, kanggé ngadhepi sedaya prekawis ingkang tinempuh.

Bahan Diskusi

- a. Punapa kemawon ingkang kedah kacawisaken déning brayat-brayat Kristen supados saged jumaga ing jaman samangké?
- b. Punapa ingkang kedah dipun tindakaken déning tiyang sepuh?
- c. Punapa ingkang kedah dipun tindakaken déning para laré?
- d. Ing pundi Gusti Allah kedahipun kapapanaken?

**Bahan Panyuraos Kitab Suci
Brayat 3**

Waosan Kitab Suci:
Lukas 5:1-11

**“MANCALA
MENYANG ING
PAPAN
KANG JERO”**



1. Pandonga Pambuka

2. KPJ 14. Kula Samya Tetunggilan

Kula sanya tetunggilan ngabekti mring Pangéran,
wit sinungan kacekapan wah bagas kasarasan.

Refrein:

Kula tansah nggunggung Gusti lan ajrih asih yekti,
Wit ing ayoming sihira sèstu tentrem raharja.

Kula rinoban ing begja rinten dalu tan kendhat,
ing kalampahan prasaja dalah srana mukijat. *Refrein:*

Kula rinimat ing Gusti, sarta sagunging titah,
mangsa kang silih gumanti, samukawis mung éndah.
Refrein:

Kawula nggih binerkahan lantaran mitra kadang:
sumanaking pitepangan tan wonten memengsahan.

Refrein:

3. Panganthi

(*kaandharaken déning salah setunggaling warga*)

Kamajenganing pirantos komunikasi rikat sanget, nanging
wekdal lan wewenganing salebetting brayat malah sangsaya
cupet. Wekdal kanggé lenggah sesarengan ing antawisipun
warganeting brayat namung kanggé ngobrol kémawon dados
bab ingkang angèl kawujudaken. Karépotan warganeting

brayat asring dados pawadan, awit mboten saged dipun sélaki, nalikanipun bapa anggènipun wangslu saking nyambut damel dalu sanget, asring sémah lan anak sampun sami tilem angler. Mekaten ugi nalikanipun bidhal nyambut damel, anak lan sémah dèrèng sami tangi.

Kamangka srana ngempalipun warganeting brayat, warganeting brayat saged sangsaya sami-déné mangertosi langkung lebet, temah saged mujudaken patunggilan ingkang karenan ing ngarsanippun Gusti. Nalikanipun saged mujudaken pepanggihan ing salebeting brayat, punika sih-rahmatipun Gusti.

4. Dhialog

Samidéné ngandharaken pamanggih ingkang kapimpin déning salah satunggaling tiyang sepuh, kawiwitinan srana pitakènan:

- Apa kang kokrasakakè minangka warganeting brayat?
- Apa kang kokkarepaké bisa kelakon ing satengahing brayat kita?

5. Nyinau Tèks

Waosan: Lukas 5:1-11 (kawaos gentosan/sesautan)

(Andharan Tèks kawaos déning salah setunggaling warga)

Kados-déné para rabi Yahudi, Gusti Yésus mboten namung mulang ing papan-papan pangibadah, nanging ugi ing sajawining papan pangibadah. Saged ugi anggènipun Gusti Yésus nindakaken kanthi kepeksa awit anggènipun katampik déning para pangajenging agami. Ing satunggaling dinten Panjenenganipun wonten ing gisiking seganten Genesarèt, déné tiyang kathah sami mirengaken piwulang-ipun. Temtu kémawon sami suk-sukan, temah Gusti Yésus ngersakken kabiyantu déning sawetawis among mina supados kaparengaken ngagem praunipun. Panjeneunganipun minggah ing praunipun Simon, prau punika dipun

tebihaken sawetawis mèter saking dharatan, lajeng Panjenenganipun nglajengaken piwulangipun ing gisikan. Sasampunipun rampung memulang, Panjenenganipun ngandika dhateng Simon, supados mancal praunipun ing papan ingkang langgung lebet malih kanggé njala ulam. Srana patrap punika Simon dipun cobi punapa piyambakipun badhé pitados dhateng Gusti Yésus punapa malah nggegujeng Panjenenganipun. Awit para sakabat sampun sedalu muput anggénipun nyambut damel kanthi saèstu mboten wonten pikoléhipun. Punapa ing wanci dalu punika alam nembé kirang sumanak dhateng Simon? Wanci dalu punika rak wanci ingkang saé kanggé amèk ulam? Simon ugi saged kémawon atur wangslan: “mokal yèn pados ulam sapunika, awit minangka para amèk mina kawakan lan pengalaman, kawula mangertos bilih inggih wanci dalu punika wekdal ingkang paling saé, temtu ugi kula mangertos papan ingkang kathah ulamipun ingkang pundi. Nanging... inggih sampun, éwadéné margi saking dhawuh Paduka, kula inggih badhé ndawahaken jala sepisan malih..!” Atur wangslan punika ujuding bukti bilih Simon kadudut manahipun déning pribadinipun Gusti Yésus, déning pangandika lan pakaryanipun. Kita saged nganggep tembung “awit déné” ing atur wangslanipun Simon minangka pangakening kapitadosanipun, sanadyan dèrèng asipat langgeng, taksih sauntawis, awit Pétrus dèrèng mangertos kanthi satuhu sinten Gusti Yésus punika. Pétrus ugi ngrumaosi dhateng kasagedan lan pengalaman ingkang dipun gadhahi, dalu punika piyambakipun mboten sagah nelukaken alam supados saged mendhet ulamipun. Temah mboten wonten pilihan sanès kejawi pitados, nindakaken dhawuh lan kersanipun Sang Kristus.

Srama pitados, nindakaken pangandika lan karsanipun Sang Kristus, Pétrus wantun mancal dhateng panggènan ingkang langkung lebet. Ing papan ingkang langkung lebet wonten langkung kathah ulamipun tinimbang ing pinggiran. Awit anggénipun Pétrus wantun ngadhepi tantanganing gesang, mujijat kelampahan. Mujijat, bilih kathah ulam ingkang

saged kajala, nélakaken dhateng Simon Pétrus bilih pangandikanipun Gusti Yésus punika kebak ing panguwaos. Yèn alam ing wanci dalu pancèn kirang sumanak nanging ing wanci siyang punika, Gusti Yésus sampun damel ulam-ulam punika ndhatengi Simon temah saged dipun jala. Gusti Yésus saged ngendikan lan tumindak kanthi cara ingkang nglangkungi pitembungan lan tumindakipun manungsa limrah. Mila Simon Pétrus kagèt!

Simon Pétrus ingkang purun mirengaken lan nindakaken pangandikanipun Gusti Yésus supados mancal dhateng papan ingkang langkung lebet, ndadosaken piyambakipun sangsaya mengertosi lan tepang pribadinipun Gusti Yésus langkung lebet.

6. Trap-trapan

Kita sinau saking Simon Pétrus ingkang purun mirengaken dhawuhipun Gusti Yésus. Saged ugi dumugi sapriki kita kirang anggèn kita samidéné mirengaken. Kita minangka warganing brayat asring meksakaken pikajeng kita. Kita asring minangka tiyang jaler meksakaken pikajeng kita dhateng sémah. Minangka tiyang èstri ugi remen meksakaken pikajeng dhateng sémah. Kita minangka tiyang-sepuh meksakaken pikajeng dhateng para laré tanpa purun mirengaken punapa ingkang dipun kajengaken. Malah minangka brayat ugi asring mekasakaken pikajeng dhateng Kristus tanpa purun ngèstokaken pangandika lan kersanipun.

Pranyata nalika kita mboten purun samidéné mirengaken, temtu kita mboten badhé samidéné paham lan tepang langkung lebet. Pramila, mangga kita mancal langkung lebet malih, temah ing salebeting brayat wonten pemulihan. Mangga kita samidéné mirengaken lan mangertosi ing satengahing brayat, temah brayat kita lestari.

Srana ndadosaken Gusti Yésus juru-mudhining brayat kita, temtu kita kedah purun mirengaken lan ngèstokaken

pangandikanipun, temah brayat kita pantes kapisung-sungaken dhumateng Gusti.

7. Dhialog

- a. Tantanganing gesang punapa ingkang sapunika dipun adhepi déning brayat?
 - b. Adhedhasar pangandikanipun Gusti dinten punika, punapa ingkang prelu katindakaken supados warganing brayat wantun ngadhepi tantanganing gesang?
8. **Pandonga Safaat lan Panutup** (*kapimpin déning salah satunggaling tiyang sepuh*)
9. **Pepujèn KPJ 320 Kang Nuntun Laku Utama**

Kang nuntun laku utama yéku sabdaning Allah.

Wulangna mring brayatira tan kendhat saben wayah.

Refrein:

Gya undhangna sabdèng Allah babaring sih-rahmatnya,
Mring sagunging pra tumitah, amrih tentrem-raharja.

Brayat ditansah angudi nilingken sabdèng Gusti
sarta padha anindakna kanthi tulusing driya. *Refrein:*

Brayat ditansah ngabekti ndedonga lan memuji
nampa sabda saka swarga, ngabdi kanthi sembada. *Refrein:*

Brayat kang manunggal budi, karem sabdaning Allah,
gumregut dènnya leladi sumaos mring Yéhuwah. *Refrein:*

Bahan Panyuraos Kitab Suci Brayat 4

Waosan Kitab Suci:
Lukas 18:9-14

AJA NJEKSANI!*



Prolog

Isu bab *Lesbian, Gay, Bisèksual, lan Transgènder*, utawi ingkang limrah sinebut "LGBT" dèrèng rampung, malah sangsaya gayeng. Temtu, wonten ingkang pro lan kontra, wonten ingkang sarujuk wonten ingkang mboten, gegayutan kaliyan bab punika. Ingkang pro langkung ndhasari pamanggihipun ing isu Hak Asasi Manusia. Tiyang-tiyang punika sami yakin bilih LGBT mujudaken *peparing* (*given*—saking ngaluhur), kados déné takdir—temah mboten wonten pilihan malih tumrap kaum LGBT. Dénè, ingkang kontra nyepengi piwulang Kitab Suci agaminipun piyambak-piyambak, ugi tatanan (*norma*) ing masyarakat.

LGBT mujudaken fénoména sosial, ingkang mboten namung kedadosan ing sajawining gréja, nanging ugi kita panggihing salebetting gréja. Ing kasunyataning gesang, ugi ing gréja, kita kadhang manggihaken kanca ingkang nggadhahi solah tingkah (*sifat*) kados tiyang jaler sanadyan èstri utawi ingkang nggadhahi solah tingkah (*sifat*) èstri sanadyan piyambakipun jaler (limrahipun sinebut wandu=ora lanang ora wadon).

*Kados pundi patrap panjenengan
tumrap sedhérék-sedhérék punika?*

* Panyuraos Kitab Suci (PKS) punika kaleksanakaken kanthi métodhe PKS Berstruktur. Pemimpin PKS badhé ngajak para rawuh maos bahan, lajeng nindakaken kegiyatan adhedhasar instruksi ing péranginan ingkang kaketik miring.

Waosan Kitab Suci

Lan marang wong sawatara kang nganggep awake dhéwé sampurna sarta ngrémèhaké marang wong liya, Panjenengané paring pasemon mengkéné: "Ana wong loro mlebu ing Padaleman Suci arep ndedonga; kang siji wong Farisi, sijiné juru-mupu-béya. Wong Farisi iku ngadeg lan ndedonga sajroning atiné mangkéné: Dhuh Allah, kawula ngunjukaken genging panuwun wonten ing ngarsa Paduka, déné kawula mboten sami kaliyan tiyang-tiyang sanès, sanès rampog, sanès tiyang ingkang tumindak sawenang-wenang, sanès tiyang ingkang lampah jina saha mboten kados juru-mupu-béya punika. Kawula siyam kaping kalih seminggu, sedaya pamedal kawula, kawula pisungsungaken saprasedasanipun. Kosokbaliné juru-mupu-béya iku mung ngadeg ana ing kadohan, malah tumenga marang ing langit baé ora wantun, nanging mung tebah-tebah dhadha sarta munjuk mengkéné: Dhuh Allah, kawula tiyang dosa mugi Paduka welasi. Aku pitutur marang kowé: Wong iki saunduré mulih kaanggep sampurna, déné sijiné mau ora. Awit sing sapa ngluhuraké awake dhéwé, bakal kaasoraké, déné kang ngasoraké awake dhéwé, iku bakal kaluhuraké." (Luk. 18:9-14).

Kawaosa pasemon ing nginggil!

Ing pasemonipun Gusti Yésus punika, ing antawisipun tiyang kalih punika punapa ingkang bédá lan punapa ingkang sami?

Wekdal semantan masyarakat Yahudi kapérang tigang golongan. Kapisan, golongan Farisi ingkang ngugemi sanget pranataning Torèt secara tlesih. Kaping kalih, golongan Èsèni ingkang mundur saking kawontenan ingkang ramé kanggé manunggil kaliyan Allah ing salebeting pandonga lan médhitasi. Kaping tiga, golongan Saduki ingkang ketinggal langkung liberal lan asring nerak Torèt.

Ing sajawining tigang golongan punika, wonten tiyang ingkang nyambut damel dados juru-mupu-béya. Golongan punika dipun sengiti sanget déning tiyang Yahudi. Para juru-mupu-béya punika kaanggep lintah dharat, malah nyidrani bangsa. Awit,

juru-mupu-béya punika sami nyedhot rahiing bangsanipun piyambak dhemi kauntungan penajah Romawi.

Kados pundi patrapipun tiyang Farisi punika tumrap juru-mupu-béya? Kados pundi patrapipun juru-mupu-béya punika tumrap tiyang Farisi?

Tiyang Farisi punika santer sanget anggènipur ngucap lan njlèntréhaken sedaya prèstasi ingkang sampun kagayuh. Kanthi mongkog anggènipur njlèntréhaken setunggal mbaka setunggal: mboten sami kados-dénè tiyang-tiyang sanèsipun, sanès rampog, sanès tiyang ingkang tumindak sawenang-wenang, sanès tiyang ingkang lampah jina saha mboten kados juru-mupu-béya; siyam kaping kalih seminggu, sedaya pamedali kawula, kawula pisungsungaken saprasedasanipun.

Miturut Panjenengan kéging punapa pandonganipun tiyang Farisi kados mekaten? Kéging punapa piyambakipun prelu mbandhingaken dhirinipun kaliyan juru-mupu-béya?

Juru-mupu-béya sajakipun ngrumaosi dhirinipun. Piyambakipun ngrumasosi kawontenanipun, rumaos prelu ngadeg ing katebihan, mboten wantun tumenga dhateng ing langit tebah-tebah dhadha sarta munjuk, “Dhuu Allah, kawula tiyang dosa mugi Paduka welasi.”

*Kéging punapa juru-mupu-béya ndedonga kados mekaten?
Kéging punapa piyambakipun mboten mbandhingaken
dhirinipun kaliyan ahli Torèt?*

Tumindakipun tiyang Farisi punika mesthi mboten badhé natoni manahipun juru-mupu-béya awit dipun ucapaken ing sale-beting manah. Nanging, awit kasucènipun Allah, Allah mboten badhé toléran kaliyan tumindakipun punika! Gusti Yésus nandhesaken bilih juru-mupu-béya punika wangsul minangka tiyang ingkang kaanggep sampurna déning Allah.

Rumaos leres piyambak pancèn béda kaliyan kaleresaken déning Allah. Sepisan malih, tiyang Farisi punika kesupèn bilih piyambakipun sampun kaanggap leres déning Allah temah kepareng sowan ing ngarsanipun Allah. Pramila, saleresipun piyambakipun mboten prelu ngleresaken dhirinipun piyambak; langkung-langkung nganggep asor tiyang sanès.

Miturut Pascal, wonten kalih werni tiyang. Tiyang-tiyang leres, ingkang nganggep dhirinipun nandhang dosa; lan tiyang-tiyang ingkang dosa, ingkang nganggep dhirinipun leres.

Panjenengan kalebet ingkang pundi? Ingkang nganggep dhiri nandhang dosa utawi ingkang nganggep dhiri leres?

Épilog

Gegayutan kaliyan LGBT, kita prelu mbédakaken kanthi cetha ing antawisipun kecenderungan sèksual lan perilaku sèksual. Kecenderungan sèksual—homosèksual, héterosèksual, lan bisèksual punika mboten lepat. Ingkang lepat punika nalika tiyang ngumbar nafsunipun kanggé maremaken dhirinipun piyambak. Punika ateges, saben tiyang katimbalan gesang suci ing ngarsanipun Allah. Lan ingkang langkung lepat inggih punika nalika kita njeksani tiyang adhedhasar kecenderungan sèksualipun!

Kados pundi saleresipun patrap Panjenengan tumrap tiyang ingkang gadhah solah tingkah (sifat) kados tiyang jaler sanadyan èstri utawi ingkang gadhah solah tingkah (sifat) kados èstri sanadyan jaler? Punapa ingkang badhé Panjenengan tindakaken tumrap sadhèrèk- sadhèrèk punika?

YMI/WMS

Bahan

Panyuraos Kitab Suci

Adiyuswa



**Minangka satunggaling
bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika
prelu dipun olah malih jumbuh
kaliyan kawontenanipun
pasamuwan piyambak-
piyambak.**

**Bahan Panyuraos Kitab Suci
Adiyuswa**

Waosoan Kitab Suci:
Kolose 3: 5-17

**DADOSA ADIYUSWA
INGKANG REMEN
SINAU**



**Métodhe Panyuraos Kitab Suci (PKS):
Berbagi Praksis Kristen (*Shared Christian Praxis*)**

Katrangan:

Supados métodhe PKS punika saged lumampah kanthi saé, prayogi PKS punika katindakaken ing kelompok alit (wetawis tiyang 5-7). Kelompok alit kados mekaten prayogi tumraping para adiyuswa ingkang mbetahaken wadhah kanggé mbagèkaken uneg-uneg saha cariosipun ugi anggènipun sami ngraos-raosaken gesangipun wonten ing Gusti.

Panuntun PKS

Kathah tiyang mboten sami ndhisiplinaken dhirinipun kanggé tetep sinau tanpa kendhat ngantos puputing yuswa. Tiyang-tiyang kados mekaten padatanipun sami netepaken dhirinipun mandheg sinau sasampunipun rumaos diwasa. Upaminipun sasampunipun umuripun langkung saking 17 utawi 21 taun, utawi sasampunipun rampung pasinaonipun, utawi sasampunipun gadhah gelar sarjana, sampun nggadhhah padamelan ingkang nyekapi gesang kajasmanèn, lan sapatunggilanipun. Temahanipun tiyang-tiyang kados mekaten mboten sami saged ngalami prosès transformasi utawi éwah-éwahan ingkang lumintu ing dhirinipun. Tiyang-tiyang kasebat lajeng dados tiyang-tiyang ingkang mboten sigap ngawékaní saha ngadhepi éwah-éwahan ingkang dumados.

Lumantar bahan PKS punika para adiyuswa kaajak nggesangi moto utawi semboyan “Sinau wonten ing sauruting gesang”

(“*belajar sepanjang hayat*” utawi *long life learning*) amargi ingkang kados mekaten punika ingkang dipun kersakaken Gusti saha sinerat wonten ing Kitab Suci.

Urut-urutaning PKS

1. Nyariyosaken Pengalaman saha ngolah pengalaman

- a. Kados pundi pamanggih Ibu/Bapak tumrap semboyan “Sinau wonten ing sauruting gesang” utawi “*Belajar sepanjang hayat*”? Kaaturan paring panjawab utawi katrangan kanthi cekak aos!
- b. Kénging punapa Ibu/Bapak kagungan pamanggih ingkang kados mekaten? Kaaturan paring panjawab utawi katrangan kanthi cekak aos!
- c. Punapa Ibu/Bapak kalebet tiyang ingkang nindakaken semboyan “Sinau wonten ing sauruting gesang”?
 - Menawi kalebet, kaaturan Ibu/Bapak nyebataken punapa kémawon ingkang sampun Ibu/bapak tindakaken ingkang nedahaken semboyan kasebat! Mumpangat punapa ingkang Ibu/bapak pethik saking nindakaken semboyan kasebat? Punapa utawi sinten ingkang mbereg utawi paring sugesti dhumateng Ibu/Bapak satemah Ibu/Bapak nindakaken semboyan kasebat?
 - Dhumateng Ibu/Bapak ingkang dèrèng nindakaken semboyan kasebat: “Kénging punapa Ibu/Bapak dèrèng nindakaken? Pembangan, pepalang utawi prekawis punapa ingkang ndadosaken Ibu/Bapak dèrèng nindakaken?”

2. Ngraos-raosaken Pangandikanipun Gusti

Wonten ing teges sejatinipun, sinau punika satunggaling bab ingkang kelampahan wonten ing sauruting gesang

manungsa. Pramila punika, wonten ing jagading pawiyatan utawi pasinaonan, kita wanuh kaliyan semboyan "Sinau wonten ing sauruting gesang" utawi "*Belajar sepanjang hayat*" utawi *long life learning*. Semboyan kasebat inggih satunggaling gagasan utawi penggalihan ngèngingi prosès sinau ingkang kelampahan tanpa kendhat ingkang kedah dipun lampahi déning saben tiyang, wontena pundi kémawon, saha kaliyan sintena kémawon. Kanthi tansah sinau, tiyang badhé saged nututi ombyaking zaman saha saged nganyaraken pangertosanipun. Pramila bab kados mekaten ugi wigatos dipun tindakaken déning para adiyuswa.

Sinau dados sarana mbiyantu kita wewah ing pangertosan saha pengalaman, satemah saged dados pribadi ingkang sangsaya diwasa lan mandhiri. Kanthi mekaten kita tansah saged ngalami éwah-éwahaning gesang utawi *transformasi* dhiri wonten ing sauruting gesang kita. Inggih punika *transformasi* tumuju ing kasaénan.

Saben kita ingkang remen sinau badhé tansah ndadosaken prosès sinau kasebat minangka pérangan ingkang wigatos wonten ing gesang. Sedaya punika badhé saged mbiyantu kita saged kuwagang ngawékaní éwah-éwahan ingkang tuwuuh ing kiwa tengen kita, ugi éwah-éwahan ingkang tuwuuh saking prosès sinau ingkang sampun dipun tindakaken. Malah olèh-olèhaning prosès kasebat saged dados pancadan kanggé kita sangsaya mempeng sinau cecawis ngawékaní éwah-éwahan sanèsipun ingkang badhé tansah tuwuuh wonten ing kiwa tengen kita. Punika wigatos awit éwah-éwahan punika satunggaling bab ingkang mboten saged dipun sélaki lan éndhani. Prosès sinau kados mekaten badhé nuwuuhaken éwah-éwahaning sikep, tumindak saha kapribadèn ingkang sangsaya diwasa lan mateng tumraping para tiyang ingkang purun tansah sinau.

Sesambutan kaliyan semboyan kasebat, waosan Kitab Suci dinten punika (Kolosé 3:5-17) kanthi cetha nedahaken bilih manungsa panci kedah sinau wonten ing sauruting gesangipun. Dados, minangka tiyang Kristen kita ugi kedah dados tiyang ingkang remen sinau, sepintena kémawon yuswa kita.

Pitakènanipun, “Kita tansah sinau kanggé punapa? Kita tansah sinau supados kita saged dados tiyang ingkang sangsaya saé lan sangsaya langkung saé tumuju ing titi wanci Gusti nyampurnaaken sedayanipun nalika Panjenenganipun rawuh malih ing jagad punika.

Kolosé 3:9-10 kanthi cetha nélakaken, “... marga kowé wus padhangrucat kamanungsan lawas sapratinckahé, lan wus ngrasuk kamanungsan anyar **kang tansah binangun**, supaya olèh kawruh sanyata kang miturut citrané Kang Nitahaké.”

Tembung “tansah binangun” (“terus-menerus diperbarui”) nedahaken wontenipun prosès ingkang kedah dumados ing gesangipun tiyang pitados supados saged sami tansah nglampahi gesang anyar wonten ing Gusti. Gesang anyar mboten saged dumados sacara otomatis sasampunipun kita dipun baptis utawi ngaken pitados dhumateng Sang Kristus minangka Gusti lan Juruwilujeng. Gesang anyar mbetahaken prosès ingkang kedah dipun lampahi kanthi tegen, setyo lan asikep gesang ingkang gumantung kaliyan Gusti. Amargi prastawa baptisan utawi pangaken pitados namung dados satunggaling wiwitan kanggé kita masrahaken gesang kita wonten ing panguwaos, katresnan saha tuntunanipun Gusti.

Wonten ing prosès kasebat kita sinau lan tansah sinau dipun wangun déning Gusti. Kita sinau dados tiyang ingkang remen sinau wonten ing Gusti. Kita dados muridipun Gusti ingkang kedah sregep, tegen, sarta tinarbuka dhumateng punapa kémawon saha sintena kémawon amrih kasaénaning gesang

kita, dados pribadi ingkang sangsaya dangu sangsaya saé miturut ing karsanipun Gusti. Kita saged sinau saking pengalamaning gesang ingkang dipun idinaken Gusti lumampah ing gesang kita. Kita saged sinau saking tiyang-tiyang ingkang dipun idinaken Gusti srawung kaliyan kita, dadosa tiyang ingkang sampun sepuh, para mudha mekatena ugi para laré, dadosa ing satengahing brayat, padamelan, gréja mekatena ugi ing masyarakat. Kita ugi kedah sinau saking Kitab Suci, buku-buku rohani sarta manéka warni seserepan ingkang munpangati tumraping gesang lair punapa déné batin.

Sikep purun sinau saking punapa kémawon lan sintena kémawon amrih kasaénan kita, tanpa mawang yuswa, pangkat, drajat, saha padamelan, punika cocok kaliyan punapa ingkang kaserat ing Kolosé 3:11. Wonten ing ayat punika sinerat, “Ing kono wus ora ana wong Yunani utawa wong Yahudi, wong tetakan utawa wong ikutan, wong Barbar utawa wong Skit, batur tukon utawa wong mardika, nanging Gusti Yésus Kristus iku kang ngabèhi lan ana ing samubarang kabéh.”

Bab kados mekaten malah dados bab ingkang mirungga saking prosès sinau wonten ing sauruting gesang ingkang kedah katindakaken déning tiyang Kristen. Wonten ing prosès kasebat adeging sedaya tiyang punika sami, mboten wonten ingkang langkung pinter utawi pinunjul lan mboten wonten ingkang langkung bodho utawi asor. Amargi sejatosipun, Gusti paring bab ingkang mirungga dhumateng saben tiyang kadosa punapa kawontenaning gesangipun, amargi saben tiyang katitahaken miturut ing gambar saha pasemonipun Gusti (Kitab Purwaning Dumadi 1:26). Pramila punika kita saged sinau saking sintena kémawon. Ingkang sepuh mboten isin sinau saking ingkang aném lan para laré. Mekatena ugi ingkang anem lan laré ugi purun sinau saking ingkang sepuh. Wonten ing prosès sinau kasebat, dadosa

tiyang ingkang sepuh, aném saha laré ugi mboten rumaos langkung pinter saking sanèsipun. Sedaya sami purun sinau saking setunggal lan setunggalipun.

Bab ingkang mirungga sanèsipun saking prosès sinau wonten ing sauruting gesang ingkang kedah katindakaken déning tiyang Kristen inggih punika bilih prosès kasebat mboten namung dumados minangka prosès alamiah kémawon ananging ugi dumados minangka prosès ilahi. Tegesipun, wonten campur astanipun Gusti lumantar pakaryaning Sang Roh Suci wonten ing prosès kasebat. Inggih Sang Roh Suci ingkang sampun dipun paringaken dhumateng saben tiyang pitados.

Kita memuji sokur kanthi trusing manah awit kita punika tiyang-tiyang pepilihanipun Gusti Allah ingkang dipun sucèkaken saha kinasihan déning Panjenenganipun (Kolosé 3:12). Awit saking punika kita kedahipun nindakaken punapa ingkang kaserat ing Kolosé 3:16-17, “Muga pangandikané Sang Kristus dumunung ana ing antaramu kalawan lubèr satemah anggonmu padha **wuruk-winuruk** lan éling-ingélingaké nganggo sakèhing kawicaksanan apadéné sinambi nglagokaké masmur lan puji-pujian sarta kidung kasukman, kowé padha saos sokur marang Gusti Allah sajroné atimu. Lan sadhèngah apa kang koktindakaké kalawan tembung utawa kalawan panggawé iku kabèh lakonana atas asmané Gusti Yésus, kambia saos sokur marang Gusti Allah, Rama kita lumantar Panjenengané.”

Wonten ing tuntunan sih saha panguwaosipun Gusti, sumangga kita sami tansaha dados tiyang ingkang remen sinau. Sinau supados langkung saé ing bab nyandhang asih welas, kaloman, andhap asor, alusing bebudèn lan sabar (Kolosé 3:12b). Sinau supados langkung remen asung pangapunten dhateng tiyang sanès saha nindakaken katresnan kados ingkang dipun wucalaken Gusti Yésus. Inggih ingkang kados mekaten punika ingkang dipun kersakaken déning ayat 10

kanthi tembung 'supaya olèh kawruh sanyata kang miturut citrané Kang Nitahaké'.

Sumangga kita dados tiyang ingkang remen sinau, ingkang tansah kanthi andhap asor sinau saking punapa kémawon lan sintena kémawon. Sumangga kita dados tiyang-tiyang ingkang purun tinarbuka ngadhepi éwah-éwahan punapa kémawon awit jaman punika tansah ngalami éwah-éwahan. Mugi kanthi mekaten kita saged tansah gesang wonten ing kabingahan saha kabegjan. Amin.

3. Ngraos-raosaken Pengalaman Rikala Rumiyin Kanthi Teges Anyar

- Punapa wonten pangertosan saha pamanggih Ibu/Bapak ingkang dipun korèksi utawi dipun kekahaken déning pangandikanipun Gusti ingkang kita raos-raosaken kalawau? Menawi wonten, kaaturaken nyebataken kanthi cekak aos!
- Bab mirungga utawi piwucal punapa kémawon ingkang Ibu/Bapak pethik saking pangandikanipun Gusti ingkang kita raos-raosaken kalawau?

4. Rancangan Tumindak Nyata Gesang Anyar

Sasampunipun ngraos-raosaken Pangandikanipun Gusti kalawau, punapa kémawon ingkang badhé Ibu/Bapak tindakaken sacara nyata ing gesang padintenan kanggé ngecakaken semboyan "Sinau wonten ing sauruting Gesang" utawi "*Belajar Sepanjang hayat*"?

MH



Bahan

Pakempalan Pandonga



**Minangka satunggaling
bakalan, punapa ingkang
kacawisaken ing buku punika
prelu dipun olah malih jumbuh
kaliyan kawontenanipun
pasamuwan piyambak-
piyambak.**

Pakempalan Pandonga 1

Waosan: Yusak 24:14-15

**NGURI-URI
PASARUJUKAN
GESANG SESARENGAN
ING BRAYAT**

**1. WEKDAL ENING PRIBADI****2. PEPUJÈN**

KPJ 329. SAIBA GUNGING NIKMATNYA

Saiba gunging nikmatnya, lamun sadhèrèk sagriya
sami rukun ing pitepangan.

Pundi dununging katesnan, mesthi tansah kadhwahan
berkahing Allah lan kraharjan, kanggènan Allah pribadya,
miwah gesang salaminya.

3. PANDONGA**4. PEPUJÈN**

KPJ 199:1. MARA SIRA RUNGOKNA

Mara sira rungokna swaranya.

Kori thinotok cetha; tilingna!

Gusti kang karsa mlebu, mara énggal wengakna!

Ywa nganti gawé cuwa, wengakna!

5. WAOSAN KITAB SUCI: Yusak 24:14-15

NAS: Yusak 24:15b

“...Nanging mungguh ing aku sakulawangsaku iki, aku bakal padha ngabekti marang Pangéran Yéhuwah.”

6. RENUNGAN

**Nguri-Uri Pasarujukan
Gesang Sesarengan Ing Brayat**

Punapa penjenengan pirsa film Keluarga Cemara? Film punika nyariyosaken bab dhinamika gesangipun sawijining brayat

ingkang prasaja. Keluarga Cemara kawitan kagiyar-aken RCTI ing taun 1996-2002. Salejengipun, dipun giyar-aken déning sawetawis televisi ing Indhonésia (TV 7, TVRI, lan MNC TV).

Taun 2018, carios Keluarga Cemara dipun garap malih kanthi agrak énggal kanggé film layar lebar, lan dipun giyaraken ing gedhong bioskop Indhonésia. Pranyata, film punika nampi pangayubagya ageng déning masyarakat.mekaten ugi, nalika dipun giyaraken ing SOAS University London tanggal 23 Mei 2019, Keluarga Cemara pikantuk pangayubagya positif saking masyarakat Inggris.

Keluarga Cemara nyariyosaken dhinamika gesangipun Abah lan Emak kaliyan anakipun, Euis, Ara, lan Agil. Kacarios-aken, wiwitanipun brayat punika gesang kacekapan. Nanging, ing satunggaling wekdal Abah nampi *pemutusan hubungan kerja* (PHK). Abah kécalan padamelan ingkang dados sumbering pamedalipun brayat ingkang utami. Lajeng, Abah nyambut damel dados tukang bécak. Emak sesadéan opak. Anakipun tiga sami sesadéan kué ideran, kanggé njejegaken ékonominining brayat.

Inggih mekaten, sasampunipun Abah ngalami PHK, lajeng dados mlarat. Keluarga Cemara ngalami prahara ageng. Ibaratipun satunggaling prau, gesangging brayat katempuh ing prahara ageng. Kita mangertos, praharaning kamiskinan gampil nuwuhaken manéka prekawis, konflik, lan benthèting brayat.

Nanging, pranyata prahara ingkang nempuh punika mboten damel risak lan kèreming prau Keluarga Cemara. Brayat saged ngatasni kanthi saé, awit warganig brayat nggadhahi pasarujukan ingkang kiyat. Sedaya sami sarujuk bilih: “Bandha ingkang paling aos punika brayat. Kraton ingkang paling éndah punika brayat. Geguritan ingkang paling nggadhahi makna punika brayat. Mutiara ingkang tanpa upami punika brayat.” Pasarujukan punika saben dinten dipun uri-uri déning warganing brayat.

Pasarujukan punika ugi ingkang ndadosaken gesanipun sami ndayani lan kebak ing semangat. manéka warni tarunging batosipun (*pergumulan*) brayat, katampi kanthi binuka lan jembaring jaja déning warganing brayat. Sawarnining ujuding prekawis, kangèlan/karépotan lan ngudi panguripan sadinten-dinten, dipun adhepi kanthi kendel. Sawernining pengalaman bingah-sisah, kadados-aken wewengan kanggé sinau mekaraken dhiri lan brayat, temah dados langkung saé.

Inggih patrap gesang ingkang kadosmekaten punika ingkang ndadosaken Keluarga Cemara mboten kèrem awit terjangan prahara. Malah, langkung hébat malih, punika ndadosaken gesangipun saged menginspirasi masyarakat. Saben dinten, saking brayat punika mili sih lan sawernining wujud kasaénan. Sinten kémawon ingkang pinanggih, rerembagan lan sesambutan kaliyan brayat punika, mesthi ngraosaken sih karesnan lan kasaénanipun.

Inggih mekaten punika, pasarujukaning brayat pranyata wigatos sanget. Pramila, wiwit rumiyin, Kitab Suci nyeksèni kanthi tandhes bab iba wigatosipun brayat-brayat ingkang sami damel pasarujukan. Salah satunggaling contonipun, kapratélakaken déning brayatipun Yusak. Sanadyan brayat punika gesang ing salebeting lingkungan masyarakat ingkang ngalami kécalan ener (*disorientasi*), Yusak wantun damel pasarujukan ngabekti dhumateng Gusti (Yusak 24:14-15).

Lajeng, punapa sejatinipun makna pasarujukan kanggé ngibadah dhumateng Gusti punika? Saged ugi, saben warganing brayat anggènipun nggatosaken kawontenan punika, béda-béda. Awit, bahan pasinaon ingkang dipun gadhahi déning saben warganing brayat, inggih punika pengalaman nyata ing bab bingah-sisah, ugi béda-béda.

Ingkang cetha, tumrap Yusak, pasarujukan kanggé ngibadah dhumateng Gusti dipun raosaken minangka kakendelaning brayat kanggé tetep setya dhumateng Gusti, sanadyan gesangipun kedah '*melawan arus*'. Déné, tumrap Keluarga

Cemara, bab punika dipun raosaken minangka semangat kanggé nyabar kasaénan lan saged nuwuhaken gagasan ingkang saé (*menginspirasi*) tumrap tiyang kathah, sana-dyan gesang ing salebeting karépotan lan winatesing kawontenan.

Nah, tumrap brayat kita, pasarujukan: “Nanging mungguh aku sakulawangsaku iki, aku bakal padha ngabekti marang Pangéran Yéhuwah” punika, punapa maknanipun? Punapa kita nguri-uri kanthi tumemen lan setya, kados-déné brayatiun Yusak, ugi Keluarga Cemara? Amin.***

7. PEPUJÈN

KPJ 69:1,3 ALLAH MAKWASA JUMENENG PAMARTA

Allah Maha kwasa jumeneng Pamarta,
sèstu gung tresnanya, angruwat dosa.
Salir tyang pracaya lamun tansah setya
luwar sing antaka, mlebet mring swarga.

Reff.

Sung sembah puja konjuk Sang Rama,
kang paring nugraha tentrem rahastra.
Sung sembah bekti konjuk mring Gusti,
kang sampun nyawisi kamulyan swargi.

Gusti Mahaagung kang paring pitulung,
nglipur manah sisah mrih datan semplah.
Njangkung kagungannya, temah tansah begja,
gesang mursid yekti dumugèng janji.

Reff.

Sung sembah puja konjuk Sang Rama,
kang paring nugraha tentrem rahastra.
Sung sembah bekti konjuk mring Gusti,
kang sampun nyawisi kamulyan swargi.

8. PANDONGA

9. PEPUJEN

KPJ 69:4 ALLAH MAKWASA JUMENENG PAMARTA

Pangéran murbéngrat nglubèrken sih-rahmat.
mbélani tyang leres saking panindhes.
Nunggil tyang pracaya temahan santosa,
kuwawa ngasorken salir panggodha.

Reff.

Sung sembah puja konjuk Sang Rama,
kang paring nugraha tentrem raha rja.
Sung sembah bekti konjuk mring Gusti,
kang sampun nyawisi kamulyan swargi.

SAP

Pakempalan Pandonga 2

Waosoan:
II Timotius 1:1-7;
I Timotius 4:12

SETYA NGAMBAH
'MARGI LIMRAH'

**1. WEKDAL ENING PRIBADI****2. PEPUJÈN**

KPJ 26. Pinuji Gusti

Pinuji Gusti kang nitahken jagad,
 Siyang ratri tan kendhat ngganjar sih-rahmat.

Refrein:

Haléluya, sagung puji tansah konjuk Gusti.
 Haléluya, sagung bekti mring Ratu swargi.

Pinuji Gusti Sang Jurubasuki,
 Kang ngurbanken sarira nebus manungsa.

Ref:

Pinuji Gusti Allah Sang Roh Suci,
 Kang nuntun ing kraharjan wah kasampurnan.

Ref:

3. PANDONGA**4. PEPUJÈN**

KPJ 205:1-3 SABDÈNG ALLAH MAKARTI

Sabdèng Allah makarti wradin salumah bumi.
 Kita kang tinimbalan tampi kawilujengan.

Sabdèng Allah Hyang Widi ngrimat sagung dumadi,
 nuntun srana nimbali tumrap kang nyimpang margi.

Sabdèng Allah Kang Suci lestari nguwaosi,
 ngantos jagad kang peteng nampi pepadhang langgeng.

5. WAOSAN KITAB SUCI: II Timotius 1: 1-7

NAS: II Timotius 1: 5

“Amarga aku kelingan marang pracayamu kang tulus éklas, yaiku pracaya kang biyèn wis dumunung ana ing embahmu Lois lan ibumu Euniké apa-déné kang manut kayakinanmu uga dumunung ana ing kowé.”

6. RENUNGAN

Setya Ngambah ‘Margi Limrah’

Dolores R. Leckey nyerat buku ingkang nengsemaken. Buku punika kanthi irah-irahan, *Jalan Biasa: Sebuah Spiritualitas Keluarga*. Ing buku punika wonten andharan ingkang mboten saged kasupékaken, mekaten: “Pitembungan ingkang kita ucapaken, mboten saged nélakaken kaleresan ingkang saénipun kados-déné pitembungan ingkang kita wujudaken lantaran pandamel sadinten-dinten ing satengahing brayat.”¹

Inggih mekaten, miturut Leckey, wonten werni kalih cara ingkang biyasa/limrah katempuh ing komunikasi ing antawisipun warganing brayat. Sepisan, komunikasi srana migunakaken pitembungan utawi pocapan. Kaping kalih, komunikasi lantaran pandamel utawi tumindak. Kekalih Cara punika sami wigatosipun lan prelu.

Nanging, ing kanyatan, wonten kalanipun komunikasi lantaran pitembungan mboten migunani babar pisan. Komunikasi saged macet lan buntu. Malah, saged kelampahan komunikasi ingkang mekaten punika malah ngrisak bawaning manah lan sesambutan ing antawisipun warganing brayat. Menawi bab punika kelampahan, komunikasi lantaran pandamel malah langkung dipun betahaken. Komunikai kados mekaten punika malah langkung saged nélakaken kaleresan,

¹ Dolores R. Leckey.1982. *The Ordinary Way: A Family Spirituality*. New York: Crossroad, p 52.

inggih punika nélakaken bab ingkang sajatosipun kepéngin kita andharaken. Kéging punapa? Awit, pocapan kita winates sanget. Déné, wonten kathah pérangan ing gesang ingkang brayat kita mboten saged kaandharaken lantaran pocapan. Sedayanipun namung saged kapratélakaken lantaran pandamel. Utaminipun, ingkang gegayutan kaliyan pengalaman-pengalaman *mendasar manusiaawi*. Inggih punika, pengalaman-pengalaman ingkang gegayutan kaliyan dhimènsi émosi lan batos warganing brayat.

Conto pengalaman *mendasar* kasebat, upaminipun: pengalaman dipun aosi, dipun tresnani, dipun predulèni, dipun gatosaken, dipun sengkuyung, dipun pitulungi. Sedaya wau mboten cucuk menawi namung kita télakaken lantaran pocapan. Punapa-malih, menawi pocapan kita punika mboten kasengkuyung déning pandamel nyata. Wohipun, malah badhé lelawanan (*kontra produktif*), alias ngrisak sesambutan ing salebeting brayat

Srama mekaten, komunikasi lantaran pandamel ingkang saged nélakaken secara wetah manéka warni pengalaman émosi lan batos ing antawisipun warganing brayat. Leckey nyebat komunikasi ingkang kados mekaten punika: ‘margi limrah.’ Masyarakat kita limrahipun nyebat: **patuladhan**. Bab punika wigatos sanget kanggé mbangun gesang ingkang karohanenipun (spiritualitasipun) brayat.

Lajeng, kéging punapa patuladhan punika kasebat ‘margi limrah?’ Amargi, kathah tiyang sajatosipun saged nindakaken. Upaminipun, umumipun tiyang temtu saged nindakaken manéka warni pandamel kanggé nélakaken kawigatosan dhateng warganing brayatipun, dadosa lantaran pandamel ingkang sepélé lan prasaja punapadéné pandamel ingkang mbetahaken pangorbanan. Namung kémawon, prekawisipun, dèrèng temtu sami purun nindakaken. Kamangka, menawi bab punika katindakaken kanthi setya, wohipun saé sanget .

Inggih, wohing ‘margi limrah’ punika, pranyata saé sanget. Simbah putri Lois lan Ibu Éunike sampaun mbuktèkaken. Kekalihipun punika simbah putri lan ibunipun Timotius. Kita mangertos, awit kasetyanipun Lois lan Éunike anggènipur sami ngambah ‘margi limrah’ punika, Timotius mekar dados laré nèm ingkang saged dipun andelaken (I Timotius 1:5). Selajengipun, sujarah kekristenan nyathet bilih Timotius dados réncang nyambut damelipun Paulus ingkang tanggon. Piyambakipun tumut tumandang damel ing pamartosing Injil dhateng tlatah Phrygia, Galatia, Mysia, Troas, Filipi, Véria, lan Korintus.

Temtu kémawon, ‘margi limrah’ punika sajatosipun mboten namung dipun uri-uri kanthi setya déning mbah putri Lois lan Ibu Éunike. Minangka nem-neman, Timotius ugi ngambah ‘margi limrah’ punika kanthi setya. Inggih awit saking punika mbah putri Lois lan Ibu Éunike tansah nggadhahi greget, awit mongkog ningali gesangipun Timotius, putu lan anakipun.

Dados, ‘margi limrah’ punika mboten namung prelu lan wigatos kanggé tiyang sepuh. Nem-neman sampaun samesthinipun wantun sinau ngambah margi punika. Kados ngandikanipun Rasul Paulus, “*Aja nganti ana wong kang nyepèlèkaké kowé, marga kowé isih enom. Kowé dadia tuladha tumrap para wong kang pracaya ing bab tembung-tembungmu, tindak-tandukmu, katresnanmu, kasetyanmu tuwin ing bab kasucènmu.*” (I Timotius 4: 12). Temah, sedaya warganing brayat kita mesthinipun ugi sinau setya ngambah ‘margi limrah’, kados-dènè brayatipun simbah putri Lois, Ibu Éunike, lan Timotèus, Amin.***

7. PEPUJÈN

KPJ 326:1-2. PUNIKA BRAYAT KULA

Punika brayat kula, brayat tentrem kang ngangeni.
Sinten dados tanggelan? Naming Pangéran pribadi.

Refrein:

Saiba prayoganya, lamun Gusti kamg rumeksa,
temah tanpa rubéda, sagotrah manggih raharja

Saiba éndahira, tyang sepuh dadya tuladha.
sagunging para putra sami nulad pakartinya.

Refrein:

8. PANDONGA

9. PEPUJÈN

KPJ 326:3-4. PUNIKA BRAYAT KULA

Nalika nandhang sisah, kula sadaya ndedonga,
kala ngraosken bingah, saos sokur kang sumengka. *Refrain:*

sagriya angudia dadya brayat kang rumantya,
ngantos dados panutan tumraping brayat sembada. *Refrain:*

SAP-WMS

Pakempalan Pandonga 3

Waosan:

Lukas 10: 39b-40a

**NGURI-URI PUNAPA
INGKANG AOS ING
BRAYAT**

**1. WEKDAL ENING PRIBADI****2. PEPUJÈN**

KPJ 194: 1-2 KITAB SUCI KANG ADI

Kitab Suci kang adi, sabdéng Gusti sejati
 èndah saklangkung éndah nugraha saking Allah,
 nugraha saking Allah.

Lembar sabda Paduka nuntun gesang kawula
 Dadya pedhang menjila* tamèng saking bebaya,
 tamèng saking bebaya.

3. PANDONGA**4. PEPUJÈN**

PKJ 194:3-4 KITAB SUCI KANG ADI

Sabda lan Roh sung nglipur nuwuhken raos sokur.
 Jinugarken kang nglawan dadya pangéwan-éwan,
 dadyta pangéwan-éwan.

Kitab Suci kang adi, sabdèng Gusti sejati
 Ngreksa wiwit cilikku ngedohken siksa pati,
 ngedohken siksa pati.

5. WAOSAN KITAB SUCI: Lukas 10: 38-42

NAS: Lukas 10: 39b-40a

“...Maryam iku lingih cedhak ing sampéyané Gusti lan
 tansah ngrungokaké pangandikané, déné Marta ribut
 banget anggoné leladi ...”

6. RENUNGAN

Nguri-Uri Punapa Ingkang Aos Ing Brayat

“Keluarga: Bahtera yang Sudah Karam.” Mekaten irah-irahan utami ing kaca ngajeng satunggaling édhisi kalawarti kawentar. Lajeng, ing sanggingiling irah-irahan punika wonten gambar baita Titanic ageng ingkang wiwit kèrem ing samodra. Ilustrasi punika, secara imajinatif kepéngin nandhesaken bilih samangké gesang bebrayatan nembe ngalami tantangan awrat. Menawi brayat punika mboten ndandosi dhiri, mesthi badhé kèrem.

Kanyatan pancèn nélakaken, iba kathahipun baitaning bebrayatan ingkang kèrem. Dadosa baita ageng, baita ingkang sedhengan, punapadéné baita alit. Mekaten ugi, baita ingkang sampun nggadhahi pengalaman lelayaran mataun-taun lan baita ingkang nembe lelayaran sawetawis dinten. Brayat-brayat punika “dumadakan” kèrem amargi katempuh ing ombak lan prahara.

Kénging punapa baitaning bebrayatan kaancam kèrem? Ing bab punika wonten analisis kathah ingkang sampun kaandharaken déning para winasis. Mekaten ugi, wonten faktor kathah ingkang kadugi lan kaanggep dados jalaranipun. Faktor-faktor punika saged dhateng saking sajawining baitaning brayat, ugi saged saking salebeting brayat, ugi saged kombinasi/campuran kekalihipun. Ringkesipun, menawi kapilah-pilah, pranyata jalaranipun mboten prasaja.

Ananging, menawi dipun taliti langkung satiti lajeng kadamel prasaja, pusering prekawisipun punika ing **bab sesambutan**. Persisipun, sesambutan ing antawisipun warganeting brayat ingkang dados renggang awit mawarni-warni wewaton/alesan. Inggih punika sesambutan ing antawisipun garwa, sesambutan ing antawisipun tiyang sepuh lan putra, punapadéné sesambutan ing antawisipun para putra. Inggih ing bab sesambutan punika ingkang nemtokaken punapa baitaning

brayat badhé tetep sagah lelayaran, utawi montang-manting utawi malah kèrem.

Pramila, kasagedan mengertosi, ngrimat, lan mekaraken sesambutan ing antawisipun warganeting brayat, mujudaken bab ingkang **wigatos sanget**. Punapa-malih, sesambutan punika mboten statis, ananging dhinamis. Sesambutan ngalami mulur-mungkret (*pasang surut*) manut dhatengipun angin semilir, ombak, punapadéné praharaning gesang ingkang tuwuh silih gumantos ing sauruting lumampahing baitaning brayat. Pramila, saben warganeting brayat mesthi siyaga urun rembag lan karya kanggé mesthèkaken bilih sesambutan ing antawisipun warganeting brayat wonten ing kawontenan saé, malah sangsaya wewah.

Urun rembag lan karya (*Kontribusi*) kasebat, utaminipun prelu kawujudaken lantaran anggènipun sami sumadhiya nguri-uri punapa ingkang aos (*nilai-nilai*) ing brayat. Amargi, punapa ingkang aos ing brayat mujudaken landhesan tumrap mawujudipun sesambutan ingkang prayogi ing antawisipun warganeting brayat. Punapa ingkang aos ing brayat punika inggih bab-bab ingkang saèstu kaanggep migunani lan wonten aosisipun (saé, leres, lan sapatutipun), ingkang dipunraosi punapa mboten dados rujukan warganeting brayat ing salebetung nanggapi lan nélakaken solah tingkahipun.

Ingkang dados prekawis, wonten kalanipun ing antawisipun warganeting brayat nggadhahi wawasan ingkang béda-béda ing bab punapa ingkang kaanggep aos punika. Punapa ingkang béda punika saged nuwuhausen pikiran lan manah ingkang mantheng/kenceng (*tegang*). Conto, kados ingkang kedadosan ing brayatipun Maria lan Marta (Lukas 10: 38-42). Nalika semanten, Gusti Yésus sesarengan kaliyan para sekabat lenggah ing griyanipun. Maria nuli linggih ing sacelaking sampéyanipun Gusti Yésus lan mirengenaken pangandikanipun. Déné, Marta repot sanget ngladosi para tamu.

Pilihan tumindak ingkang bédha ing antawisipun Maria lan Marta punika, pranyata ndadosaken samidéné anggènipun kenceng/mantheng. Amargi, miturut Marta, langkung aos ngladosi para tamu tinimbang linggih mirengaken pangandikanipun Gusti Yésus. Déné miturut Maria, malah kosok-wangsulipun: langkung aos mirengaken pangandikanipun Gusti Yésus tinimbang repot ngladosi para tamu.

Ingkang narik kawigatosan, sanadyan samidéné manthe-nipun, salajengipun mboten sami meksakaken pikajengnipun. Nanging samidéné sumadhiyo wawan rembag lan ngandharaken prekawisipun dhumateng Gusti Yésus. Langkung saking punika, sami sumadhiyo mbika manah kanggé mirengaken lan ngandhemé pitedahipun Gusti Yésus. Mila, konflik lan manthenging pikir lan manah ingkang tuwuhan antawisipun Maria lan Marta, wusananiipun lajeng kirang, luruh dan sirna. Kekalihipun sami manggihaken tentreming manah. Wusananiipun, brayatipun katunggilaken malih déning Gusti Yésus.

Satléraman, cariosipun Maria lan Marta ketingal prasaja, nanging ngemu piwulang ingkang aos ing bab pangupadi nguri-uri punapa ingkang aos ing salebetting brayat. *Kapisan*, bilih nguri-uri punapa ingkang aos ing salebetting brayat ateges ngrimati lan nrembakaaken sesambetan ing antawisipun warganeting brayat. *Kaping kalih*, wonten kalanipun pangupadi punika kawarna déning konflik dredah sarta manthenging pikir lan manah. Punika limrah, mboten prelu dipun tanggapí secara linangkung. *Selow...criosipun* génerasi milenial. *Kaping tiga*, péhak ingkang sami mantheng mesthi sinau mbuka manah, sowan dhumateng Gusti Yésus kanggé nyuwun padhanging manah saha pitedah/*inspirasi*.

Menawi punika kita uri-uri, temtu punapa ingkang aos (*nilai-nilai*) ing salebetting brayat badhé katètèr lan sangsaya mateng. Rèlasi ing antawisipun warganeting brayat ugi sangsaya kekah. Punika ateges baitaning brayat langkung siyaga kanggé nglajengaken lelayaranipun mlampah ing samodraning

gesang, amargi Gusti Yésus saèstu dipun raos-raosaken minangka juru-mudhining baitaning brayat kita, Amin.***

7. PEPUJÈN

PKJ 316:1-2 BRAYAT KANG TINANGSULAN ING TRESNA

Brayat kang tinangsulan ing tresna,
tetales pitados mring Gusti,
mesthi ayem tentrem lan raharja,
atut rukun wah lestari
silih asah lan asih, silih asuh tan pamrih,
temah adeging brayat puniki,
nengsemken mring sesami.

Brayat kan tresnanira sejati,
kados sihé Sang Kristus Gusti.
Lung-tinulung silih angladosi,
tan nguja karsèng pribadi.
Yèn bebaya anrajang, linawan sesarengan,
temah adeging brayat puniki,
nengsemken mring sesami.

8. PANDONGA

9. PEPUJÈN

PKJ 316:3-4 BRAYAT KANG TINANGSULAN ING TRESNA

Brayat kang mbangun turut mring Gusti,
tegen ndedonga lan ngabekti,
kaos lan rumaos nampi berkah,
jroning bingah dalah sisah;
gesangnya kagem Allah blaba bërbudi tansah
temah adeging brayat puniki, nengsemken mring sesami.

Brayat ingkang satuhu sembada,
temtu datan anguciwani,
kalamun pinaringan momongan,
pinerdi bekti mring Gusti,
mrih setya lembah ati, blaba gemi-nastiti,

temah adeging brayat puniki,
nengsemken mring sesami

SAP-WMS

Pakempalan Pandonga 4

Waosan:
Pangandharing Toret
6:5-7

**“PANGGULAWENTHAH
 KANTHI KATRESNAN”**



1. WEKDAL ENING

2. PAMUJI

KPJ 59: 1,2,3 “Pinujia Tansah Allah Mamirah”
 Pinujia tansah Allah mamirah,
 kang gung tresnanira mring salir titah
 Tyang dosa duraka sinung apura,
 tinebus sing pati temah basuki.

Refrain:

*Luhurna, mulyakna Gusti Sang Pamarta
 luhurna, mulyakna pangruwating dosa.
 Pasrah maring Allah srana pracaya
 margining waluya tentrem raharja.*

Pinuji slaminya Allah Matresna,
 kang ngegungken sabar mring tyang kang nasar.
 Nuntun mring pitobat srana sih rahmat,
 mrih tyang mursid yekti sinung Roh Suci.

Refr.:

Pinuji tan kendhat Allah Murbèngrat,
 kang nunggil wah ngreksa mring kagungannya
 Tyang bekti lan setya sinung nugraha,
 gesang langgeng nyata nèng kraton swarga.

Refr.:

3. PANDONGA

4. PAMUJI

KPJ 321:1,2,4 “Kulawarga Kang Rahayu”

Kulawarga kang rahayu,
lamun Gusti angayomi
Srana tresna *kang satuhu*,
tansah nuntun wah nganthy.

Refrein:

*Matur nuwun konjuk mring Gusti,
dé karsa nuntun salaminya
Sakathahing urmat wah pamuji
tansah sumengka ing ngarsanya.*

Anèng donya kèh dalannya,
endi kang bakal ingambah.
Dalan bener mung sajuga,
yèku margining Allah,

Refr..:

Dhuh Roh suci mugi rawuh,
angebèki tyas kawula,
Amrih kula tansah tangguh
mujudaken sih- tresna.

Refr..:

5. WAOSAN KITAB-SUCI: Pangandharing Toret 6: 5-7

6. RENUNGAN :

Panggulawenthah Kanthi Katresnan

Carios punika dipun cuplik saking buku alit ingkang ngandharaken bab kadospundi sesambutan katresnan ing brayat punika dados pirantos ingkang njalari tuwuwing daya samidéné mbiyantoni antawisipun setunggal lan satunggalipun (*sarana saling menumbuhkan*). Makaten bëbëring carios: Ngajengaken wancinipun Riyaya Natal, wonten satunggalipun bapak ingkang tumbas sawetawis gulungan

kertas-kertas kadho. Anakipun nami Putri ingkang mila taksih alit, ugi nyuwun lembaran kertas kadho wau. “Kanggo apa cah ayu?” pitakèning bapakipun. “Kanggo mbungkus kadho, aku arep kirim kadho,” makaten atur wangsumanipun Putri. “Aja dicèh-cèh lho ya”, welingipun bapak wau kaliyan ngulungaken kertas kadho setunggal lembar dhateng Putri. Pas dumugi wancinipun Riyaya Natal, wekdalipun taksih énjing sanget, laré alit punika sampun nggigah bapakipun: “Pak .. bapak ... iki lho hadhiah kadho kanggo bapak!” Bapakipun taksih aras-arasen, taksih mbliyut kraos awrat ngelèkaken mripatipun, wangsumanipun: “mBok wis mengko waé ta ndhuk!” Ananging larénipun ingkang mila taksih alit punika malah sangsaya ngangseg, pantang nyerah, “Pak .. bapak .. tangi ta pak ... wis siang,” wicantenipun laré alit wau. “Ach kowé ki priyé ta, lha wong isih ésuk ngéné kok wis nggugah bapak”. Bapakipun kepeksa tangi, lan ugi lajeng sumerep bungkusian hadhiah wau mawi kertas kadho ingkang naté dipun sukakaken dhateng anakipun. “Hadhiah apa iki?”. “Hadhiah Natal kanggo bapak, dibukak saiki waé ta pak ...!!”

Kanthi radi taksih ngantuk, bapakipun mbikak kadho Natal. Anamung sasampunipun dipun bikak prnyata nglebetipun namung kothak kosong kémawon. “Ach ... piyé ta iki, lha kok kothaké kosong? Kowé rak mung ngecèh-cèh kertas kadhoné bapak waé ndhuk. Rak ya éman-éman, mung mbuwang-buwang kertas regané larang!” Laré alit wau sumaur: “Ora kosong lho pak, kothak kuwi mau wis tak isèni *sun-sayangku* sing akèh banget kanggo bapak!”. Bapakipun rumaos trenyuh manahipun, anakipun dipun bopong, dipun rangkul lan dipun arasi. “nDhuk, Putri anakku. Bapak durung naté éntuk hadhiah sing éndah kaya ngéné iki. Bapak bakal tansah nyimpen kothak iki. Kothak iki arep tak gawa nèng kantor, supaya menawa bapak kangen Putri, bisa nyawang kothak iki. Lan manawa isiné kosong, mengko diisèni *sun-sayangmu* manèh ya ndhuk ...”²

² Yeremia Bala Pito, MSF, Keluarga Kristiani, Yogyakarta, Kanisius, hlm. 27-28.

Saking carios kasebat kita kasumerepaken bilih swasananing brayat punika nggadhahi daya pengaruh ingkang ageng dhateng tuwuh ngrambakaning kapribadènipun tetiyang. Panggulawnthah ingkang ngrembakaaken gesangkapribadèn, prayoginipun kedah jangkep wetah. Ananging émanipun kathah tiyang-sepuh ingkang asring kagungan pamanggih bilih ingkang kedah dipun tengenaken punika namung babagan pertumbuhan koqnitip utawi intelektual. Menapa ingkang kedadosan menawi ingkang pikantuk kawigatosan namung babagan intelektual kémawon? Sampun tamtu perkembangan kapribadènipun badhé lumampah pincang. Lajeng kados pundi supados gesangkapribadèn saged ngrembaka kanthi jangkep lan wetah? Wetahing pengrmbakaning kapribadèn punika kawiwitinan saking wontenipun pangaribawa saking panggulawenthah ingkang kadhasaran katresnan. Nindakaken panggulawenthah ing brayat kanthi dhasar katresnan, njalari sawenèhing tetiyang sadhar ing pundi mapaning dhirinipun: Sinten dhirinipun wonten ing ngarsanipun Gustinipun, wonten ing sangajenging sesaminipun, lingkunganipun sarta miturut dhirinipun piyambak.

Alantaran pitedah ingkang kawucalaken kanggé tiyang-tiyang Israèl, Nabi Musa martosaken supados samia gesang wonten salebetting katresnan. Nabi Musa memucal, “Tresnaa marang Pangéran, Allahmu kalawan gumolonging atimu, kalawan gumolonging nyawamu lan kalawan sakatoging kekuatanmu”. Nresnani Gustinipun kanthi gumolong, punika mujudaken satunggaling patrap nresnani gesang, sebab gesang punika pinangkanipun saking Gusti. Kanthi nresnani gesang, ateges sedayanipun kedah dipun lampahi kanthi ancas kadospundi nglestantunaken grengsenging gesang. Wonten ing swasana ingkang kados makaten, bab panggulawenthahing brayat kanthi katresnan badhé kababar. Supados gesang kanthi katresnan wau saged saèstu kababar ing brayat, saben tiyang-sepuh anampèni kuwajiban lan tanggel-jawab mulangaken dhateng anak-anakipun ing saben wekdal. Inggih punika kanthi wongsal-wangsul dipun

dadosaken pirembagan, dadosa ing nalikanipun sesarengan jejagongan, nalikanipun kekésahan, ugi ing wancinipun sesarengan ngaso. Liripun, tetembungan wau nggamaraken bilih bab punika kedah dipun gatosaken ing sadhéngah wekdal, papan lan kawontenan supados sedaya punika saged dipun mangertosi lan katindakaken sedaya laré-laré minangka generasi candakipun. Sampun tamtu wigatos sanget bab tuladha saking saben tiyang sepuh anggènipun nindakaken katresnan ing gesangng brayatipun kasebat dados bab ingkang wigatos sanget.

Panggulawenthahing brayat ingkang kanthi katresnan mujud-aken proses ingkang panjang lan kelampahipun teras kemawon cundhuk kaliyan kawontenaning brayat. Satung-galing prekawis ingkang wigati lan kedah dipun pahami saben warganing brayat inggih punika bilih daya-kakiyatanning katresnan punika mboten badhé lapuk lekang déning mangsa tuwin éwah-éwahaning kawontenan jaman ingkang dhinamis. Pramila, brayat Kristen kaatag sami tetep nengenaken ngambah margining katresnan, mbudidaya nindakaken panggulawenthah kanthi katresnan wonten ing brayat.

7. PANDONGA

8. PAMUJI

KPJ 316:1-3 “Brayat kang tinangsulan ing tresna”

*Brayat kang tinangsulan ing tresna,
tetales pitados mring Gusti,
Mesthi ayem tentrem lan raharja,
atut rukun wah lestari
Silih asah lan asih, silih asuh tan pamrih
Temah adeging brayat puniki,
nengsemken mring sesami.*

*Brayat kang tresnanira sejati,
kados sihé Sang Kristus Gusti
Lung-tinulung sih angladosi,*

*tan nguja karsèng pribadi
Yèn bebaya anrajang, linawan sesareangan,
Temah adeging brayat puniki,
nengsemaken sesami.*

*Brayat kang mbangun turut mring Gusti,
tegen ndedonga lan ngabekti
Kraos lan rumaos nampi berkah,
jroning bingah dalah susah
Gesangnya kagem Allah, blaba berbudi tansah
Temah adeging brayat puniki,
nengsemaken sesami*

-SPA

Pakempalan Pandonga 5

Waosan: Filipi 1: 27-30

**BRAYAT LAN
GEGULETANING GESANG****1. WEKDAL ENING****2. PAMUJI**

KPJ 31: 1,2 Swawi Pra Suci Nyawiji
 Swawi pra suci nyawiji tunggal ati
 Sami ngabekti memuji mring Gusti
 Ajrih, sumelang, sedhih lan kasangsaran
 Ginantos kabegjan sihing Pangéran.

Tansah ngidunga anggunggung kang murbèngrat
 Ngétang mukjijat lan gunging sih-rahmat
 Lubèring berkah sing swargi tansah tumrah
 Nyantosakken manah, nyirnakken semplah.

3. PANDONGA**4. PAMUJI**

KPJ 439: 1,4 Ing Jagad Kang Peteng
 Ing jagad kang peteng krana dosa,
 kathah tyang kang nggresula,
 karana panandhang,
 samya nggresah miwah semplah ing manah.

Refr. :

Sumangga Gusti ngagem kawula,
 mrih ngèngetna para kanca
 sengkut makarya nglawan godha,
 dadosa berkah tumrap tyang kathah.

Angundhangna sih-rahmaté Gusti
 kanthi setya nglampahi.

Margining luwar saking sangsara,
 temah samya raharja!

Refr. :

5. WAOSAN KITAB SUCI Filipi 1: 27-30

6. RENUNGAN

“Brayat lan Geguletaning Gesang”

Satunggaling wekdal nalika jam pelajaran Pendidikan Agama Kristen ing tataran SMA, wonten satunggal murid ingkang mboten mlebet. Mila Guru Agama pitakèn dhateng murid sanèsipun, mbok menawi wonten ingkang mangertos alasnipun. Tumunten wonten ingkang nyariosaken katrangan bilih anggènipun boten mlebet sekolah punika awit ing dinten punika kedah tumut ndhatengi sidang pegatan bapak-ibunipun ing pengadilan, supados énggal wonten karampunganing putusan pengadilan.

Ingkang dados geguletaning manah infkang wigatos ing kedadosan punika; Menapa laré kasebat kedah dipun gandhengaken wonten ing prekawising bapak ibunipun? Menapa saèstunipun laré kasebat malah dados korban prekawising tiyang sepuhipun? Carios ing nginggil kasebat mujudaken conto gegambaran salah satunggalipun foto geguletaning brayat Kristen ingkang saged kita prangguli ing jaman samangké.

Brayat Kristen ing jaman samangké mila ngadhepi manéka-warni prekawis minangka pergumulaning gesang bebrayatan. Wonten ingkang ngadhepi ribeting prekawis awit kawontenan anakipun kacebur ing pasrawungan bébas. Wonten ingkang nandhang sisah panggrantesing batin ingkang sakelangkung awrat awit relasi pasedhèrèkan kakang-adhi ingkang kawawas mboten limrah. Makaten ugi wonten ingkang kanthi ngetog sawetahing kakiyatán nembé mbudidaya njejegaken gesang bebrayatipun. Wonten ugi ingkang ngraosaken gesang kijènan ing nalikanipun nanggulangi awrating pergumulan ing brayat.

Lajeng pitakènanipun, ing satengah-tengahing geguletaning gesang ingkang kathah punika, wonten ing pundi adeg kita? Kula lan panjenengan mbokbilih mapan wonten ing satengahing pergumulan kasebat awit kita kalebet péraning warganing brayat ingkang nggadhahi prekawis kasebat. Pramila kita mbokbilih lajeng gadhah pamanggih: “Brayatku dhéwé waé butuh kawigatèn mirungan, lha kok malah isih kadhuwan murih awèh kawigatèn kanggo pergumulané brayat liya uga!”

Pergumulan gesang ingkang kedadosan wonten ing satengahing brayat inti, punika asring awit wonten pangaribawa saking kawontenan brayat ageng. Menapa kita taksih rumaos tetep mboten perlu tumut migatosaken dhateng kawontenaning brayat sanès ingkang nembé ngadhepi panandhangipun?

Kita saged methik piwucal saking kawontenanipun Rasul Paulus, ingkang ing nalika samanten Rasul Paulus wonten ing salebetung pergumulan ingkang tumempuh ing gesangipun. Panjenenganipun nembé wonten ing salebetung pakunjaran, lan nalika samanten Rasul Paulus ugi wonten salebetung pergumulan anggènipun ngadhepi panandhanging sesakit ingkang nempuh ing raganipun. Ananging menapa panjenenganipun namung mandheg dumugi migatosaken dhiri pribadinipun piyambak? mBoten! sanadyan Rasul Paulus nalika semanten nggadhahi pergumulan piyambak, nanging ugi taksih mbudidaya paring kakiyataning panglipur lan wewarah lumantar serat-serat ingkang kakintun kanggé pasamuwan. Rasul Paulus kuwagang ngadhepi sedaya kasebat awit kagungan panganggep bilih punika ndhèrèk panandhanging Sang Kristus. Kamangka panandhangipun Sang Kristus punika mesthi langkung awrat tinimbang panandhangipun, lah punika ingkang ngiyataken kapitadosanipun Rasul Paulus. Makaten ugi katresnaning Allah ugi mesthi badhé tansah kaparingaken lan ngiyataken.

Rasul Paulus paring pémut dhateng pasamuwan Filipi supados tetep sami mantep tunggal roh lan saiweg mbudidaya

kanthi sakatogipun gesang sami sarujuk, tunggal katesnan, tunggal budi, tunggal sedya minangka péranganing brayatipun Allah. Pramila saking punika, jalaran kita sedaya sampun nampèni kanugrahan kaanggep minangka péranganing brayatipun Allah, mila sampun trep menawi katimbalan samidéné migatosaken dhateng setunggal lan setunggalipun. mBoten nilaraken Sadhèrèk ingkang nembé nandhang karibedan pergumulanipun, temah sami mboten rumaos kijènan. Srana makaten, ing nalikanipun kita ngalami pergumulan, kita mboten lajeng kèndel migatosaken pergumulaning sesami kita: ing antawisipun pribadi, ing antawisipun brayat, mekaten ugi bab kesehatan saged samidéné tulung-tinulung ing bot-répot ingkang sinandhang. Menapa kita ugi badhé sami sagah nindakaken bab kasebat? Mugi Gusti nyagedaken kita, Amin.

7. PANDONGA SYAFAAT

8. PAMUJI

KPJ 329 Saiba Gunging Nikmatnya

Saiba gunging nikmatnya,
lamun sadhèrèk sagriya
sami rukun ing pitepangan.
Pundi dununging katesnan
mesthi tansah kadhwahan
berkahing Allah lan kraharjan.
Kanggénan Allah pribadya,
miwah gesang salaminya!

9. PANDONGA PANUTUP

JR-SPA

Pakempalan Pandonga 6

Waosan: Ibrani 10: 23-

**“BRAYAT LAN
PANGAJENG-AJENG”****1. WEKDAL ENING****2. PAMUJI**

KPJ 176: 1,2,3 Padha Saosa Puji Sokur

Padha saosa puji sokur, marang Allah kang Maha luhur
 Wulang bab asmané suci, dèn gelarna anèng bumi
 Pangwasané dèn suwurna, anèng tengahé pra bangsa.

Padha saosana pamuji, klawan masmur lan kidung suci
 Mukijitaté caritakna marang sakèhing manungsa
 Padha luhurna asmanya klawan panabuhing gangsa.

Abungaha wong kang ngupaya pangayunané Kang Makwasa
 Padha anitik-nitika, mungguh kwasané Pangéran
 Ngupaya wedanané, élinga mring mukijitaté.

3. PANDONGA**4. PAMUJI**

KPJ 74: 1, 3 Gusti Mugi Nunggila
 Gusti mugi nunggila mring kula
 yèn ta kesaput petenging ratri.
 Namung Paduka kang mitulungi,
 Sumangga, Gusti nunggil mring kula!

Saèstu Gusti dados peparang,
 pikekah jroning gung karibedan.
 tamèng prahara anèng samodra;
 wit Gusti tansah nunggil mring kula!

5. WAOSAN KITAB SUCI: Ibrani 10: 23-24

6. RENUNGAN

“Brayat lan Pangajeng-ajeng”

Wonten sawetawis pitakènan ingkang makaten:

- Menapa ingkang saged kita ajeng-ajeng saking brayat kita?
- Menapa taksih wonten pangajeng-ajeng ing brayat kita?

Pitakènan kasebat mbokbilih asring kita prangguli. Lan menawi kita gatosaken, pitakènan wau adhakanipun tuwuh ing nalikanipun brayat wonten ing salebetung swasana semplah awit mboten kuwagang ngadhepi bot-répot ruwet-rentenging brayat ingkang sakelangkung awrat.

mBoten kuwagangipun ngadhepi prekawis makaten, mila asring njalari gampil semplah ngadhepi kanyatan tantanganing gesang. mBoten sakedhik nuwuhaken “rujak-sentul”, sapéranganing brayat ngener “mengalèr”, sapérangan satunggalipun ngener “mangidul”. Pramila nalika sesambutan/rerembagan inggih asring mboten saged sami nyambung, lan kepara malah gampil klèntu paham. Kamangka klèntu paham sakedhik kémawon, asring nuwuhaken regejegan ingkang sangsaya ndadra lan hébat. Menawi sampun kados makaten gampil tuwuh pemanggih: apa sing bisa dak arep-arep manèh? Pramila lajeng gampil nuwuhaken raos mangu-mangu, ajrih lan awang-awangen badhé ndandosi swasana makaten.

Janji-suci kasetyan ing neningkahan ingkang naté kaucapaken bilih badhé gesang nyawiji, ing salebetung bingah menapa déné sisah, lajeng gampil dipun blénjani. Swasana semplah lan raos pamangu-mangu pancèn asring ngrisak kakendelan kanggé ngugemi janji-setyanipun. Ananging sejatosipun, menawi saged nglengganani karingkihan kita ingkang kados makaten, sayektinipun kita sami kaosikaken bilih taksih wonten pangajeng-ajeng sejati, ingkang njalari kita sangsaya

suméndhé dhateng prasetyanipun Allah kanggé para tiyang pitados.

Sabdanipun Gusti wekdal punika, paring pémut supados kita wangsul malih lan tetep mantep dhateng pangajeng-ajeng ingkang sampun kita andhemi, awit kita pitados bilih Gusti Allah netepi Prasetyanipun. Pengajeng-ajeng punika kaparingaken dhateng kita sarta kadhwuhaken murih kenceng kita andhemi, tansah kita cepengi lan mboten dipun culaken. Kanthi ngandhemi dhateng pangajeng-ajeng kasebat, kita sami ngeneraken pangajeng-ajeng dhateng Allah, sanès dhateng kakiyatanning kamanungsan kita. Manah lan nalar budi kita badhé nuju dhateng prasetyanipun Gusti. Gusti paring prasetya bilih tansah migatosaken, paring pitulungan, lan ngiyataken umatipun ingkang dipun kasihi.

Kadospundi caranipun ngandhemi lan ngugemi pangajeng-ajeng saha prasetya wau? Kawigatosan lan sih-katresnan punika mujudaken kabetahan saben tiyang. Gesangging tiyang pitados punika mboten namung kanggé kawigatosan dhirinipun piyambak, ananging ugi kanggé kawigatosanipun ngasanès. Pramila sikap gesangipun tiyang pitados punika katimbalan kedah nyunaraken sih-katresnanipun Sang Kristus. Anggènipun sami gatos- ginatosaken ing antawisipun setunggal lan setunggalipun sarta anggènipun nélakaken pandamel-saé ing gesangipun, ugi kedah saged nyrambahai dumugi gesangging sesami.

Kanggé nyepengi kanthi bakuh dhateng prasetyanipun Gusti, mbetahaken kakendelan lan kanthi gumolonging manah. Tékad ingkang kiyat badhé saya ngrembakakaken kencenging greget kanggé ngugemi janji kasetyaning neningkahan ingkang sampun kaucapaken. Kakendelan kanggé pulihipun swasananing brayat, kedah tansah dados pambudidayanipun saben warganeting brayat sesarengan. Wonten ing pambudidaya ingkang kanthi sesarengan punika saben warganeting brayat tinimbalan samidéné nggatosaken setunggal lan satunggalipun, supados sami atag-ingatag ing katresnan lan ing

pandamel utami, ngantos saking sedaya sami ngalami indak-indakan ingkang saé. Menawi ing satengahing brayat wonten sikep-sikep kados makaten, mila swasananing gesang sesarengan ing salebeting brayat badhé karaos ngresepaken lan ngangeni, kepéngin tansah pinanggih tuwin nglempak. Srana makaten pangajeng-ajenging pulihing kawontenaning brayat badhé tansah kabangun subur.

7. PANDONGA SYAFAAT

8. PAMUJI

KPJ 74:1,2 **“Gusti mugi nunggila”**

Gusti mugi nunggila mring kula,
Yèn ta kesaput pepetenging ratri
Namung Paduka kang mitulungi!
Sumangga Gusti nunggil mring kula!

Ewah gingsir sabarang nèng donya,
Datan langgeng ing kaananira
Nging iman kula panggah santosa
Wit Paduka tansah nunggil kula

9. PANDONGA PANUTUP

JR-SPA